**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**TARİYX HA’M HUQIQ FAKULTETİ**

**«MİLLİY İDEYA, MA’NAWİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ» KAFEDRASI**

**5141500-MİLLİY İDEYA, MA’NAWİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ QA’NİYGELİGİNİN’ 4-KURS PİTKERİWSHİ STUDENTİ**
**Da’nibekova Ulmekennin’**
**«Ha’zirgi da’wir rawajlanıwı, globallasıw protsessleri ha’m ma’nawiy topılıslar» temasi boyinsha**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**İlimiy basshısı:** **Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent J.Sag’ındıkov**

**Kafedra baslıg’ı:** **Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent A.Bayrıeva**

**NO’KİS-2012**

## MAZMUNI

**Kirisiw**

**I BAP. Bu'gingi du'nyanın' rawajlanıwı, ideologiyalıq protsessleri ha'm ma'nawiy turmıs.**

§1. Ja'miyetlik rawajlanıw ha'm ideyalıq, ideologiyalıq protsessler.

§2. Bu'gingi du'nya rawajlanıwı ha'm globallasıw protsesslerinde milliy ideyanın' a'hmiyeti.

§3. İdeologiyalıq protsessler, milliy ideya ha'm ma'nawiy turmıs.

**II BAP. Ha'zirgi da'wir: globallasıw protsessleri ha'm ma'nawiy topılıslar.**

§1. Globallasıw ha'm milliy ma'nawiyat.

§2. Ma'nawiyat ha'm ja'miyettin' jan'alanawı protsessleri.

§3. Globallasıw protsessleri ha'm ma'nawiy topılıslar.

**Juwmaqlaw.**

Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimi.

# KİRİSİW

Ha’zirgi da’wirde biz xalqımız o’z aldına iygilikli ha’m ullı maqsetler qoyıp, paraxat – tınısh turmıs keshirip, en’ daslep o’zinin’ ku’shi ha’m imkaniyatlarına tayanıp, demokratiyalıq ma’mleket ha’m puqaralıq ja’miyetin qurıw jolında u’lken na’tiyjelerdi qolg’a kirgizip atırg’an bir zamanda jasap atırmız.

Biz o’z ta’g’dirimizdi o’z qolımızg’a alıp, a’zeliy qa’diriyatlarımızg’a su’yenip, sonın’ menen birge, rawajlang’an ma’mleketler ta’jiriybesin esapqa alg’an halda, mine usınday jaqsı niyet umtılıslar menen jasap atırg’anımız, xalqımızdın’ a’sirler dawamında arzıw-a’rman etip ku’tken azat, erkin ha’m pa’rawan turmıstı qurıp atırg’anımız, bul jolda erisip atırg’an jetiskenliklerimizdi xalıqaralıq ja’miyetshilik tan’lag’anı – bunday imkaniyatlardın’ ba’rshesin tek g’ana g’a’rezsizlik bergenin bu’gin ha’mmemiz teren’ an’laymız.

A’ne usı shınlıqtı xalqımız ha’r ta’repleme tuwrı tu’sinip, tan’lag’an rawajlanıw jolımızda sanalı tu’rde qabıl etkeni ha’m qollap-quwatlap atırg’anı aldımızg’a qoyg’an maqsetlerge erisiwdin’ negizgi tiykarı ha’m girewi ekenligin turmıstın’ o’zi tastıyıqlap ko’rsetpekte. O’zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimov sonday degen edi: “Biz xalqımızdın’ du’nyada hesh kimnen kem bolmawı, perzentlerimizdin’ bizden de ko’re ku’shli, bilimli, dana ha’m a’lbette, baxıtlı bolıp jasawı ushın bar ku’sh ha’m imkaniyatlarımızdı bag’darlap atırg’an ekenbiz, bul boyınsha ruwxıy ta’rbiya ma’selesi, hesh shubxasız, ten’i joq a’hmiyetke iye boladı. Eger biz bul ma’selede sergeklik ha’m sezgirligimizdi, tabanlılıg’ımız ha’m juwapkershiligimizdi jog’altsaq, bul og’ada a’hmiyetli jumıstı o’z halına, o’zi boladılıqqa taslap qoyatug’ın bolsaq, muqa’ddes qa’diriyatlarımızg’a suwg’arılg’an ha’m olardan azıqlang’an ruwxıy du’nyamızdan, tariyxıy o’tmishimizden ayrılıp, aqır-aqıbetinde o’zimiz umtılg’an ulıwma insaniy rawajlanıw jolınan shetke shıg’ıp qalıwımız mu’mkin”[1].

Ha’zirgi rawajlanıw basqıshında bizin’ ma’nawiyatımızg’a ha’r qıylı jollar menen topılıslar bolmaqta. Prezidentimiz aytqanınday: “Ma’nawiyatqa qarsı qaratılg’an ha’r qanday qa’ter o’z-o’zinen ma’mleket qa’wipsizligin, onın’ milliy ma’plerin, salamat a’wlad keleshegin ta’miynlew jolındag’ı og’ada qa’wipli qa’terlerdin’ birine aylanıwı ha’m aqır-aqıbette ja’miyetti dag’darısqa alıp keliwi mu’mkin”[2].

Juwmaqlastırıp aytqanda, bu’gingi jedelli da’wirde haqıyqıy ruwxıyatlı ha’m bilimli adam g’ana insan qa’dirin biliw, o’z milliy qa’diriyatların, milliy o’zligin seziniwi, erkin ha’m azat ja’miyette jasaw, g’arezsiz ma’mleketimizdin’ ja’ha’n sherikliginde o’zinin’ mu’na’sip orın iyelewi ushın pida’yılıq penen gu’rese alıwı mu’mkin. Bizin’ pitkeriw qa’niygelik

[1] Karimov İ.A. “Joqarı ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh”. T., 2008, 4-b.
[2] Karimov İ.A. “Joqarı ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh”. T., 2008, 11-12-b.

jumısımızdın' maqseti ha'zirgi globallasıw da'wirinde ayırım ta'replerin g'ana ko'rsetip, og'an o'z pikrilerimizdi bildiriwden ibarat.

# I BAP. BU'GİNGİ DU'NYaNIN' RAWAJLANIWI, İDEOLOGİYaLIQ PROTsESSLERİ HA'M MA'NAWİY TURMIS.

## §1. Ja'miyetlik rawajlanıw ha'm ideyalıq, ideologiyalıq protsessler.

İdeya tu'sinigi ha'm onın' sotsiallıq mazmunı. İnsan maqsetleri ja'miyet ma'plerine say keliwi, rawajlanıw jolın ha'm keleshegin belgilep beretug'ın belgili bir iygilikli ideya ha'm ideologiyasında ko'rinisin tabıwı ju'da' a'hmiyetli. O'z erkin pikiri ha'm bekkem iyman-isenimine iye emeslik bolsa erten'gi ku'nine isenemiz adamlardın' payda bolıwına alıp keledi. O'z isenimine iye bolmag'an, keleshegin anıq ko'z aldına keltirip, anıq iygilikli maqsetke qaray izshil ha'reket qılmaytug'ın insanlar jasaytug'ın ja'miyette o'z-ara isenim, tınıshlıq ha'm turaqlılıqqa ha'r tu'rli qa'wipler bolıwı ta'biyiy.

İnsan ha'm ja'miyet o'mirinde a'hmiyetli o'zgerislerdi a'melge asırılıwında belgili bir ideyalar a'hmiyetli ayırıqsha orın tutadı. Ja'miyet rawajlanıwının' belgili bir da'wirlerde tezletiwshi yaki pa'seyiwshi, ja'miyet o'mirinde unamlı yaki unamsız jag'daylardın' ju'z beriwi ja'miyette qanday ideyalar hu'kimranlıq qılıwı olar qanday ku'shlerdi ha'reketke keltiriwi, kimlerdin', yag'nıy qanday da sotsiallıq qatlamnın' ma'plerine xızmet qılıwına ha'r ta'repleme baylanıslı.

**İdeyanın' sotsiallıq mazmunı.** Ha'r qanday ideya sotsiallıq xarakterge iye. Belgili bir ideyalar, a'dette qandayda bir shaxs sanasında qa'liplesedi. Belgili bir mu'ddetten keyin bolsa ja'miyettin' tu'rli qatlamlarına tarqaladı, tu'rli elatlar ha'm milletler arasında tarqaladı. G'a'rezsiz o'mirge qa'dem qoyıp atırg'an jan'a a'wlad ja'miyette bar bolg'an ideyalar ta'sirinde ta'rbiyalanadı. Qandayda bir ko'z-qaraslar ha'm ideyalardı o'zine sin'diredi, o'z na'wbetinde jan'a ideyalardı jaratadı ha'm taratadı.

Milliy ideya – insan ha'm ja'miyet o'mirine ma'ni-mazmun beretug'ın, onı iygilikli maqsetke qaray jeteleytug'ın pikirler, ideyalar jıyındısı. Azatlıq ha'm g'a'rezsizlik, a'dalat ha'm haqıyqat, tınıshlıq su'yiwshilik ha'm insan su'yiwshilik ideyaları solar toparınan bolıp tabıladı. A'sirler dawamında bunday ullı. o'lmes ideyalar xalıqlarg'a ku'sh-quwat ha'm ilham bag'ıshlap, olardı o'z erki ushın gu'reske iytermelep kelgen.

Prezidentimiz İslam Karimov ko'rsetip o'tkenindey, millet rawajlanıwına, onın' joqarılawına xızmet qılatug'ın, xalıqlardı birlestirip, joqarı maqsetlerge qaray bag'darlaytug'ın ideyalar joqarı ideyalar. Adamlar arasına ala-awızlıq, xalıqlar arasına kelispewshilik keltirip shıg'aratug'ın, adamlardı tu'rli ta'replerge ajıratıp, jek-ko'riwshilik qozg'aytug'ın jaramas niyet ha'm qa'lbeki uranlardı sha'rtli tu'rde ideyalar dep ataymız. Qandayda bir sotsiallıq birlik yaki qatlam arasında tarqalg'an, qanday adamlar toparları yaki elat-milletlerdi ha'reketke keltirip atırg'anına qarap ha'm ideyalardı tu'rlerge ajıratıw mu'mkin.

İdeyanı materiallastırıwshı, a'meliyatqa aylandırıwshı ku'sh Kim ekenine qarap, klasslıq ideya, milliy ideya, ulıwma xalıq ideyası, ulıwma insaniy ideyalar da bar bolıwı mu'mkin. A'lbette, belgili bir xalıq jıyındısın belgili bir tariyxıy shariyatta iygilikli ha'reketke iytermeleytug'ın ideya mazmunı jag'ınan ulıwma

insanıy bolıw da yaki tar ma'plerdi go'zleytug'ın kalasslıq ideya ja'miyet ha'm insan ma'plerine qarsı, dushpanlar bolıwı da mu'mkin.

**Mafkura (ideologiya) tu'sinigi ha'm onın' mazmunı.** «Mafkura» tusinigi arabshadag'ı «mufakkir», «mufakkiratun» so'zlerinen alıng'an bolıp, ta'riyplewde filosofiyalıq a'debiyatlar ha'm so'zliklerde bir qansha pikirler berilgen. İdeologiya tu'sinigine filosof alımlar ta'repinen berilgen anıqlamalar forma ha'm mazmun jag'ınan ha'r tu'rli[1].

İdeologiyag'a ja'miyettegi belgili bir siyasiy, huqıqıy, morallıq, diniy, ko'rkem, filosofiyalıq, ilimiy ko'z-karaslar, pikirler ha'm ideyalar jıyındısı – dep anıqlama beriledi. Olardın' barlıg'ıda ja'miyettegi belgili bir siyasiy, filosofiyalıq, huqıqıy, morallıq, diniy, ko'rkem, ilimiy ko'z-qaraslar, pikirler, ideyalar jıynag'ı sıpatında da'liyllep beriledi. Demek ideologiya – belgili bir sotsiallıq topar yamasa qatlamnın', millet yaki ma'mlekettin', ja'miyettin' talapların, maqset ha'm umtılıwların, sotsiallıq-ruwxıy rawajlanıw printsiplerin belgileytug'ın ideyalar, olardı a'melge asırıw usıl ha'm quralları siteması bolıp tabıladı. Onda ma'plerin belgilengen sotsiallıq ku'shler ha'm qatlamlardın' o'tmishi, bu'gingi ku'ni ha'm keleshegi o'z ko'rinisin tabadı.

İdeologiyanın' du'nyalıq tamırları ruwxıy du'nyag'a ta'n siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq, ma'deniy qatnaslar jag'ınan ibarat. Ulıwma ta'n alıng'an printsipler ha'm nızam u'stinligi, siyasiy plyuralizm, milletler aralıq tatıwlıq, dinler aralıq bawrıken'lik sıyaqlı ideyalar du'nyalıq ja'miyettin' tiykarın quraydı. Bunday ja'miyette insannın' huqıqları ha'm erkinlikleri, sonın' ishinde, hu'jdan erkinligi de nızam menen qorg'aladı. Mısalı, O'zbekstanda g'a'rezsizlik jıllarında dinnen ja'miyetti ruwxıy jan'alawda, jaslardın' ruwxıy-morallıq ta'rbiyasında paydalanıwg'a ayırıqsha itibar berilmekte. Diniy qa'diriyatlar tiklendi – Avesto ana tilimizde basıp shıg'arıldı, islam dininin' muqaddes kitabı Quran, Ha'disler, İmam Termiziy, İmam Buxariy, Baxouddin Naqshband, İmam Motrudiy, Burhoniddin Marg'iloniy, Abdulxoliq G'ijdivoniy, Xoja Axror Valiy yubileyleri o'tkerilip, estelik ansablleri tiklendi, bay ruwxıy miyras u'yrenilip, olardan ja'miyetimiz rawajlanıwı jolında ken' paydalanılmaqta. Bul qayırlı isler ma'mleketimizde diniy miyras ha'm bahalıqlardan aqılg'a say paydalanılmaqta. Du'nyalıq degeni, bolshevikler ha'm fundamentalistler aytqanınday, dindi biykar etiw yaki «basshılıqqa alıw» degen emes, ba'lkim ondag'ı morallıq ha'm filosofiyalıq ta'liymatlardag'ı iygilikli ideyalardan, bahalıqlardan orınlı paydalanıw ushın ken' imkaniyat jaratıw.

Bul haqqında Prezidentimiz İ.A.Karimov ko'rsetip o'tkenindey, du'nyalıq, ayırım fundamentalist kimselerdin' dawalarınan parqı, hesh qanday ateizm (dinsizlik) emes. Biz bunday qa'te ha'm g'a'rezli talıqlawlarg'a pu'tkilley qarsımız[1].

Haqıyqatında da, jaqın o'timishimizde – dinsizlik siyasatı hu'kimranlıq qılg'an, diniy ko'z-qaraslar kulofat dep atalg'an. Diniy fundamentalistler bolsa du'nyalıq ilimlerdi ateistlik, qudaysızlıq dep insandı iseniminen ayırıwg'a urındı.

---

[1] Milliy istiqlol g'oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. T. Yangi asr avlodi. 2001, 6-13-b.

[1] Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. – T.:O'zbekiston, 2000, 26-b.

İdeologiyanın’ diniy tamırları – insan sanası ha’m ruwxıylıg’ı menen tıg’ız baylanıslı ekenligi ha’m sonlıqtan da onın’ ideyalıq tamırları diniy ta’liymatlarg’a barıp taqalıwı tu’siniledi. Yag’nıy ko’p g’ana ideologiyalarda Avesto, Veda ha’m Upanishadilar, İnjil ha’m Quran sıyaqlı kitaplarda so’z etilgen iygilikli ideyalar belgili da’rejede o’z ko’rinisin tapqanlıg’ın ko’remiz.

Du’nyalıq ha’m diniy bahalıqlar bir-birin bayıtıp barg’an sharayatta rawajlanıw joqarı basqıshqa ko’terildi. Bug’an adamzat tariyxında o’shpes iz qaldırg’an İmam Buxariy ha’m Muso Xorazmiy, İmam Motrudiy ha’m Abu Rayxan Beruniy, İmam G’azzaliy ha’m Abu Nasr Farabiy sıyaqlı ullı aqıl iyeleri janma-jan jasap, miynet etken da’wir anıq mısal bola aladı. İlimiy ashılıwlar bu’gingi ku’nde de ideologiya rawajlanıwına u’lken ta’sir tiygizedi. Zamanago’y ilim-pa’n jetiskenlikleri, mısalı, kosmonavtika, bionika, biofizika, kibernetika, informatsiyalastırıw tarawındag’ı du’nya ju’zlik jan’alıqlar, klonlastırıw, insannın’ gen-na’sil kartasın anıqlaw sıyaqlı ullı ashılıwlar adamlar sanasın keskin o’zgertirmekte.

Sonlıqtan da, ilim-pa’n ha’m ma’deniyat tarawındag’ı jetiskenliklerden aqılg’a say paydalanıw ushın da ja’miyetke ku’shli ideya, ku’shli ideologiya kerek.

**İnsan ha’m ja’miyet o’mirinin’ belgili bir pikirler, ideyalar, ideologiyalar menen baylanıslılıg’ı.** Ha’r kanday ja’miyet o’zine ta’n rawajlanıw jolın tan’lar eken, aldına belgili bir maqset ha’m wazıypalardı qoyadı. Sebebi, bul wazıypalar, jamiyet, ma’mleket, xalıq ha’m millet rawajlanıwı sotsiallıq-ekonomikalıq, siyasiy-ruwxıy, ta’lim-ta’rbiya ha’m ideologiyalıq protsesslerdin’ tıg’ız birligi tiykarında a’melge asırıladı.

İnsan hesh qashan sırtqı du’nyadan, o’zinin’ qorshap turg’an a’lemdegi o’zgerisler, ju’z berip atırg’an ha’diyseler, waqıya protsesslerden ajıralıp qalg’an, olardı sezbegen halda, olardın’ ta’sirsiz jasay almaydı. Xalıqlar, milletler, sotsiallıq-siyasiy ku’shler iskerligi sebepli ju’z bergen tu’rli ha’diyse ha’m protsessler adamlar sanası, oyı ha’m du’nya qarasına ta’sir etedi.

O’mirde maqseti, joqarı ideyası, iygilikli mu’ta’jlikler shen’beri menen sheklenip, ruwxıy jetiskenlikke erisiw qıyın. Ayırım jawız ku’shler ta’sir o’tkeriwi arqalı o’z jawız niyetlerine jetiw maqsetinde paydalanıwları mu’mkin. Sol sebepli barlıq da’wirlerde insan ha’m ja’miyet o’z ma’pine xızmet etip, onın’ rawajlanıwın ta’miynlewge ja’rdem beretug’ın belgili bir ideyag’a mu’ta’jlik sezedi.

Sonlıqtan da ideya belgili bir millet ha’m xalıqtın’ murat-maqsetleri, ma’pleri negizinde qa’liplesedi ha’m quramalasıp baradı. Milliy g’a’rezsizlik ideyası da millet ma’plerin xalıqtın’ arzıw-niyetlerin o’zinde jamleydi. Ol o’zinin’ o’mir bag’ıshlawshı ideyaları, ullı maqsetleri menen o’z ku’sh-g’ayratı, aqıl-zakawatı ha’m ha’tte o’mirin ullı ideyalar jolında beriwge tayar ka’mil insanlardı ta’rbiyalawg’a xızmet qıladı.

İnsaniyat tariyxınan belgili bolg’anınday, jer ju’zinde da’slepki adamzat payda bolıp, onın’ urıw, qa’wim, ja’ma’a’t yaki xalıq sıpatında qa’liplesiwi ju’z bergen da’slepki da’wirlerde-aq olardı birlestirip turatug’ın ulıwmalıq ideya ha’m ideologiyag’a talap tuwılg’an. Prezident İ.A.Karimov ko’rsetip o’tkenindey: «… sebebi, ideologiya - ja’miyette jasaytug’ın adamlardın’ o’miri, mazmunı, olardın’ talapların o’zinde ja’mleydi». Haqıyqatında da, barlıq da’wirlerde ha’r bir

ma'mleket, xalıq, ja'miyettin' o'zine ta'n ideyası ha'm ideologiyası bolg'an. Sebebi, ja'miyettin', xalıqtın' o'z aldına qoyg'an anıq maqseti onı a'melge asırıwda ja'miyet ag'zaların birlestiretug'ın, belgili bir bag'darg'a jo'neltiretug'ın ideyası ha'm ideologiyası bolmasa, ol a'lbette katastorfag'a ushıraydı.

İdeya, ideologiya ja'miyettin' o'z aldına qoyg'an maqseti bolıp, bunısız ja'miyet o'z jolın joytadı. «Maqset degen, - dep jazg'an edi Prezidentimiz İ.A.Karimov, - xalıqtı, milletti birlestiriwshi, jolg'a baslawshı misli bir bayraq. Bul bayraq pu'tkil O'zbekstan xalqının' ruwxın, ar-namısın, maqtanıshın, kerek bolsa qu'diretin, arzıw-niyetlerin o'zinde ja'mleytug'ın ullı ku'sh, ma'mleketimizdin', xalqımızdın', el-jurtımızdın' maqseti, o'zinin' ullılıg'ı, jasawshanlıg'ı ha'm xaqıyqatshılıg'ı menen ha'mmemizdi o'zine qaratatug'ın bolmag'ı lazım. Bul maqset xalıqtı-xalıq, milletti-millet qıla bilsin, qolımızda jen'ilmes bir ku'shke aylansın»[1].

İdeologiyanın' o'mirshen'ligi adamlardın', millettin', jamiyettin' milliy ma'plerin, arzıw-niyetlerin qay da'rejede sa'wlelendire alatug'ın bas ha'm tiykarg'ı ideyalar, bul ideyalar olardın' turmıs ta'rizi, du'nyag'a ko'z-qarası, ta'biyatına qanshelli mass bolıwı menen belgilenedi. O'mir sınawlarına shıdam beretug'ın, adamlardın' iygilikli murat-maqsetlerin bildiretug'ın, olarg'a ruwxıy quwat beretug'ın ideologiyanı ko'pshilik qabıl etedi. Tek g'ana usınday jag'dayda g'ana ol ku'shli ruwxıy qu'diretke iye boladı. Sol sebepli de, ideologiya barlıq da'wirlerde ja'miyetti joqarı ha'm jaratıwshı maqsetler jolında birlestirip, ja'miyet ag'zaları ortasında sag'lam qatnaslardı qa'liplestirgen, ha'm de iygilikli a'rmanlar, murat-maqsetlerge erisiwde ruwxıy ku'sh-quwat beretug'ın faktor wazıypasın atqarıp kelgen. Sonın' ushın da ideya ha'm ideologiya barlıq insanlar, xalıqlar, jamiyet ha'm ma'mleket aldında turg'an a'hmiyetli wazıypalardı a'melge asırıwda ja'rdem beretug'ın, tu'rli tarawda miynet etetug'ın jamiyet ag'zaların birlestirip, olardı ulıwmalıq maqsetke qaray mobilizatsiyalaytug'ın ullı ku'sh.

Sonlıqtanda insanlar, xalıqlar ja'miyet turmısında ideologiya a'hmiyetli rol oynaydı. İdeologiyanın' ku'shi, birinshi na'wbette, insannın' ja'miyettegi ornı ha'm a'hmiyetin qanday tu'siniw ja'ne onı qanday sotsiallıq statusta tu'siniwine baylanıslı. Sebebi, insandı sotsiallıq ha'reket ha'm iskerlikke baslaw ha'm usılay etip go'zlengen anıq maqset-wazıypalarg'a erisiwdu'nyadag'ı barlıq iygilikli ideologiyalardın' ma'ni-mazmunın quraydı.

Sonlıqtanda milliy g'a'rezsizlik ideyasının' tiykarg'ı tu'sinik ha'm printsipleri sistemasında insannın' ja'miyettegi ornı jaratıwshı ku'sh sıpatında belgilengen. G'a'rezsizliktin' bas ideyası da, tiykarg'ı ideya ha'm tu'sinikleri de jaratıwshılıq – xalqımızdın' en' joqarı pazıyleti. Prezidentimiz so'zi menen aytqanda, o'zbek shın ma'nisinde jaratıwshı, toppısına suw tasıp bolsa da terek ko'geredi. Haqıyqatında da, g'a'rezsizlik jıllarında ma'mleketimizde ekonomikalıq, sotsiallıq, siyasiy-ma'deniyat, ruwxıy tarawlarda a'melge asırılıp atırg'an reformalar, erkinlestiriw protsessleri jaratıwshılıq islerine ayqın mısal boladı.

[1] Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. – T.:O'zbekiston, 2000, 6-b.

**İdeologiyanın’ jeke ha’kimshiligi tu’sinigi ha’m onın’ mazmunı.** Bul belgili bir ma’mleket, ja’miyette jalg’ız ideologiyanın’ tolıq hu’kimranlıg’ın, og’an ta’n printsiplerdin’ o’zgermes normalar formasında ja’miyet o’mirinde qatan’ ha’m tolıq tu’rde ornatılıwın bildiredi. Bul ideologiya jeke ha’kimliginin’ mazmunı to’mendegishe, bunda qandayda bir ideologiyalıq sistema jalg’ız ilimiy jaqtan tiykarlang’an en’ a’dalatlı, ja’miyettegi belgili bir qatlam ma’plerin bildiriwshi ideologiya dep dag’azalanadı. O’zinin’ mazmunı yaki qandayda bir ta’repi menen onnan parıq qılıwshı ideyalar, ko’z-qaraslar, ideologiyalar ko’p tu’rliligi biykar etiledi. Aqıbetinde, millionlag’an adamlarda jalg’ız pikirge iykemlesiw, qullıq, biyparıqlıq, o’zi boladılıq, o’zge ideyalarg’a qorqınısh penen qaraw sana-sezimi qa’liplesedi. Ja’miyettin’ ruwxıylıq rawajlanıwına ilim-pa’n gu’lleniwine u’lken zıyan jetkiziledi. Haqıyqatında, bunday jalg’ız ideologiya jeke ha’kimligi jawız nyietlerde a’melge asırıladı, ma’mleket ideologiyasına aylanadı. Sotsiallıq o’mirdin’ rawajlanıwına unamsız ta’sir ko’rsetedi ha’m ja’miyet o’mirin, pikirler erkinligin buwadı.

**İdeya ha’m ideologiyanı absolyutlestiriwdin’ g’ayrı-insaniylıg’ı.** Tariyxtan ma’lim bolg’an totalitar du’zimdi salıstırmalı analiz etiw olar a’mel qılg’an ideologiyalardın’ to’mendegi ulıwmalıq o’zgesheliklerin ha’m bul ideyanı a’melge asırıw menen baylanıslı bolg’an bir qatar unamsız aqıbetlerin anıqlawg’a imkaniyat beredi. Da’slep, totalitarlıq ideologiyalar o’z ma’mleketlerinde ja’miyetlik ha’m jeke o’mirdin’ barlıq tarawların tolıq qamrap alıwg’a, jalg’ız du’nyag’a ko’z-qaras sisteması hu’kimranlıg’ın ornatıwg’a umtıladı. Bul ideologiyalar ullı ha’m jarqın o’tmishti biykar etedi. Olar ja’miyetti revolyutsiyalıq jol menen pu’tkilley qayta du’ziw za’ru’r ha’m onı a’melge asırıw mu’mkin, dep esaplaydı. O’zlerine shekem bolg’an milliy-ma’deniy miyras ha’m bahalıqlardın’ barlıg’ın yamasa ko’pshiligin biykar etip, olardı tek g’ana o’z printsipleri menen almastıradı.

Totalitar ma’mleketlerdin’ o’zine ta’n basqa xarakterli o’zgeshelikleri ja’miyettin’ a’skeriylestiriliwi, «qamal qılıng’an qorg’an» dag’ıday ideyalıq-psixologiyalıq jag’daydı ju’zege keltiriwden ibarat. Bunda ma’mleket ishinde a’skeriy fanatizm jag’dayı ku’sheytirilip g’ana qalmastan, sonın’ menen birge, agressiv sırtqı siyasatta a’melge asırıladı.

Bul siyasat a’skeriy-territoriyalıq ha’m ideologiyalıq basqınshılıq qılıwg’a, onın’ totalitarlıq ta’rtipleri ken’ ko’lemde qarar taptırıwg’a qaratıladı. Lekin tariyxıy haqıyqat sonnan ibarat; totalitar ideologiyalardın’ tu’rli u’lgileri ha’m olardın’ jobaları tiykarında jaratılg’an, demokratiyag’a qarsı du’zimlerdin’ aqırı qıyralıwg’a ushırawı so’zsiz. Sol sebepli jeke ha’kimlikke umtılg’an, absolyut sotsiallıqtı bildiriwge dawa qılatug’ın ideologiyanın’ keleshegi joq. Sebebi ol jeke ha’kimlik ornatıw barısında o’zin bayıtıp baratug’ın derek - pikirler ko’p tu’rliligi ha’m ko’z-qaraslar ra’n’be-ra’n’liginen u’zilip qaladı. Belgili topar yaki partiya ideyaları hu’kimran ideologiyag’a aylansa, erkin pikirlew, hu’jdan erkinligi ha’m ko’z-qaraslar ra’n’be-ra’n’ligi sheklenedi. Absolyut shınlıqqa iyelik dawası totalitarlıq printsiplerin ku’sheytedi.

Ma’selen, burıng’ı Awqam da’wirinde kommunistlik ideologiya a’ne sonday xalg’a tu’sken edi. onın’ tiykarg’ı ideyaları burıng’ı sovetler ha’kimiyatı

basshılıg'ında zorlıq penen a'melge asırıldı. Na'tiyjede, bul ideologiya jeke hu'kimran bolıp qalg'an edi. ol XX a'sirdin' 80-jıllarında qıyralıwına jol tuta basladı. 1991-jılda burıng'ı Awqam tarqalıp ketiwi menen u'zil kesil kriziske ushradı. Bunın' sebepleri nelerden ibarat?

Birinshiden, ol o'zin insaniyat oyı erisken en' joqarı shın', absolyut shınlıq ko'rinisi dep esaplap, basqa ideologiyalardı ta'n almas, olar bizge jat degen norma tiykarında kelisimge kelmey is tutar edi.

Ekinshiden, bul ideologiya taratıwshıları zorlıq printsipi - «ma'jbu'r qılamız» keypiyatında is tutıp, usı ideyalar ha'mme jerde, ha'mme waqıt hesh qanday artıqmashılıqsız ha'm toqtawsız propaganda qılınıp, xalıqtın' erkin jasawı ha'm pikir ju'ritiwine jol qoyılmas edi. Kimde kim bul ideyag'a qarsı shıqsa, ayawsız jazalanar, pu'tkil ma'mleket mexanizmi sol jazanı tu'rli formalarda a'melge asırıwg'a qaratılg'an edi.

U'shinshiden, bul ideologiya ko'zabag'a g'ana ja'miyetlik toparlar ideologiyası edi. Shınında burıng'ı Awqam da'wirinde ziyalılar, diyxanlar, xızmetkerler, qala berse, «jetekshi klass» bolg'an rabochiylerdin' arasında da ideologiyadan narazı bolg'anlar bar edi. Lekin bekkem ideologiyalıq diywal artınan olardın' dawısı shıqpas edi.

To'rtinshiden, bul ideologiya hesh kimge hu'jdan erkinligi, o'z pikirin ashıq bayan etiw, mısalı sırt el puqaraları menen halıs tu'rde sa'wbetlesiwge de jol qoyılmaytug'ın edi. Egerde kimde kim bunday isti islewge ha'reket etse «xalıq dushpanı», «burjuaziya malayı» na aylanar edi.

Besinshiden, ol milliylikten pu'tkilley jat edi. Onda abstrakt internatsionallıq barınsha ulıg'lanar edi. Kimde kim milliy baxalıqlar haqqında ga'p ashsa da'rhal «milletshi»ge aylandırılar edi. Milliy sana-sezimge iye bolg'an shaxs, qa'niyge, zıyalı, alım, basqalar «qalaq», «qa'wipli kisi» esaplanar edi.

Altınshıdan, bul da'wirde milliy tariyx, sonın' ishinde, O'zbekstan tariyxı pu'tkilley ta'n alınbas edi. Olar ko'binese tek g'ana ulıwma tu'rde aytılıp o'tiler edi.

Jetinshiden, xalıqlardın' dinine, milliy miyrasına, milliy baxalıqlarına pu'tkilley natuwrı mu'na'sebette bolg'an edi. Mısalı, xılqımızdın' ullı oyshılları İmam Buxariy, Baxawaddin Naqshband, Maxmud Zamaxshariy, İmam Motrudiy, Suwpı Allayar sıyaqlı danıshpanlardın' bay ilimiy miyrasların u'yreniw, olardan paydalanıw qadag'an etilgen edi.

Bulardın' barlıg'ı bolshevistlik - birden-bir kommunistlik ideologiyanın' rawajlanıw talaplarına pu'tkilley jat ekenligin anıq ko'rsetip berdi. Sonlıqtanda ol jan'a zaman talaplarına shıdam bere almay o'z ma'mleketi menen birge tariyxqa aylandı.

Birden-bir ideologiya hu'kimranlıg'ı dawa qılıp, uzaq o'tmishke qaytıwg'a shaqırıwshı islam fundamentalizmi bunnan jıraqtay seziledi. Biraq shınında bunda da sol qa'lip saqlanıp qalıng'an. Yag'nıy islam fundamentalizimi tariyx do'ngelegin orta a'sir jabayılıg'ı da'wirine qaytarıw nıqabı astında, birdeylestirilgen totalitar «keleshek»tin' o'zine ta'n qa'libin usınıp, onda insan puqaralıq huqıqlardan tolıq ayırıladı, xaqıyqattın' diniy fundamentalizm terrorına dushar etiledi.

Jalg'ız ideologiya hu'kimranlıg'ının' ja'miyet o'mirindegi ziyanlı aqıbetleri:

Shaxs erkinligi ha'm pikirler ra'n'be-ren'ligine kelisimsizlik, millettin' o'zligin biykarlaw, milliy ha'm diniy baxalıqlardı biykarlaw, milliylikti sheklew, absolyut shınlıqtı biykarlaw, milliylikti sheklew, absolyut shınlıqtı biliwlikke dawa qılıw, zorlıqqa tiykarlang'anlıg'ı, qullıq, baqqımandalıq, biyparwalıq, ***milliy shekleniwshilik***, siyasiy tarawda baslamasızlıq, o'zge ideyalarg'a jat qaras, ja'miyettin' ruwxıy krizisi, tariyxıy yadsızlıq, ana tiline mensinbewshilik penen qarawda anıq ko'rinedi.

G'a'rezsizlik sharapatı menen qoyılg'an ullı maqsetlerimizge jetisiw, eski ideologiyalıq qaldıqlardan pu'tkilley azat bolıw, ideyalıq boslıq payda bolıwına jol qoymaslıq, jat ideyalardın' topılısınan qorg'anıw, bunday qa'wiplerge qarsı tura alatug'ın, ha'r ta'repleme jetilisken insanlardı ta'rbiyalap shıg'arıw za'ru'rligi xalqımız ha'm ja'miyetimiz ma'plerine say milliy g'a'rezsizlik ideyasın qa'liplestiriw ha'm bekkemlewdi talap etedi.

Biz o'z milliy o'zgesheligimiz ha'm mın' jıllıq da'stu'rlerimizge, u'rp-a'detlerimizge jat bolg'an jalg'an kommunistlik ideyalardan waz keshtik. Lekin ideologiya du'nyasında boslıqqa jol qoyıp bolmaslıg'ı, sonday hal ju'z bergen jag'dayda bos qalg'an ideologiya maydanınan bizge biygana, arzıw-niyetlerimizge ulıwma jat ideyalar orın iyelewge urınıwı so'zsiz. Ta'biyatta boslıq (vakuum) bolmag'anınday ja'miyette de boslıq bolmaydı. Belgili bir da'wirde aldın'g'ı pikir o'zgeriwi menen ornın jan'a pikir iyeleydi, ideyanın' ornın jan'a ideya iyeleydi, sol sebepli ja'miyette de boslıq bolmaydı.

Ha'zirgi ku'nde ju'z berip atırg'an ayrım unamsız jag'daylar, qa'te is-ha'reketler, jawız isler, birinshi na'wbette ideologiyalıq boslıqtın' ju'zege keliwi ushın jol qoyılg'an kemshilik ha'm itibarsızlıq sebepli ju'z bermekte. İdeyalıq boslıqtın' ju'zege keliwi birinshi na'wbette, teren' ja'miyetlik-siyasiy, ruwxıy-psixologiyalıq mashqala ha'm protsessler menen baylanıslı. A'dette, jan'a ideyalar ha'r tu'rli ta'sir ku'shine iye boladı. Ayrım toparlar olardı, tez qabıl etedi, bazı bir insanlardın' aldın'g'ı ideologiyalıq normalardan ju'z beriwi ha'm jan'a ideyalardı qabıl etiliwi qıyın keshedi. İdeyalıq boslıqtın' payda bolıwının' ja'ne bir deregi - ja'miyette bul tarawdag'ı ta'rbiyanın' jeterli emesligi, ideologiyalıq protsesslerdin' o'z halınsha taslap qoyılg'anlıg'ı da mu'mkin. Eger ma'mleket yaki millet ja'miyetlik topar yamasa qatlam o'z ma'plerine, maqsetlerin anıq-ra'wshan bildire alatug'ın o'z ideyaların ideologiya ja'rdeminde insanlar, a'sirese, jas a'wlad sanasına turaqlı tu'rde sin'dirmese, ideyalıq boslıq payda bolıwı mu'mkin. Bunday sharayatta isenim pa'seyip, ideologiyalıq qa'wipler ku'sheyedi. O'zinin' bekkem ideyası joq, isenimi bos adamlar bolsa, ta'sirge tez beriliwshen' boladı, o'z jolın joytıp qoyadı, bunday hal ja'miyetke ju'da' u'lken ziyan jetkizedi.

Burıng'ı totalitar du'zim ornına jan'a g'a'rezsiz ma'mleketler qa'liplesti. Hu'kimran birden-bir ideologiya joq bolg'annan keyin, onın' aymag'ında belgili bir waqıt ideyalıq boslıq (vakuum) jag'dayı ju'zege keldi. O'mirin o'tep bolg'an ideya, rawajlanıw ko'z-qarasınan biykar etilgen eken, ja'miyette jan'a bir ideya, aldıng'ı bir pikirdin' qa'liplesiwine talap seziledi. Bul talap teren' an'lap jetilmegen halda bolsa ideyalıq vakuum - boslıq ju'zege keledi. lekin ideologiya tarawında boslıqqa jol qoyıp bolmaydı.

Shınında boslıq degenimiz ne? İdeyalıq boslıq - bul eski totalitar du’zimnen jan’a du’zimge o’tiw protsessinde aldın hu’kimranlıq qılıp kelgen ideologiya o’z a’hmiyetin jog’altqannan keyin, rawajlanıw talaplarına say ra’wishte onın’ ornın basatug’ın jetekshi ideyalıq sistemanın’ ele tolıq qa’liplespegen jag’dayı. Bunday sharayatta ha’r tu’rli ideyalar usı aymaqtı o’z ta’sir shen’berine o’tkeriwge urınadı.

1990-jıllardın’ baslarında bunday ideologiyalıq boslıq O’zbekstan aymag’ında da ko’zge taslang’an edi. onın’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri to’mendegilerden ibarat:

- hu’kimran, kommunistlik ideologiya kriziske ushıradı ha’m onın’ ornı bosap qaldı;
- O’zbekstan g’a’rezsiz ma’mleket sıpatında payda bolg’an, g’a’rezsizlik ideologiyası ideyaları ma’mleketimiz puqaralarının’ sanası ha’m du’nya qarasında belgili da’rejede sa’wlelene baslag’an bolsa da biraq ol ele g’a’rezsiz du’nya qarasına, bekkem isenimine aylanbag’an edi;
- o’tiw da’wirinde ja’miyetlik turmıstın’ tu’rli tarawlarında pikirler ha’m ideologiyalar ko’p tu’rliligi ken’ ko’rine basladı. Milliy ma’deniy miyras ha’m bahalıqlarg’a, milliy g’a’rezsizlik ideyasına degen isenimnin’ payda bolıwı jag’dayda a’hmiyetli burılıs jasadı. O’tiw da’wirinde jan’asha ko’z-qaraslar adamlardın’ bekkem isenimine aylanıp u’lgermegen waqıtta sırtqı ideya ta’sirlerininin’ jaqsı yamasa jaman, paydalı yamasa zıyanlı ekenligin ha’mme parıqlay alalmadı. O’zbekstandag’ı ideologiya maydanına biygana, xalqımızdın’ arzıw-niyetlerine pu’tkilley jat ideyalardın’ hu’jimi a’ne sol menen baylanıslı geosiyasiy, ideologiyalıq maqsetler menen de da’liyllenedi. Ma’selen, g’a’rezsiz ma’mleketimiz tınısh jasap atırg’an bir payıtta Afganistan ha’m basqa jaqın aymaqlardag’ı turaqsız jag’daydan paydalanıp, olardın’ aymaqlarında uya qurıp alg’an bazı bir ekstremistlik ku’shler, terroristlik toparlar o’z jeke maqsetlerin a’melge asırıwg’a, Oraylıq Aziya regionın ideologiyalıq gu’resler maydanına aylandırıwg’a urına baslag’an edi.
- İdeyalıq boslıq ma’mleket qa’wipsizligi ha’m puqaralar tınıshlıg’ına u’lken qa’wip saladı. Sebebi ideyalıq boslıq, ideyalıq ku’shsizlikke, ideyalıq ıdırawshılıqqa alıp keledi. İdeyalıq birlikke, ma’mleket qu’diretine zıyan keltiredi. Na’tiyjede ma’mleketler ha’m xalıqlar g’a’rezsizlikke ekonomikalıq ha’m ideologiyalıq qısımg’a tu’sip qaladı, **tu’skinlik ha’m kriziske** jolıg’adı. Ma’selen Shıng’ısxan elimizge basıp kelgende Muxammed Xorezmshax basshılıg’ındag’ı ma’mleket qu’direti ha’m la’shkerlerinin’ sanı jag’ınan Shın’g’ısxannan bir neshe ese u’stin edi. Lekin ideyalıq ıdırawshılıq sebepli ma’mleket xalqı apatshılıqqa ushıradı. A’ne sonday, Patsha Rossiyası basqını da’wirinde de kem sanlı rus a’skerlerine qarsı Buxara A’mirligi, Xiywa ha’m Qoqan xanlıqlarının’ bir-biri menen kelispewshilikleri ulıwmalıq dushpang’a qarsı ku’shlerdi birlestiriw ideyası ornına, kerisinshe, o’zlerinshe bo’linip qarsı turıwları, birikpegenligi aqıbetinde xalıqtı birlestirip, gu’reske mobilizatsiyalamag’anı u’lkemizdin’ qaramlıqqa tu’sip qalıwına sebep boldı. Ja’miyetimizdegi barlıq qatlam ha’m toparlardı birden-bir ku’sh sıpatında ulıwma maqsetler ha’m tu’pkilikli ma’pler jolında birlestiretug’ın ja’miyet ideologiyası g’ana ideyalıq ıdırawshılıqqa shek qoydı. Sonlıqtanda o’z keleshegin oylag’an ha’r bir ma’mleket ha’m ja’miyet ideyalıq boslıq ha’m ideologiyalıq ıdırawshılıqqa jol qoymaw, eskirgen aqidalar ha’m jat ko’z-

qaraslardı biykarlaw menen birge, aldın'g'ı pikirler, ullı maqset ha'm iygilikli ideyalardı adamlar sanası ha'm qa'lbine sin'diriwge ha'reket qıladı.

- **İnsan ha'm ja'miyet o'mirinde ideya ha'm ideologiyalardın' ornı. İdeologiyalıq plyuralizm.** İdeologiyalıq plyuralizm (latınsha PLURALIS - ha'r tu'rlilik, ra'n'be-ren'lik) - ja'miyetlik-siyasiy o'mirde tu'rli qatlam, partiya, toparlar ma'plerin bildiriwshi ideyalıq ra'n'be-ren'likti, ko'z-qaraslar ha'm pikirler ko'p tu'rliligin bildiredi.

İnsan ha'm ja'miyet o'mirinde ideyalar ha'm ideologiyalar ko'p-tu'rliliginin' bolıwı ja'miyetlik-ruwxıy talap ko'rinisi bolıp tabıladı.

Ja'miyette ideya ha'm ideologiyalar ko'p-tu'rliliginin' ko'riniwi insanlardın' ta'biyat-ja'miyet ha'diyseleri, a'lem ha'm adam haqqındag'ı pikirleri ha'r tu'rliligi menen tu'sindiriledi. Ulıwmalıq ideyag'a iseniw sebepli ha'r qıylı sotsiallıq toparlar qa'liplesedi. Olardın' maqsetleri, arzıw-niyetleri, ma'pleri bir-birinen parıqlanıwı mu'mkin.

Sotsiallıq toparlardın' maqset ha'm ma'plerin sa'wlelendiretug'ın, olarg'a ruwxıy ku'sh bag'ıshlaytug'ın ideyalardı a'melge asırıw jolları da ha'r tu'rli boladı.

**İygilikli, jaratıwshılıq, birge islesiw, azatlıq, erkinlikti ornatıwg'a qaratılg'an pikirler ma'mlekette tınıshlıq, xalıqlar ortasında tatıwlıq, turaqlılıqqa xızmet qıladı. Olar ma'mleket rawajlanıwında a'hmiyetli orın tutadı. İygilik ha'm jaratıwshılıqtı na'siyatlawshı pikirler iygilikli ha'm jaratıwshılıq ideyalardın' payda bolıwına sebep boladı. A'mir Temurdın' tarqalıp ketken xalıqtı birlestiriw ha'm onın' tiykarında oraylasqan ma'mleket du'ziw xaqqındag'ı pikirleri negizinde ma'mleket abatlıg'ı, xalıq tınıshlıg'ın ta'miynlewge qaratılg'an jaratıwshılıq ideyaları payda boldı. Buzg'ınshılıqqa baslawshı jawız pikirler jawızlıqtı tarqatıp urıstı na'siyatlaydı. Buzg'ınshı pikirler ja'miyettegi belgili bir toparlar, qatlamlardın' sanasına sin'ip onın' jawız ma'plerin an'latıwshı ideyag'a aylanıwı mu'mkin. Bunday jag'dayda ja'miyette turaqsızlıq jag'dayı ju'zege kelip, adamlar basına u'lken g'am-qayg'ılar jawılıwı mu'mkin.**

**Ja'miyette pikirler ko'p tu'rli bolıwı ha'm bir-birinen parıq qılg'anınday, ideyalar da ha'r tu'rli bolıp, mazmunına, o'z aldına qoyg'an maqseti ha'm qaysı sotsiallıq gruppalardın' ma'plerine xızmet qılıwına qarap bir-birinen parıq qıladı. İdeya menen ideyanın' bir-birine uqsamawın ha'm olar ortasında parıq bolıwın ta'biyiy protsess dep qaraw kerek. Qaysı ja'miyetlik qatlamnın' maqsetin an'latıwı ha'm kimlerdin' ma'plerine xızmet qılıwına, qanday bag'darg'a iyeligine qaray da ideyalar ha'r tu'rli bolıwı mu'mkin. Lekin ideya ha'm ideologiyalardın' ko'p tu'rliligi ha'm bir-birinen parıq qılıwı ta'biyiy protsess sıpatında qaralıw menen birge, olardın' bir-birine jaqın ulıwmalıq ta'repleri sonın' menen birge bir-birine ulıwma tuwrı kelmeytug'ın ta'repleri de boladı.**

So'zsiz, belgili bir ideya ha'm ideologiyanı ja'miyet ag'zaları sanasına ma'jbu'riy sin'diriw ha'm og'an a'mel qılıwdı ha'mmeden talap etiw - qa'te. Ne ushın? Sebebi, ma'selen, burıng'ı «Awqam da'wiri»nde kommunizm ideyasın ideologiya ja'rdeminde ja'miyettin' barlıq ag'zaları qaysı sotsiallıq topar, qaysı

milletke ha'm qaysı dinge ılayıqlıg'ı ha'm maqsetleri itibarg'a alınbastan, olar ushın ma'jbu'riy qılıp, ateizmdi u'gitledi ha'm aqıbetinde bul ideyanın' o'mir su'riwligine adamlarda qa'weter ha'm isenimsizlik artıp bardı.

İdeologiya belgili bir sotsiallıq topardın', millettin', xalıqtın', ja'miyettin' ma'plerin o'zinde ja'mlestirgen ko'z-qaraslar, ideyalar sisteması. Bul sistema o'zinin' filosofiyalıq, siyasiy, huqıqıy, moralliq, diniy, ko'rkem negizlerine iye. Demek, ideologiya o'z mazmunı ha'm wazıypası jag'ınan ju'da' ra'n'be-ren' bolıwı ta'biyiy. Ja'miyet o'miri tu'rli qatlamlar, bag'darlar ha'm da'rejelerge iye bolg'anınday, ideologiyada ha'r tu'rli bolıwı mu'mkin.

Jer ju'zindegi barlıq insanlar o'z oy-pikirlerine iye bolıp a'meliy is ju'ritedi. Sol sebepli grek filosofı Aristotel eki insan tolıq bir tu'rde pikirlemeydi, olardın' a'lem haqqındag'ı tu'sinikleri, pikirleri ha'r tu'rli degende, haq edi. Haqıyqattan da, du'nyadag'ı xalıqlar, milletler, ma'mleketler de bir-birinen parıq qıladı. Olardın' diniy isenimi, milliy ma'deniyatı, demek mentaliteti, maqsetleri ha'm rawajlanıw jolları da ko'p tu'rli. Olardın' arzıw-niyetleri, o'mirlik idealları, maqsetlerin sa'wlelendiretug'ın ideyalar ha'm olardı a'melge asırıwda ruwxıy ku'sh bag'ıshlawshı ideologiyası da ha'r tu'rli bolıwı ta'biyiy. Haqıyqattan da, du'nyadag'ı ha'r bir ma'mleket, xalıq ha'm millet, ja'miyettin' maqset ha'm ma'plerin bildiretug'ın o'zine ta'n ideyası ha'm ideologiyası bar.

Ma'mlekette aldın'g'ı ideyalar, ideologiyalar qansha ko'p bolsa, yag'nıy ideologiyalıq plyuralizm hu'kimran bolsa, rawajlanıwdın' qolaylı jolın tan'lap alıw ushın imkaniyat sonshelli ken' boladı. Pikirler erkinligi ha'm ko'p tu'rliligi ideologiyalardın' mazmun jag'ınan bayıwına, bir-birin toltırıwg'a xızmet qıladı.

G'a'rezsiz O'zbekstan ideologiya jeke ha'kimliginen waz keshti ha'm milliy rawajlanıwı ushın ken' jol ashtı. Ma'mleketimizde ideologiyalar ha'm pikirler ha'r tu'rliligi ja'miyetlik rawajlanıwg'a xızmet qılatug'ın jan'adan-jan'a ideyalardın' payda bolıwına tu'rli xalıqlar, elatlar, milletler ha'm siyasiy institutlardın' ma'plerin ulıwma tu'rde a'melge asırıwg'a imkaniyat jarattı. Sonday-aq, ol ma'mleketimizde ko'p partiyalıq sistemasına da sharayat jaratıldı. Siyasiy partiyalar bolsa o'zleri ag'za bolg'an qatlamlar, siyasiy toparlardın' ma'pleri, umtılıwları, arzıw-u'mitlerin ulıwmalastırg'an halda o'z ha'reket da'stu'rleri arqalı ko'rsetedi.

Sonın' menen bir qatarda, tariyxıy rawajlanıwdın' juwapkershilikli da'wirlerinde ja'miyettegi barlıq sotsiallıq toparlar, millet yaki siyasiy bag'darlardı o'zinde ja'mlegen, ja'miyettin' tiykarg'ı ma'plerin o'zinde birlestiretug'ın ideologiyalar da bolıwı mu'mkin. Ma'selen, milliy azatlıq gu'resi ideologiyası, milliy g'a'rezsizlik ideologiyası h.t.b. Ulıwma milliy ideya ja'miyet ag'zalarının', xalıqtın' tu'pkilikli ma'plerin ha'm ko'n'lindegi arzıw-a'rmanların an'latqanı, milletlerdin' birligi, ja'miyettin' qu'diretinin' bekkemleniwi, puqaralar ortasında bawrı ken'lik qatnasıqların an'latqanı sebepli adamlardı u'lken maqsetler jolında birlestiretug'ın ku'shke iye boldı. Bunday ideya ja'miyette turaqlılıqtı ta'miyinleydi. Pikirdi erkin bildire alatug'ın shaxs, topar yaki ja'miyetlik qatlam, birinshi na'wbette, o'zinin' anıq ra'wshan, tiykarlı ko'z qaraslarg'a iye bolıwı, o'z ko'z-qarası aqıbeti ushın juwapkershilikti o'z moynına alıwı, ba'seke so'ylesiw ma'deniyatı talaplarına a'mel qılıwı lazım. Yag'nıy, pikirler ra'n'ba'ren'ligi ha'm

ko’z-qaraslar ko’p tu’rliligi belgili bir ja’miyettin’ milliy ma’plerine, ulıwma insanıy bahalıqlarg’a, ha’zirgi nızamshılıq normalarına, morallıq printsiplerge qarsı bolmawı lazım. Sol sebepli ja’miyette jaratıwshılıq ideyaların alg’a su’riwshi ha’m turmısqa qollawshı ku’shler ja’miyet ag’zaları ortasında o’z ideyaların sin’diriwge urınsa, ko’pshilik sanasına unamlı ta’sir ko’rsetip, ja’miyette turaqlılıq, tınıshlıq ha’m jaratıwshılıq islerine o’z ta’sirin ko’rsetedi. Ma’selen, bul erte orta a’sirlerde ma’mleketimiz aymag’ında ilim-pa’n, ma’deniyat, a’debiyat, o’nermentshilik rawajlanıwı sebepli ekonomikalıq, sotsiallıq, ma’deniy-ruwxıy tarawlarında oyanıw ju’z berip, ko’plegen jetik danıshpanlardın’ jetilisip shıg’ıwına alıp keldi. Olar o’z ta’liymatlarında ullı ideyalar jaratıp, ja’miyet rawajlanıwına unamlı ta’sir ko’rsetti. Haqıyqattan da, jaratıwshı ideyalar insandı ulıg’laydı, og’an ruwxıy qanat bag’ıshlaydı.

Ja’miyette iygilikli ideyalar barlıq da’wirlerde insandı u’lken a’rmanlar menen jasawg’a, ullı maqsetler jolında isenim menen gu’resiwge u’yretedi. G’a’rezsizlik jıllarında O’zbekstanda a’melge asırılıp atırg’an barlıq tarawlardag’ı jaratıwshılıq isleri bug’an anıq mısal bola aladı. İnsan ha’m ja’miyet bar eken iygilikli ideyalardın’ qarama-qarsısı bolg’an zorlıq, jawızlıq jan’adan-jan’a formalarda ushırawı da mu’mkin. Lekin olar imkaniyattın’ a’dillik, ten’lik, tınıshlıq, tuwısqanlıq, rawajlanıw ha’m pa’rawanlıq ideyalarına su’yenip, ullı maqsetlerge qaray umtılıwların toqtata almaydı. İygilikli ha’m ullı ideyalar adamlardı ha’mme waqıt qayırlı maqsetlerge qaray jetekley beredi. Jaratıwshılıq ideyaları jurttı abbat, xalıq o’mirin pa’rawan qılıwday qayırlı maqsetleri menen ajıralıp turadı. Olar insaniyat rawajlanıwg’a erisken da’wirlerden berli ja’miyet o’mirinin’ en’ iygilikli ideyaları sıpatında jasap kelmekte.

### Jaratıwshı ideyalar ha’m ideologiyalardın’ ja’miyet o’mirindegi unamlı ta’siri

Jaratıwshı ideya - insandı ulıg’laytug’ın, onın’ ku’sh-g’ayratı ha’m qu’diretin asırıp, xalqı, Watanı, barlıq insaniyat ushın paydalı isler qılıwg’a mobilizatsiyalaytug’ın, o’zinde rawajlanıw ruwxıylıq, doslıq, tınıshlıq, a’dillik, hadallıq, pa’klik sıyaqlı iygilikli sezimlerdi o’zinde ja’mleytug’ın ideya.

İnsaniyat tariyxı ha’r tu’rli ideya ha’m ideologiyalardın’ ju’zege keliwi, bir-biri menen qatnasınan ibarat u’zliksiz protsess. Bul protsesste ha’r tu’rli ideyalar qandayda bir ku’shlerge xızmet qılıwı, o’zine isengen insanlardı qanday maqsetlerge qaray jetelewine qarap bir-birinen parıqlanadı.

Ja’ha’n ta’jiriybesine na’zer taslasaq, pu’tkil du’nya rawajlanıwına u’lken ta’sir ko’rsetken teoriyalıq ta’liymat ha’m ideologiyalardı taratıw ushın insaniyat tariyxının’ tu’rli da’wirlerinde u’lken aqıl-zeyin, talant ha’m teren’ oy iyeleri ayanbay miynet etkenligin ko’remiz. Sokrat ha’m Platon, Konfutsiy ha’m Zardusht, Amir Temur, Alisher Nawayı, Maxatma Gandi sıyaqlı ullı oyshıllardın’ iskerligi bunın’ ayqın mısalı bola aladı.

Olardın’ ha’r biri o’z da’wirinde o’z xalqın birlestirgen a’hmiyetke ılayıq ideyalardı jaratqan. Bul ideyalarg’a su’yenip jaratıwshılıq jolında, iygilikli maqsetlerge erisiw ushın harmay-talmay miynet etken. Bul haqqında insaniyatqa iygilikli ideyalardı na’siyatlag’an Zardushtta, «O’zin an’lamaq ullı saodat (jetiskenlik)» ekenligin aytqan Sokratta, «xalıqtı bir tilge biriktirdim» dep

insanpa’rwarlıq, a’dillik ideyaların jırlag’an Nawayıda, Oraylasqan ma’mleket du’zip, xalıqtı birlestirip, onın’ a’dillik ku’shine isenimin bekkemlegen A’mir Temurda, Hindistan azatlıg’ı jolına o’mirin bag’ıshlag’an, ag’artıwshılıq jolı menen jen’ip shıqqan Maxatma Gandi bu’gingi a’wladlar ushın o’rnek u’lgisi bolg’an ullı insanlar. Ja’miyette iygilikli maqsetlerge xızmet qılatug’ın ideologiyalarg’a jaratıwshı ideyalar tiykar boldı.

Jaratıwshılıq aqıl-zakawat, qa’lbi do’retiwshiligine aylang’anda shın ma’nisinde qa’dir-qımbat payda etedi. Ma’selen, burıng’ı sovet da’wirinde insanlar qa’lbindegi jaratıwshılıq sezimin so’ndirgen du’zim o’zinshe ko’p islerdi, u’lken rejelerdi a’melge asırıw ushın urınıp ko’rdi. Lekin qa’lb jaratıwshılıg’ına aylanbag’anlıg’ı ushın islegen jumıslarda bereket ha’m na’tiyje bolmadı. Qa’lb jaratıwshılıg’ı bolsa isenim menen, pa’k niyet penen tek g’ana bu’gin ha’m erten’di emes, ba’lkim alıs keleshekti oylap jaratıw. Adamzatqa a’zelden aqıl-zaqawat penen qa’lb jaratıwshılıg’ı ta’n qa’siyet. Onın’ qa’lbi menen qolı birdey islese, haqıyqıy a’jayıbatlar jaratıladı. Neshe a’sirlerden berli du’nyanı tan’ qaldırıp kiyatırg’an Mısır Piramidaları, Shaxrisabzdegi Aqsaray, Samarqandtag’ı Biybixanım, Registan maydanlarındag’ı medreseler ansamblleri, Tadjmaxal esteligi, Eyfel minarası, qanshadan-qansha ko’rkem-o’ner ha’m ma’deniyat du’rdanaları - barlıg’ı a’ne sonday jaratıwshılıq u’lgisi boılp tabıladı. Bunday a’jayıbatlar bizin’ ma’deniy miyrasımızda, Xiywa, Buxaradag’ı ta’kirarlanbas esteliklerimizde, klassikalıq ko’rkem shıg’armalarında joqarı a’dep-ikramlılıqqa tiykarlang’an u’rip-a’det ha’m da’stu’rlerimizde o’z sa’wleleniwin tapqan.

Ullı danıshpan babamız Baxauaddin Naqshband «Ju’regin’ - Allada, qolın’ - miynette bolsın» dep jaratıwshılıqqa shaqırg’anlarında, ha’r qanday isti aqıl ha’m isenim menen a’melge asırıwdı na’zerde tutqan. Bul shaqırıqta insan ju’reginde Allag’a isenim qoyıp, o’zi hadal miyneti menen tirishilik o’tkeriw ha’m ilim-o’ner u’yrenip Watandı abat qılıwg’a shaqıradı. Diniy islerdi du’nyalıq isler menen baylanısta alıp barıw, du’nyalıq ha’m diniy isenimnin’ birligi arqalı ja’miyette turaqlılıq, tınıshlıq ha’m pa’rawanlıqqa erisiw mu’mkinshiligi ideyası na’siyatlanadı. G’a’rezsizlik jıllarında O’zbekstanda, İslam dininin’ iygilikli ideyaları milliy baxalıqlarımız ha’m turmıs ta’rizimizge teren’ sin’ip barmaqta. Ulıwma, isenimdi iskerlikke, iskerlikti bolsa isenimge aylandırıw xalqımızg’a ta’n. Ma’selen, jaqsılıqtı, yag’nıy a’piwayı insaniy iskerlikti isenim da’rejesine ko’tergenimiz yaki Allag’a bolg’an isenimimizdi tek g’ana iygilik jolında xızmet qıldırıwdı da’stu’rge aylandıramız (yag’nıy, dindi nıqap qılıp aqıydaparastlıqqa, jawızlıkqa, buzg’ınshılıqqa berilmegenimiz) bunın’ da’lili.

Jaratıwshılıq ideyalar menen qurallang’an adamlar pa’ra’wan turmıs, erkin ja’miyet qurıw ushın gu’res alıp barg’anlıg’ı tariyxtan ma’lim. Bunday protsess unamlı ideyalardın’ tuwrılıg’ına, olar bolsa, o’z na’wbetinde, eller, xalıqlar iygilik, miynetsu’ygishlik sıyaqlı do’retiwshi ideyalardı tarqatqan insan, payg’ambar Zardusht jaratqan «AVESTO» kitabındag’ı joqarı ideyalar ullı watanlasımız Zardushttın’ o’lmeytug’ın ideologiyası edi.

Derlik u’sh mın’ jıl aldın ag’artıwshılıq quranın jawızlıq bultları qaplap alg’an da’wirde ullı watanlasımız Zardusht jeke qudaylıq ha’m iygilikli ideyalardı

na'siyatlay baslag'an edi. Zardusht ta'limatında insandı iygilikke baslawshı ideyalar oraylıq orındı iyeleydi.

İygilik ha'm jawızlıq ku'shleri ortasındag'ı ideyalıq gu'res zardushtiylik dininin' muxaddes kitabı «AVESTO»da ko'rsetip o'tilgen. Onda a'skeriy soqlıg'ısıwlar, basqınshılıq urısları, xaywanlardı azaplaw, adamlarg'a a'dilsizlik, o'tirik so'ylew, wa'dege opasızlıq, satqınlıq qılıw ideyaları qaralanıp, otırıqshı o'mir keshiriwge, miynetke, diyxanshılıq, sharwashılıq penen shug'ıllanıwg'a shaqırıwshı ideyalar ulıg'lanadı. Zardushtiylik dininde jer, suw, taza hawa, ana ta'biyat a'lpeshlenedi, qurg'aq jer ashıp, onı bag'-baqshalarg'a aylandırg'an adam qudaydın' sharapatına erisedi, kerisinshe, bag'lar, egislik jerler, suwg'arıw qurılmaların buzg'anlar u'lken gu'nag'a qaladı. Zardushttın' iygilikli ideyaları insanlardı tınısh-tatıw jasawg'a, hadal miynet etip Watandı abat etiwge shaqıradı.

«AVESTO»da Watan su'yiwshilik ideyası ulıg'lanıp, adamlardı barkamol bolıwg'a shaqırg'an. «Mag'an barkamal ha'm dinshil, watandı su'yiwshi ha'm ja'miyetlik birge islesiwshi, tatıw, jaqsı a'depli, qaran'g'ılıqtan, qıyınshılıqtan qutqarıwshı perzentler ber. Olar ma'nzil, qala, u'lke ha'm onın' atı ja'ne dan'qın ko'tersin»[1] delinedi. Sonday-aq, shıg'armada ana jerdi a'zizlew, onı abat etiw ideyaları na'siyatlanadı. Ma'selen, «AVESTO»da jazılıwınsha, jerdi ha'mmeden ko'birek baxtiyar qılg'an shaxs, ha'mmeden ko'p biyday, sho'p ha'm miywelı terekler ekken adam bolıp tabıladı. Ol qurg'aq jerlerge suw shıg'arg'an ha'm suwlı jerlerdi shu'digar qılg'an insan..., - delinedi.

Uzaq waqıt egilmegen ha'm gu'nde tiymegen jer baxıtsız. Kimde-kim jerdi shep ha'm on' qol menen, on' qol ha'm shep qol menen shu'digarlasa, jer og'an parawanlıq inam etedi... Jer de mol miywalardı inam etedi.

Jerdin' shu'digar qılınıp, saylandı da'nler sebiliwi, biyday o'simliginin' o'nip shıg'ıwı sol jerdegi jawız ku'shler, da'wlerdin' bul jerlerden ketiwi haqqındag'ı ideya Avestonın' Vandidat tarawına bag'ıshlang'an bo'liminde to'mendegie berilgen:

«Qashan atızlarda da'n jetilse, da'wler orınlarınan ko'shedi.

Qashan biyday gu'rkirep ko'gerse, da'wler qorqınıshtan dir-dir qaltıray baslaydı.

Qashan biyday un bolsa, da'wler qapa boladılar. Qashan biyday qırmang'a u'yilse, da'wler nabıt boladı. Qaysı bir u'yde biyday bas shıg'arsa, da'wler ol u'yden uzaqlasadı. Qaysı bir u'yde biyday ambarı bolsa, misli qızdırılg'an temir da'wler moyının shırmap taslaydı». («AVESTO», 115-bet).

«Avesto»da sa'wlelengen Zardushttın' «Jaqsı niyet jaqsı so'z ha'm jaqsı is-ha'reketti alg'ıslayman» Niyet, so'z ha'm isler ishinen men jaqsı niyet, jaqsı so'z ha'm jaqsı isti tan'layman. Men barlıq jaman a'ndiyshe, jaman so'z ha'm jaman isten ju'z buraman»[1], degen hikmetli so'zleri bu'gingi ku'nde de u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye. Bul o'lmes ideyalar keyinshelik payda bolg'an dinler, tiykarınan, xristianlıq ha'm islam ta'repinen de qabıl etildi. Demek, bul kitap o'z da'wirinde qa'liplesken ideyalar sistemasınan ibarat bolg'an ja'miyet ideologiyası edi.

---

[1] Avesto. Tarixiy-adabiy edgorlik. A.Maxkam tarjimasi. – T., Sharq, 2001,90,111-bet
[1] Avesto. Tarixiy-adabiy edgorlik. A.Maxkam tarjimasi. – T., Sharq, 2001,90,111-bet

Hindistanda payda bolg’an buddizm dini a’ste-aqırın Qubla, Shıg’ıs Aziyada jasaytug’ın ko’pshilik xalıqtın’ ideologiyasına aylandı. Eramızdın’ birinshi a’sirinde Rim imperiyasında qa’liplesken xristianlıq dini ja’ha’nnin’ ko’pshilik xalıqları ha’m milletleri ta’repinen qabıl etildi, olardın’ ruwxıy o’miri, turmıs ta’rizi ha’m ma’deniyatı rawajlanıwına unamlı ta’sir ko’rsetedi.

Qıtay ha’m Hind oyshıllarının’ ja’miyet rawajlanıwı haqqındag’ı qarasları ha’m jaratıwshılıq ideyaları da Aziyanın’ «shıg’ıssha» ruwxıylıg’ın da o’zine ta’n orın tutadı. Sonın’ ishinde Ullı Qıtay oyshılı Konfutsiydin’ (b.e.sh. 551-479) ideyaları ha’zirgi ku’nge shekem Qıtay xalqı ideologiyasında jetekshilik qılıp kelmekte.

Konfutsiydin’ filosofiyalıq ha’m morallıq ideyaları orayında insan, onın’ aqlıy ha’m ruwxıy ko’rinisi, a’lemdegi ha’m ja’miyettegi ornı, wazıypası mashqalaları turadı. Bul ideyanın’ tiykarı ja’miyetti ha’r qanday ja’miyetlik qa’wiplerden asırıp qalıw ha’m insanlar ma’plerin joqarı qoyıwg’a qaratılg’an. Oyshıldın’ maqseti xalıqtı o’mir su’rip turg’an ta’rtip-qag’ıydalardı hu’rmet qılıw ruwxında ta’rbiyalaw bolg’an. Bul ideya boyınsha insanlar ja’miyettin’ ta’biyiy rawajlanıwına qarsı shıqpaslıg’ı, yag’nıy revolyutsiyalıq joldı tan’lamawı kerek. Konfutsiy insaniyat haqqında pikir ju’riter eken, adamlar sotsiallıq kelip shıg’ıwı yaki ja’miyettegi statusı arqalı emes, ba’lkim insanıylıq, a’dillikti su’yiwshilik, haqıyqatgo’ylik, ashıq kewillik, perzentlik izzet-hu’rmet sıyaqlı joqarı ruwxıy pazıyletlerge erisiw arqalı ka’millikke jetiwi mu’mkin dep, esaplaydı.

O’mirdin’, bolmıstın’ mazmunın an’law haqqındag’ı buddizm dininin’ tiykarın salıwshısı Sidxarta Gautama ko’z-qarasları a’hmiyetli orın tutadı. Ha’r qanday insaniy sezim, seziw, eles ha’m qa’lew azap-aqıretlerdi teren’lestiredi. O’mirdin’ mazmunı tuwılıw, jaqsı ko’riw, o’lim, azaptan ibarat. «Barlıq girdabı»nan shıg’ıp alıw ushın uyqıdan oyanıw, du’nyanın’ mazmunın an’law, o’mirdi su’yiwden, kewil xoshlıqlarg’a, la’zzetlerge, ha’kimiyatqa, baylıqqa umtılıwlardan waz keshiw lazım dep aytıladı. Bul morallıq talapqa go’re, ha’r bir insan jamanlıq qılıwdan, jalg’an so’ylewden, urlıq qılıwdan, sezimlerge artıqsha beriliwden, ishkiliklerden o’zin tıyıwı lazım.

Sidxarta Gautama insandı o’mirdegi azaplardan qutqarıwdın’ jolların tabıw haqqındag’ı ta’liymatında, onın’ sheshimi insannın’ o’zine baylanıslı ekenligin tiykarlawg’a urınıp, insan tek g’ana o’z ku’shine su’yengen halda «qutılıwdın’ insanıylıq to’mendegi segizlik jolınan» sanalı ha’reket ha’m shaqqan qa’demligi menen o’z maqsetine erisiwi mu’mkin, degen ideyanı alg’a su’redi. Bunın’ ushın:

1. İsenim tuwrı qa’liplesken bolıwı,
2. Maqsetke qaray qatan’ ha’reket etiwi,
3. Durıs oylaw ha’m so’ylew,
4. Durıs xarakter bolıwı,
5. Durıs turmıs ta’rizi bolıwı,
6. Ku’sh-g’ayrattın’ durıs maqsetke qaratılg’an bolıwı,
7. Pikir, maqsettin’ durıs bag’darlang’an bolıwı,
8. Dıqqat-itibardı durıs arzıw-niyet qılıwg’a qaratıw kerekligi aytıp o’tiledi[1].

---

[1] Jwraev U. Dune dinlari tarixi. – T.Sharq, 1998, 77-bet.

İnsan o'zinin' o'miri dawamında bul qag'ıydalarg'a a'mel qılsa, du'nyanın' mazmunın teren'irek an'lap baradı, murat-maqsetine erisip, aqır-aqıbette joqarı ka'millikke ha'm tınıshlıqqa erisedi. Gautama ta'liymatında, tiykarınan, sheshenliktin' jolları ha'm talapları haqqında pikir ju'ritiledi. Usı ta'liymatta alg'a su'rilgen unamlı a'dep-ikramlıq talaplar, insandı o'zin basqara alıwg'a shaqırıwshı tuwrı pikir ju'ritiw, ju'ris-turısı tuwrı bolıwı, niyetti tuwrı maqsetke qaratıw haqqındag'ı ideyalar insanlardı o'zine tartqan ha'm adamlar usı ta'liymattı qabıl etip onın' talapların orınlag'an.

**Buzıwshı, jat ideya ha'm ideologiyalardın' ja'miyet o'mirine unamsız ta'siri.** Buzıwshı ideyalar - ja'miyet, xalıq ha'm ma'mleketlerdin' krizisine sebep boladı, g'ayrı insanıy maqsetlerge xızmet etedi.

İnsaniyat tariyxında jaqsılıq ha'm jaratıwshılıq ideyaları menen jawızlıq ha'm buzıwshı ideyaları ortasında ha'mme waqıt gu'res bolg'anlıg'ı tariyxtan ma'lim. Jawızlıq ideyaları tariyxta ha'mme waqıt unamsız ha'm jawız ku'shler iskerligi ha'm hu'kimranlıg'ın ko'rsetedi. Krest atlanıslarg'a tu'rtki bolg'an ideyalarg'a, rasizm, fashizm, terrorizm, koloniyalıqtı na'siyatlawshı ideyalar mısal boladı.

İnsaniyat, sonın' ishinde O'zbekstannın' bir neshe ju'z jıllıq tariyxında da tu'rli basqınshılıqlar aqıbetinde zulım, zorlıq, apat da'neshelerin sebiwge ha'm qan to'giliwine sebep bolg'an buzg'ınshı ideyalar ha'm ideologiyalardın' unamsız ta'siri menen baylanıslı waqıyalar ko'p bolg'an. Bul ideyalar o'zlerinde totalitarlıq umtılıwların geyde jasırın, geyde a'shkara ko'rsetken halda a'melge asırg'an.

Sonın' ishinde, bolshevizm menen bir qatarda, XX a'sirdin' basında totalitar ideya ha'm ideologiyanın' bas forması - fashizm payda boldı.

Fashizm (ital. Fasismmo – baylam, birlespe) - Batıs ma'mleketlerinde XX a'sir baslarındag'ı awır ekonomikalıq, siyasiy ha'm ruwxıy awdarıspaqlar da'wirinde ju'zege kelgen ju'da' qorqınıshlı ha'm wayranlawshı ideyalar tiykarında qa'liplesken insaniyatqa qarsı teoriya ha'm a'meliyat. Ol ja'miyette ju'da' reaktsion ha'm jawınger toparlarının' du'nyaqarası ha'm ma'pin bildirgen xalda, ashıqtan-ashıq terroristlik diktaturag'a, zorlıq ideyasına su'yenedi. Fashizmnin' a'hmiyetli qa'siyeti - ashıqtan – ashıq shovinizm ha'm rasizm bolıp, onın' mazmunı ja'miyettin' barlıq rawajlanıwdı su'yiwshi qatlamları, aldın'g'ı pikirli ag'zalarına qarsı ku'sh isletiwdin' en' awır ha'm zıyanlı formaların qollaw protsessinde anıq ko'rinedi. Fashizm o'z jınayatların jasırıw ha'm bekkemlew ushın siyasiy tili maylılıq, jalg'an ha'm jalalardan ustalıq penen paydalanadı.

Fashizmnin' sırtqı siyasatı, basqınshılıqtan ha'm xalıq aralıq terrorizmnen ibarat bolıp, bunday siyasiy rejimler XX a'sirdin' 30-jıllarında İtaliyada, Germaniyada, Portugaliyada, İspaniyada ha'm Shıg'ıs Evropanın' basqa bir qansha ma'mleketlerinde ornatılg'an edi. Fashistler Germaniyası militaristlik Yaponiya menen awqam du'zip, 1939-1945-jıllardag'ı Ekinshi ja'ha'n urısın baslag'an. Bul urıs insaniyatqa shegi joq apat ha'm qıyınshılıqlar keltirdi, 50 millionnan artıq adam nabıt boldı, ju'zlep qala ha'm awıllar wayran qılındı.

O'tken a'sirdin' 70-jıllarına kelip, Portugaliya, Gretsiya, İspaniyada fashistlik ta'rtipler qa'liplesti. Biraq bu'gingi ku'nde bazı ma'mleketlerde (Avstriya, Germaniya h.t.b.) fashistlik elementlerdin' belgili bir da'rejede aktivlesiwi

gu'zetilmekte. Jan'a fashizm ideyası insaniyat ushın zıyanlı ekenligin ha'r bir insan an'lawı lazım.

Bolshevizm ideologiyası bolg'an kommunistlik ta'liymat xalıqlardın' milliy-etnik o'zine ta'nligin jog'altıw, «proletar internatsionallıg'ı» uranı menen maydang'a shıqqan bolsa, fashizm bir hu'kimran millettin' «rasalıq - etnik tazalıg'ın» absolyutlestiriwdi nasiyatlaydı. Ol rasizmnin' qa'wenderi esaplanadı.

«Rasizm» so'zi «rasa» atamasınan kelip shıqqan. Bul atama XVII a'sirden baslap Evropada «insaniyat a'wladı»n tu'rli rasalıq toparlar, sonın' ishinde «aq» ha'm «sarı» rasag'a ajıratıw ushın qollana basladı.

Rasizm - adamlar ortasındag'ı sotsiallıq ten'sizlik, basqınshılıq, zorlıq ha'm urıslardı insanlardın' ha'r tu'rli rasalarg'a tiyisli ekenligi menen an'lawg'a xızmet qılıwshı milliylikke qarsı ta'liymat.

Rasizm ta'liymatı «aq deneli» lerdin' artıqmashılıg'ı, olardın' a'zelden «joqarı rasa» etip tan'lang'anı, basqa rasalar bolsa «aq»larg'a qarag'anda jetik emes jaratılg'anlıg'ı ha'm ha'mme waqıt rawajlanıwdın' to'mengi basqıshlarında turıwın «tyikarlap» beredi. Onın' tiykarg'ı ideyası o'zinin' «ila'hiy» ta'biyatına go're «aq» rasalardı «to'mengi» rasalar u'stinen hu'kimranlıq etiwge shaqırıwg'a qaratılg'an edi. Rasizm qaysı milletke tiyisliligi ha'm terisinin' ren'ine qaray parıqlanıp turıwshı kisilerge qısım o'tkeriw, olardı kemsitiw, urıw ha'm o'ltiriw sıyaqlı ha'reket-ha'diyselerde anıq ko'rinedi. Ol ullı ma'mleketshilik, asa ketken shovinizm, «saylandı» xalıqlardın' milliy artıqmashılıg'ı ideyaları menen tıg'ız baylanıp ketedi.

Rasizm ta'liymatı basqa xalıqlarg'a qarag'anda basqınshılıq, talawshılıq a'meliyatı menen jaqınnan baylanıslı. Rasizm ta'liymatı menen qurallang'an fashistler Germaniyası «ariyler rasası» hu'kimranlıg'ın ornatıw maqsetinde du'nya ju'zlik urısın baslag'anı bug'an anıq mısal bola aladı.

Ha'zirgi ku'nde de reaktsion ideologiyag'a tiykarlang'an keypiyattag'ı ayrım toparlar, olardın' teoriyashıları rasizm ideyaların na'siyatlap, «qalaq» xalıqlardın' g'a'rezsiz rawajlanıwg'a ruwxıy tayar emesligin dawa qılmaqta. Du'nyanın' ha'r tu'rli regionındag'ı bunday ko'z-qaraslar ha'm ha'reketlerdi xalıqlar azatlıg'ın buwıwg'a, olar u'stinen hu'kimranlıq ornatıwg'a umtılıw dep tu'siniw mu'mkin. Burıng'ı awqam bo'lsheklenip ketkennen keyin bazı bir imperiyasha pikirlewshi ayrım siyasatshılar ha'm olardın' teoriyashıları ko'z-qaraslarında da rasizm ko'z-qaraslarının' payda bolg'anlıg'ın bayqaw mu'mkin. Bunday ko'z-qaraslardın' tyikarsız ekenligin o'mir ko'rsetpekte. Belgili bolg'anınday, rasalar adamlardın' ekinshi da'rejeli sırtqı na'sillik o'zgeshelikleri (denenin' ren'i ju'z-bas du'zilisi sıyaqlı belgileri) bir formada bolg'an, tariyxıy da'wirde qa'liplesken toparlar bolıp tabıladı. Du'nyada evropalı, mongol ha'm qara deneli belgilerine qarap ajıratılatug'ın u'sh tiykarg'ı rasa bar. İnsannın' fizikalıq du'zilis formaları (su'yek, mu'she, miy ha'm denenin' basqa ag'zaları) barlıq rasag'a tiyisli adamlarda birdey. Pu'tkil insaniyat birden-bir biologiyalıq tu'rge - «HOMO SAPIENS»ke tiyisli tariyxıy rawajlanıw dawamında rasalardın' aralasıwı - rasalıq belgilerinin' o'zgeriwi ju'z berip kelgen ha'm ol ha'zir de dawam etpekte. Barlıq rasalar ma'deniy rawajlanıwg'a birdey qa'biletli. Rasizm insaniyatqa qarsı ideya. O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında barlıq rasalar ha'm milletlerdin' ten'

huqıqlıg'ı belgilep qoyılg'an. Bul qag'ıyda ja'ha'n awqamının' xalıq-aralıq huqıq normalarına juwap beredi.

Bu'gingi ku'nde insaniyatqa u'lken qa'wip salıp atırg'an ja'ne bir en' jawız ideyalardın' biri-terrorizm bolıp tabıladı.

Terrorizm (lat. TERROR - qorqıw, qorqınısh) - belgili bir jawız maqset jolında ku'sh qollanıp, adamlardı fizikalıq joq qılıwdan ibarat bolg'an ideyag'a tiykarlang'an zorlıq usılı. Qorqıtıw ha'm qorqınıshqa salıw arqalı o'z hu'kimin o'tkiziwge urınıw terrorizmge ta'n. Ol ekonomikalıq siyasat, diniy, ideyalıq, rasalıq, milliy, toparlıq, individual formalarda ko'riniwi mu'mkin. Ja'miyetke barqulla qorqınısh, til biriktiriw, jasırın zıyan keltiriw jag'dayın ju'zege keltiriw, zorlıq jolı menen ja'miyet turaqlılıg'ın buzıw, gu'na'sız insanlar, sonın' ishinde, balalardın' o'limine alıp keletug'ın siyasiy maqsettegi o'ltiriw ha'm partlawlar bul jawız ideyanın' tiykarg'ı mazmunın quraydı.

Terrorizm ha'reketleri insaniyat tariyxında jan'alıq emes. Ol insaniyat o'mirine tınıshsızlıq ha'm qa'wip tuwdırıp, tu'rli g'a'rezli maqsetlerdin', ideyalar ha'm qa'lewshi tileklerdin' tımsalı sıpatında jasaydı. Terrorizm belgili bir topardın' jeke ma'pleri, o'z arzıw-u'mitleri ha'm g'ayrı-insaniy is-ha'reketlerdin' jıynag'ı bolıp tabıladı. Sonday-aq, ol a'ke sol maqsetlerdin' a'melge asıwı ushın ha'r qanday jawızlıqlardan, jınayatlar ha'm zulımnan qaytpaydı.

Terrorizm is-ha'reketlerdin' mazmunı ha'm a'hmiyeti tikkeley zorlıq, insan o'mirine qa'wip ha'm onın' huqıqların ayaq astı etiw menen baylanıslı bolg'an. Ol pu'tkil ma'mleketti wayran etiwge alıp kelgen xalıq, millet ha'm ma'mleket tag'diyrin pu'tkilley basqa bag'darg'a burıp jiberip, o'z maqseti ha'm ideyalarının' a'melge asıwı ushın hesh na'rseden qaytpastan ha'kimiyatqa erisiw dawası esaplanadı. Sonday-aq, ol ha'r qanday pikirlew, aqıl-es shen'berinde is ju'ritiwden awlaq bolg'an jawızlıq, asa-ketken qanxorlıq, ashıw ha'm qorqıtıw menen jawız niyetti a'melge asıratug'ın bir topar adamlar miyneti.

Terrorizm tu'rli ma'mleketlerde ha'r qıylı formalarda ha'm tu'rli-tu'rli maqsetler tiykarında du'nyag'a keledi. Belgili bir ma'mleket xalıqlarının' du'nya qarası ruwxıy ko'rinisi, anıg'ırag'ı, talabı, turmıs ta'rizi tikkeley a'ne sonday protsesslerdin' formasın, ko'rinisin, mazmunı ha'm rawajlanıw protsesslerin, basqasha aytqanda, evolyutsiyasın belgileydi.

O'zlerinin' jawız niyetlerge erisiw ushın ha'kimiyattı qolg'a kirgiziwdi go'zlewshi ku'shlerdin' zorlıg'ı ha'm qopallıg'ı siyasiy terrorg'a mısal boladı. Siyasiy terrorizm tek jınayatshı toparlar g'ana emes, ha'tte bazı bir reaktsion agressiv ra'smiy siyasiy ku'shler ta'repinen sho'lkemlestiriliwi ha'm qollanılıwı da mu'mkin.

Patsha Rossiyasının' koloniyalıq ha'm shovinistlik siyasatı, sovet imperiyasının' ideyalıq qatag'anları xalqımızg'a qarsı o'zine ta'n terror edi. Bu'gingi ku'nde de g'a'rezsiz rawajlanıw jolınan baratırg'an ma'mleketimizge qaray jaman niyet penen qarawshı «jawız» ku'shler terroristlik jol menen rawajlanıw jolımızdan shalg'ıtıwg'a, bizdi qullıqqa, qıyınshılıqlarg'a ushıratıwg'a urınbaqta. Olar watan satqınlarınan da, terrorizmdi «ka'sip» etip alg'an, «buyırtpa» boyınsha qoparıwshılıq ha'm basqınshılıq penen shug'ıllanıwshı jallanba xalq-aralıq terrorist, jınayatshı toparlardan da paydalanbaqta. 1999-jılg'ı fevral

waqıyaları, Amerika Qurama Shtatlarında 2001-jıl 11-sentyabrde ju'z bergen waqıyalar, du'nyanın' ko'plegen ma'mleketlerinde a'melge asırılıp atırg'an jawızlıqlar terroristler o'z maqsetleri jolında hesh na'rseden qaytpaytug'ınlıg'ın ko'rsetip turadı.

Ma'mleketimiz Prezidenti İ.A. Karimov «Nezavisimaya gazeta» (Moskva) nın' korrespondenti Viktoriya Panfilovag'a (2005-jıl 14-yanvar) bergen intervyusinde «Xalıq aralıq terrorizm» tu'sinigi 2001-jıldın' 11-sentyabr ku'ninen keyin a'sirese ko'p qollanıla basladı. Biraq bunnan biraz aldın da İtaliyada «Qızıl brigadalar» ha'm Germaniyada «Basder-mayn xof» bir waqıtları tınıshlıqtı talap etiwshi sho'lkem sıpatında baspa so'zge shıqqan, bu'gingi ku'nge kelip bolsa en' asa ketken terroristler, jınayatshılar ha'm zorawanlıqlardı jetkizip beretug'ın sho'lkemge aylang'an «Xizbut-taxrir» dı mısal etip keltiriw mu'mkin. Sol sebepli de bizin' isenimimiz ka'mil, birinshi na'wbette, terroristler ta'repinen jaslarımızdın' sanasına sin'dirip, olardı aldap jaman islerge tartatug'ın jawız ideologiyag'a qarsı keskin gu'res alıp barıw kerek. «Terrorshılıqqa qarsı gu'reste bizin' printsipimiz, ko'z-qarasımız o'zgergeni joq»[1]-dep aytıp o'tedi.

Haqıyqatında da, terrorizm qanday bayraq ko'terip shıqpasın, qanday shaqırıqlar menen nıqaplanbasın, onın' reaktsion, jınayatkerlik mazmunın parıqlap alıw, jawız niyetin ashıp taslaw sanalı, erkin pikirli insannın', ha'r bir watandı su'yiwshi puqaranın' minneti bolıp tabıladı.

Jawız ideyalardan ja'ne biri ullı ma'mleketshilik shovinizm ha'm agressiv milletshilik.

Ullı ma'mleketshilik shovinizm – bir ma'mlekettin' basqa ma'mleket yaki ma'mleketler u'stinen siyasiy, ideologiyalıq, ekonomikalıq ha'm a'skeriy hu'kimranlıg'ın ornatıwg'a qaratılg'an teoriya ha'm a'meliyat.

XIX a'sir aqırınan baslap Rossiya imperiyasının' hu'kimran toparları basqa xalıqlarg'a, sonın' ishinde, Orta Aziya xalıqlarına qarata a'ne sonday siyasat alıp barg'an. Ekinshi du'nya ju'zlik urısınan keyingi da'wirlerde de bir qansha ma'mleketler ullı ma'mleketshilik siyasatın ha'rtu'rli ko'riniste alıp bardı.

Prezident İ.A. Karimov o'zinin' «O'zbekstan XXI a'sir bosag'asında: qa'wipsizlikke ka'wip, turaqlılıq sha'rtleri ha'm rawajlanıw kepillikleri» shıg'armasında ullı ma'mleketshilik shovinizm ha'm agressiv milletshilik qa'wipsizligimizge qa'wip salıp atırg'an mashqalalardın' biri ekenligi ayrıqsha ko'rsetip o'tken: «O'tken g'a'rezsiz rawajlanıw jılları ma'mleketimizdin' suvereniteti ha'm turaqlılıg'ına qa'wip saqlanıp qalınbaqta, dep aytıw ushın tiykar bola aladı. Bul qa'wip ullı ma'mleketshilik shovinizm ha'm agressiv milletshilik ruwxındag'ı uranlarda, bildirip atırg'an pikirlerde, sholıwlarda ha'm belgili bir is ha'reketlerde ko'rinbekte»[1].

Ullı ma'mleketshilik shovinizmi g'ayrıinsanıy o'zgeshelikke iye bolıp, basqa xalıqlardı qul etiw, ekonomikalıq, siyasiy, ma'deniy o'mirde olardı kemsitiwdin' o'zine ta'n forması.

---

[1] İslom Karimov. İmperiya davrida bizni ikkinchi darajali odamlar, deb h'isoblar edi. Xalq swzi, 2005 yil 19-yanvar. «Nezavisimaya gazeta»ning (Moskva) 2005-yil 14-yanvar sonidan tarjima qilip olingan.
[1] Karimov İ.A. Xafsizlik va barqaror taraqqiet ywlida. 6-jild. – T.Wzbekiston, 1998,64-bet.

Shovinizmnin’ tariyxan qıyralıwshı ekenligine sebep sonda, ha’dden tısqarı ku’sheyip ketken ha’m a’sirese, o’z milliy ayırıqshalılıg’ına iseniwge tiykarlang’an ullı ma’mleketshilik zorlıq tiykarına qurılg’anlıg’ında. Bul bolsa, o’z na’wbetinde, ullı ma’mleketshilik shovinizm ha’m agressiv milletshilikti jaqlawshı ma’mleketimizdin’ o’zinde ko’plegen qurbanlar ha’m jog’altıwlarg’a alıp keledi.

Sonlıqtanda, shovinizm, aqırında ma’mlekettin’ o’zine soqqı beredi, onın’ fundamentin ku’shsizlendiredi, ishki qarama-qarsılıqlardı ku’sheytedi. Ol ja’miyetti bo’lsheklep jiberiwge ha’m onın’ ushın awır bolg’an aqıbetlerdi keltirip shıg’ara aladı. Tariyxıy da’wirleri ha’m sha’rt-sharayatları ha’r tu’rli bolsa da Rim, Osman, Germaniya ja’ne Rossiya ha’m Sovet imperiyalarının’ tariyxınan bug’an ko’plep mısallar tabıw mu’mkin.

Shovinistlik ku’shler bu’gingi ku’nde, birinshiden, ma’mleket xalqına informatsiya arqalı ideologiyalıq jol menen ta’sir ko’rsetiw, ekinshiden, region ma’mleketleri ishinde konfliktlerdi ju’zege keltiriw, u’shinshiden, du’nya ju’zi ja’miyetshiliginde O’zbekstan xaqqında jalg’an oydı qa’liplestiriwge ha’reket etpekte. Bul jolda olar tu’rli-tu’rli usıl ha’m qurallardan paydalanbaqta.

Ullı ma’mleketshilik shovinizm da jawızlıqtın’ bir ko’rinisi. Og’an qarsı tek g’ana ag’artıwshılıq jolı menen gu’resiw mu’mkin. Bunda, a’sirese, xalıq-aralıq ja’miyetshilik sonın’ ishinde onın’ ten’ huqıqlı ag’zası bolg’an ha’r bir ma’mleket menen o’z-ara ten’ baylanıslar ornatıw jaqsı faktor bolıp xızmet etedi. A’ne sonda g’ana regionımız hesh qashan tsivilizatsiyalar soqlıg’ıspaytug’ın, ba’lki olar bir-birine unamlı ta’sir etip, bir-birin bayıtatug’ın ma’kang’a aylanadı.

Diniy fundamentalizm bolsa-siyasiy maqsetler jolında bar bolg’an sotsiallıq mashqalalardı da’slepki, yag’nıy bul din payda bolg’an waqıttag’ı qag’ıydalar (arkonlar) tiykarında sheshiw niyetindegi ha’reket ha’m ko’z-qaraslardan ibarat.

Fundamentalistler diniy isenim qa’liplesiwinin’ baslang’ısh da’wirinde belgilengen, sol da’wirdegi siyasiy-sotsiallıq ha’m ekonomikalıq sha’rayatlarg’a sa’ykes bolg’an barlıq jol jorıqlardın’ qatan’ ha’m birdey bejeriliwin talap qıladı ha’m usılayınsha diniy ag’ımlardı belgilewde qollanatug’ın reforma formasın sha’rt qılıp qoyadı.

İslam normaların nıqap qılıp alg’an fundamentalistlerdin’ tiykarg’ı ideyası – «taza islam» printsiplerine qaytıw, maqseti bolsa islamiy ma’mleket du’ziwden ibarat. Fundamentalist toparlar haqıyqattı tu’sindiriw, isendiriw sıyaqlı usıllar arqalı na’siyatlawdı ta’n almaydı. Olar o’z ideyaları g’ayrıinsaniy bolıwına qaramastan, ju’da’ jawız ha’m basqalarg’a qaray kelisimsiz mu’na’sebette boladı. O’zin so’zsiz joq dep biliw, haqıyqattı tek g’ana men bilemen, degen ko’z-qarasqa tiykarlang’an menmenlik bolsa jawızlıqtı ju’zege keltiredi. Yag’nıy fundamentalistlik ekstremizmnin’ payda bolıwına tiykar jaratadı.

O’zbekstanda diniy ekstremizm ha’m fundamentalizmnin’ islam dini nıqabındag’ı ekstremizmi ha’m fundamentalizmi forması bar ha’m mine sol faktor milliy qa’wipsizligimizge qa’wip.

Fundamentalistlerdin’ ideyaları ju’da’ zıyanlı bolıp, olardın’ pikirinshe, biz milletimizdi ja’ha’nge tanıtqan oyshıllarımız Xorezmiy, Beruniy, Farabiy, İbn Sino, Nawayı, Ulug’bek ha’m tariyxımızdag’ı barlıq ullı babalarımızdan waz keshiwimiz kerek. Sebebi fundamentalistler ko’z qarası boyınsha qay jerde sufizm

bolsa, ka'mil insan ideyası bolsa, bulardın' barlıg'ı islamg'a ha'm bizge jat ha'm biyga'na emish. Olar ka'mil insandı kufr dep biledi. Olardın' pikirinshe, insan ka'mil bolıwı mu'mkin emes. İmam Termiziy, Na'jmiddin Qubra, Abdulhalıq G'ijdivoniy, Baxawiddin Nahshband, Axmed Yassawiy siyaqlı ullı insanlar, sonday-aq, ata-babalarımız qa'birlerin ha'm muqaddes jerlerdi zıyarat qılmawımız kerek emish. Bulardın' barlıg'ı bizin' turmıs ta'rizimiz, milliy o'zgesheligimiz, da'stu'rlerimiz g'ana emes, halqımızdın' o'zine ta'n psixologiyasın da buzıwg'a qaratılg'an. Sufizmnin' ka'mil insan ideyasında insannın' erki ha'm rawajlanıwı ko'rsetilgenligi diniy fundamentalistler g'a'zebin oyatadı. Fundamentalizm - jawızlıqtan basqa na'rse emes. Ol insandı bir qaram, qul, ta'g'diyrdin' oyınshıg'ı dep qaraydı, insan qa'lbi, ruwxıy talapları menen pu'tkilley esaplaspaydı.

Fundamentalistler bolsa sufizm ta'sirinde qa'liplesken a'debiyat, filosofiya, ko'rkem-o'nerden waz keshiw, ulıwma aqıl ha'm sezim menen jaratılg'an barlıq na'rselerdi joq etiwdi talap etedi.

Fundamentalizmnin' ko'riniwin du'nyanın' bazı bir ma'mleketlerinde bu'gingi ku'nde o'mir su'rip turg'an hu'kimran dinnen basqa dindi nasiyatlag'anlar jazalang'anlıg'ın, basqa din ha'm olardın' esteliklerine kelisimsiz qatnasta bolıp, olardı joq qılıwg'a urınıwlarında ko'riwimiz mu'mkin. Ma'selen, Afganistan aymag'ındag'ı buddizm dinine tiyisli 15 a'sir burın qurılg'an Bamian qalasındag'ı ma'deniy esteliklerdin' de joq etiliwine pa'twa berilip, du'nyadag'ı en' iri ha'm a'jayıp budda ha'ykelleri oqqa tutılıp, buzıp taslandı. Bul jawızlarsha is-ha'reketler islam dini ha'm sufizm ta'limatının' o'zge dinlerge bawrı ken'likke tiykarlang'an qatnasqa pu'tkilley jat bolg'anlıg'ı ushın da bu'gin du'nya musılmanları ha'm barlıq rawajlandırıwshı ku'shler ta'repinen qaralanadı.

İslam dininin' sufizm ta'limatı iseniwshileri basqa o'mirge ha'm insan ma'selelerine ken' qarag'an. Bul shın ma'nisinde insanpa'rwarlıq ta'limat bolıp tabıladı. Sebebi sufistler, shın musılman sıpatında dan'qqa erisip, islam dini ushın gu'resken bolsa da, lekin hesh qashan o'zge dinlerdi kemsitpegen. Sol sebepli sufizm diniy bawrı ken'lik ta'limatı, insan ka'millikke jol izlegen ha'm jawızlıqqa qarsı gu'resip kelgen ag'artıwshılıq ta'limat bolıp tabıladı.

Fundamentalizmge qarsı turatug'ın ku'sh - bul, ilim-ag'artıwshılıq. A'sirimiz basında da jadidler jan'a mektepler ashıp, jaslarg'a du'nyalıq bilim berip, fudamentalizmge qarsı gu'resken edi. Fundamentalistler «dindi tazalaw», «taza dinge qaytıw» nıqabı astında u'gitlew alıp barıp, adamlardı qorqınıshqa salıw, qanlı jınayatlar islew, ja'miyetti qa'wip astına qoyıwg'a urınbaqta. Olardın' bul is-ha'reketleri jas g'a'rezsiz ma'mleketimizge ashıqtan-ashıq topılıstan basqa na'rse emes. Ol milliy g'a'rezsizligimizge de u'lken qa'wip.

Diniy ekstremizm - belgili bir siyasiy ma'qsetler jolında ha'm din nıqabı astında mutaassibler yaki olardın' ku'sh-g'ayratına qaray is alıp barıwshı ha'dden tıs ha'reketler ha'm ko'z qaraslar jıynag'ın an'latadı.

Basqasha aytqanda, diniy ekstremizm - belgili bir diniy bag'dar ha'm sho'lkemlerdegi ha'dden tıs radikal elementler siyasiy iskerligi ideologiyası. Bul pikirdin' da'liyli sıpatında «musılman biradarları» ha'm onnan ajıralıp shıqqan ko'plegen diniy ekstremistlik ruwxtag'ı topar ha'm sho'lkemler su'yenetug'ın tiykarg'ı ideyalardı eslep o'tiwimiz mu'mkin.

«Musılman biradarları» hesh qanday ha’kimshilik-geografiyalıq shegaralardı ta’n almaydı ha’m tiykarg’ı maqseti jer ju’zindegi barlıq ma’mleketlerde birden-bir musılmanlar birligi ha’m olardag’ı diniy, du’nyalıq ha’kimiyattı o’zine ja’mleytug’ın «xalifa» basshılıg’ındag’ı birden-bir musılman ma’mleketin qurıwdı na’zerde tutadı. Bul sha’rtti orınlaw, niyetke jetiw ushın ha’r qanday jawızlıqqa ha’m urısqa fatiya beriledi.

Diniy ekstremizm ko’rinisine qaray aymaqlıq, regionallıq ha’m xalq-aralıq formalarg’a bo’linedi. Bunday ko’z qaraslar ju’da’ a’yyemgi tamırlarg’a iye bolıp, hesh qashan shegara bilmegen, milliy aymaqtı ta’n almag’an, diniy ekstremizm barlıq dinler ishinde rawajlang’an. Diniy ekstremistler qay jerde ha’m qaysı din bayrag’ı astında is alıp barmasın, tiykarg’ı maqseti diniy ma’mleketti du’ziw bolıp, bul maqsetke o’z-ara kelispewshilikler, ala awızlıqlar, qurallı soqlıg’ısıwlar arqalı, yag’nıy qan to’giw ha’m zorlıq penen erisiwdi ko’zde tutadı.

**Bul bolsa g’a’rezsizlikke de, rawajlanıwg’a da u’lken tosqınlıq boladı. Ekstremistlik toparlardın’ tiykarg’ı maqseti ha’kimiyattı qolg’a alıw bolıp, bul jolda olar en’ jawız usıllardı qollanıwdan da qaytpaydı. Bu’gingi ku’nge kelip ekstremizm tek g’ana islam du’nyasında emes, al basqa dinler tarqalg’an aymaqlarda ayqın ko’rinis berip atır.**

Du’nyada insan huqıqları ha’m demokratiyalıq printsipler u’stin bolıp baratırg’an, nızam ha’m xalıq-aralıq huqıq normaları ma’mleketler, xalıqlar, arasındag’ı mu’na’sibetlerdin’ tiykarg’ı faktorına aylanıp baratırg’an ha’zirgi da’wirde diniy ekstremizmge orın qalmaydı. Biraq, bul og’an qarsı gu’respew kerek, saqlıqtı asırmaw kerek degendi bildirmeydi. Bul tarawda da Prezidentimiz ko’rsetip o’tkenindey, saqlıq, iygilikli ideyalar jolında gu’res alıp barıw o’mirimizdin’ tiykarg’ı faktorı bolıp qalmaqta.

Diniy ekstremizmdi keltirip shıg’arıwshı sebepler:

- dinnen paydalanıp, dinge baylanıslı bolmag’an siyasiy ha’m basqa topılıslar ha’m maqsetlerdi a’melge asırıw ushın umtılıw.
- Dindi nıqap, tu’rli siyasiy kelispewshilikler, konfliktlerdi keltirip shıg’arıwg’a urınıw;
- İnsan, milletlerdin’ o’z ta’g’diyrin o’zi belgilew xuquqın emes, al dinnin’ jasawg’a bolg’an xuquqın bildiriw.
- Dindi du’nyag’a ko’z qaras, oylawdın’ tiykarg’ı quralı dep esaplaw.

O’z-o’zinen ko’rinip turg’anınday, bul ha’diyseler O’zbekstannın’ g’a’rezsizligin bekkemlew, onın’ qa’wipsizligin ta’miynlew za’ru’rligi ko’z qarasınan qarag’anda pu’tkilley zıyanlı ideya.

Ha’zirgi ku’nde bizin’ turmıs ta’rizimizge, ruwxıyatımızg’a qaray islenip atırg’an ruwxıy-ag’artıwshılıq baslamalardın’ ha’r tu’rli usılları barg’an sayın na’ziklesip barmaqta. Zıyanlı ideyalardı ha’r tu’rli kinofilmler, televidenie ko’rsetiwleri ha’m radio esittiriwleri formasında, gazeta-jurnallar, İnternet tarmag’ı ha’m basqa da bag’darlarda u’ziliksiz tu’rde tıg’ıp, bizin’ milliy baxalıqlarımızdı joq etiwge, ideologyalıq immunitetimizdi ha’lsizletiwge, jaslardı jalg’an ideyalardın’ ta’sirine alıwg’a tınbay ha’reket etilmekte. Jat, zıyanlı ideyalardın’ ma’mleketimizge kirip keliwi xalıqtın’ milliy ideyasın (maqset ha’m bag’darların), rawajlanıw jolın o’zine ta’n ha’m say bolmag’an bag’darg’a burıp jiberiw,

ma'mleketimizdin' sotsiallıq, ruwxıy, siyasiy, o'mirin o'zgertirip jiberiwi mu'mkin. Jat ideyalardın' ma'mleketke kirip keliwi ha'm puxaralar arasında tarqalıwı u'lken qa'wip, unamız aqıbetlerdi keltirip shıg'arıwı mu'mkinligin itibarg'a alıp, Abu Nasr Farabiy, o'z waqtında jat ideyalardın' zıyanı haqqında «O'zge, jat ideyalar kirip kelip xalıqtın' turmıs ta'rizi, u'rp-a'detleri, da'stu'rlerin tu'pten o'zgertip jiberiwi mu'mkin»[1] dep jazg'an edi.

Burıng'ı Awqam da'wirinde jat ideyalar kirip keldi. Jat ja'miyetlik, ekonomikalıq, ruwxıy, siyasiy o'mir qa'liplesti. Turmıs ta'rizimizden jat u'rip-a'det, da'stu'rler orın aldı.

Bunday ideyalar insan ta'biyatına qarsı bolıp, onı unamsız ta'repke o'zgertedi, onda nadurıs turmıs ta'rizin qa'liplestiredi, pikirler ha'r tu'rliligin shekleydi, boysınıwshılıq, qullıq jag'dayın payda etedi. Milliy oylaw ta'rizin o'z negizlerinen jatlastıradı, jat u'rip-a'det, da'stu'rlerdi tarqatadı, olardın' kirip keliwine jag'day jaratadı, xalqtı o'z milliy da'stu'rlerinen, aqır-aqıbet o'z rawajlanıw jolınan adastıradı, ja'miyette xalıqlar ha'm milletler aralıq tatıwlıq, dinler aralıq bawrı ken'likke zıyan keltirip, ishki kelispewshilikler, bo'lshekleniwge alıp keledi.

Shan'araqta jaslarg'a durıs ta'rbiya beriw, puxaralardın' iyman-isenimin bekkemlew, milliy maqtanısh penen jasawg'a erisiw, ha'r ta'repleme jetik jaslar etip ta'rbiyalaw, ideologiyalıq immunitetti ku'sheyttiriw, puxaralar sanasında Milliy G'a'rezsizlik İdeyasın qa'liplestiriw arqalı onın' aldın alıw mu'mkin.

Milliy G'a'rezsizlik İdeyasına jat unamsız jag'daylar:

Biyparıqlıq, maqtanshaqlıq, xoshemetgo'ylik, ko're almawshılıq, menmenlik, haqıyqattı ta'n almaw, tanıs-bilislik, jerleslik, ma'pdarlıq. Olardı joq qılıw ushın ja'miyette erkin pikir ha'm pikirlewler, ideyalar ko'p tu'rliligi, sın ha'm o'z-o'zin kritikalaw atmosferasın jaratıw, demokratiya ha'm a'shkaralıq jag'dayın ku'sheyttiriw, salamat ha'm erkin ba'seke jag'dayın ju'zege keltirip, ja'miyette ilim-ag'artıwshılıqtın' da'rejesin ja'ne de arttırıw za'ru'r.

**Pikirge qarsı pikir, ideyag'a qarsı ideya, jawızlıqqa qarsı ag'artıwshılıq penen gu'resiw za'ru'rligi.** Kommunistlik ideologiya qısımınan azat bolg'anımızdan keyin ha'r tu'rli ideyalar o'mirimizge o'z ta'sirin o'tkeriwge ha'reket etpekte. Ata-babalarımızdan qalg'an ullı miyrastı qayta tikley baslag'an bir waqıtta onın' barlıg'ın joq etiwge qaratılg'an zıyanlı ideyalarg'a qarsı turatug'ın ku'sh - Milliy ideya. Milliy ideya bu'gingi ku'nde xalqımız, ja'miyetimiz ushın za'ru'rlilik, ma'mleketimizge puxaralar tatıwlıg'ı ha'm birligin ta'miyinleytug'ın, rawajlanıwımızg'a kepillik beretug'ın, insanlarg'a iygilikli maqsetlerge erisiwge ja'rdem beretug'ın ruwxıy ku'sh bolıp tabıladı. Milliy ideya iygilikli maqset jolında ja'miyet ag'zaların birlestiredi, olarg'a ruwxıy ku'sh-quwat beredi, ha'r qanday ko'rinistegi zıyanlı illetlerdi joq etedi. Pikirge qarsı pikir, ideyag'a qarsı ideya menen, jawızlıqqa qarsı ag'artıwshılıq penen gu'resiwge shaqıradı. Ja'miyette tınıshlıq, o'z-ara isenim, turaqlılıq jag'dayın jaratıwg'a hızmet etedi. Sol sebepli, Milliy G'a'rezsizlik ideyası ma'mleketimizdin' ullı keleshegi fundamentin jaratıwda a'hmiyetli qural, insannın' sanası ha'm qa'lbin iyelewge qaratılg'an ha'r qanday zıyanlı, jat ideyalarg'a qarsı turatug'ın faktor.

---

[1] Abu Nasr Forobiy. Fozil odamlar sha8ri – Toshkent. G'.G'ulom nomidagi Adabiet va sanat nashrieti 1993.

Watanımız g'a'rezsizligine qa'wip salıwshı, puxaralarımız sanasın ha'm qa'lbin iyelewge qaratılg'an zıyanlı ideyalardın' qa'wpi yadro maydanındag'ı qa'wipten de artıq. Sonlıqtanda «ha'zirgi zamandag'ı en' u'lken qa'wip - insanlardın' qa'lbi ha'm sanasın iyelew ushın u'zliksiz dawam etip atırg'an ideologiyalıq gu'res. Bu'gingi ku'nde yadro maydanlarında emes, ideologiya maydanlarında bolıp atırg'an gu'resler ko'p na'rseni sheshedi»[1].

Bu'gingi ku'nde qural-jaraq ku'shi menen zorlıq etiw menen emes, al xalıqlardı, ma'mleketlerdi, du'nyanı iyelew ushın ju'da' u'lken ideologiyalıq qu'diretke, ideyalıq tiykarg'a iye bolıw kerekligin o'mir ko'rsetpekte. XX a'sir tsivilizatsiyası du'nyanı aqıl-oy menen jawlap alıw printsipin keltirip shıg'ardı. Sonlıqtanda bu'gingi ku'nde ma'mleketler qu'direti yadrolıq poligonlar menen emes, al ideyalıq, ideologiyalıq poligonlardag'ı ha'reketi menen o'lshenedi. Bul haqqında Prezidentimiz İslom Karimov: «ha'zirgi waqıtta qu'diretli ma'mleketler ha'm belgili bir siyasiy oraylar o'z maqsetlerine erisiw ushın, da'slep, iyelemekshi, o'z ta'sir shen'berine almaqshı bolg'an ma'mleketlerdin' xalqı sanasın o'zine boysındırıwg'a umtıladı»[2]- ko'rsetip o'tedi.

Shınında-da, ja'han siyasatında ideologiyalıq ta'sir o'tkeriw arqalı xalıqlardı, ma'mleketlerdi iyelew printsipi ku'sheymekte. İdeyalıq basımnın' formaları ju'da' ko'p.

Jurtbasımızdın' «Bu'gingi ku'nde ideyanı tıyım salıw menen, ha'kimshilik sharalar menen jen'ip bolmaydı. İdeyag'a qarsı tek g'ana ideya, pikirge qarsı tek g'ana pikir, jawızlıqqa qarsı ag'artıwshılıq penen ba'sekege kirisiw, gu'resiw mu'mkin»[3], degen pikirleri ha'r bir watanlasımız ushın a'mel qılıwı sha'rt bolg'an da'stu'r.

Bu'gingi ku'ni milliy oyanıw ruwxı, milliy ideya o'mirimizge barg'an sayın teren'irek kirip barmaqta. Sonın' menen birge, bazı-bir sırt el ma'mleketlerinde tu'rli ideya ha'm ko'z qaraslar nıqabı astında bizin' milliy qa'driyatlarımızg'a, ulıwma, barlıq millet wa'killeri hu'rmet etetug'ın ulıwma insaniy printsiplerge pu'tkilley tuwrı kelmeytug'ın unamsız ha'reketler televidenie arqalı tez-tez ko'zge taslanıp turıptı. Haqıyqatında da, bunday g'ayrı insanıy ha'reketlerdi ko'rgende, insan ıqtiyarsız tu'rde oylanıp qaladı: shınında, demokratiyadan maqset insannın' qa'dir-qımbatın ornına qoyıw emes pe? Ku'pa' ku'ndiz ku'ni qıp-jalan'ash ko'shege shıg'ıp ha'r tu'rli demonstratsiyalar o'tkerip, kimlerdin'dur huquqın talap etpekshi bolıp atırg'an kimseler shınında adamzattın' en' ullı baylıg'ı bolg'an joqarı sezimlerdi ayaq astı etip atırg'an joq pa, aqıl-zeyin ha'm pikirlew, ar-namıs iyesi bolg'an insannın' qa'dir-qımbatın tu'sirip atırg'an joq pa? İnsanıylıqtı ha'r na'rseden qa'dirli bilgen xalqımız bunday «demokratiya», bunday «erkinlik»ti hesh qashan qabıl qıla almaydı. Sol sebepli de bunday jat ha'm zıyanlı ideya ha'm de ha'reketlerdin' turmıs ta'rizimizge kirip, jaslarımızdın' qa'lbin iyelewi, u'rip-a'det, qadriyatlarımızdı qa'dirsizlendiriwge qarsı bolıw ha'r bir ta'rbiyalı insannın' watanparwarlıq minneti.

---

[1] Karimov İ.A. Milliy istiqlol g'oyasi - xalq etiqodi va buyuk kelajagiga ishonchidir - T.O'zbekiston. 2000, 6-7-bet
[2] Karimov İ.A. Milliy istiqlol g'oyasi - xalq etiqodi va buyuk kelajagiga ishonchidir - T.O'zbekiston. 2000, 6-7-bet
[3] Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq - millatni millat qilishga xizmat qilsin.T.O'zbekiston. 1998.10-bet

Ayrım ku'shler ta'repinen «demokratiyanı tarqatıw» formasında a'melge asırılıp atırg'an isler tuwrıdan-tuwrı Batıs turmıs ta'rizinin' zorlıq penen «jalg'an demokratiya» formasında engiziwge aylanıp ketip atır. Bir waqıtları, «ja'han proletariat revolyutsiyası» qanday eksport qılıng'an bolsa, bul buzıqlıq, uyatsızlıq, reyimsizlik ha'm zorlıq sıyaqlı salamat insan ta'biyatına jat hallar sonday eksport qılınbaqta. Bunday ideyalar zıyanlı. Og'an qarsı ku'shli immunitet za'ru'r. Sonlıqtanda «Ha'r qanday keselliktin' aldın alıw ushın, da'slep, Adam organiziminde og'an qarsı immunitet jaratıladı. Biz de perzentlerimiz ju'reginde ana Watang'a, bay tariyxımızg'a, ata-babalarımızdın' muqa'ddes dinine tuwrı mu'na'sebetti qa'liplestiriwimiz, ha'tteki, olardın' ideologiyalıq immunitetin ku'sheytiriwimiz za'ru'r»[1]. Usı wazıypanı milliy g'a'rezsizlik ideyası ha'r qanday ko'rinistegi zıyanlı illetlerdi, zorlıqtı, a'depsizlikti, isenimsizlikti, bilimsizlikti, buzıwshı pikirlerdi ha'm jawız ideyalardı biykarlaydı, jaslar ku'sh-jigerinin' bekkem bolıwına, olarda salamat pikir ha'm onın' tiykarında iyman-isenimnin' bekkemleniwine, Watandı bay tariyxı, u'rip-a'det, da'stu'rlerine, dinine hu'rmet penen qatnasta bolıwg'a u'yretedi. Olardı o'z g'a'rezsiz pikirine iye bolg'an, jawızlıqtın' ha'r qanday ko'rinisine ilim-ag'artıwshılıqtı qarsı qoyatug'ın, milliy ar-namıs, maqtanısh penen jasawg'a shaqıradı.

Shınında da, milliy g'a'rezsizlik ideyası ma'mleketimizde qanday da bir ideologiyanın' absolyutlesiwi, birden bir normag'a aylanıwına jol qoymaydı. Ol pikirler ko'p tu'rliligine su'yengen halda, ja'miyettin' na'tiyjeli rawajlanıwın ta'miynlewge xızmet etedi.

Ha'r tu'rli, bir-birinen parıq qılatug'ın ko'z qaraslar, siyasiy, milliy, diniy ag'ımlar, sektalar ortasındag'ı pikir talasıwları bazıda ba'seke shen'berinen shıg'ıp qanlı soqlıg'ısıwlar, qırg'ınlarg'a sebep bolmaqta, tu'rli ma'mleketlerde ko'plegen apatshılıqlardı keltirip shıg'armaqta. Usı faktorlardın' milletimizge, g'a'rezsizligimizge, ruwxıylıg'ımızg'a zıyanlı bolg'anlıg'ın aytıp, jurtbasımız «milletti asıraw kerek», degen ideyanı alg'a su'rdi.

Milletti asıraw – o'zligimizdi, a'dep-ikramlılıqtı, miyrasımız, baxalıqlarımız ha'm miliy ruwxımızdı zıyanlı ideyalar ha'm ideologiyalıq ta'sirinen asırap-abaylaw, olarg'a qarsı puxaralarımız ha'm jaslarımız qa'lbinde ideologiyalıq immunitetti qa'liplestiriw degen ma'nini an'latadı.

Xalqımızdı tu'rli ideyalıq ha'm ideologiyalıq qa'wiplerden asıraw, ja'miyette ideologiyalıq immunitet payda etiw ushın onı, da'slep, rawajlanıw nızamlıqların o'zinde teren' sa'wlelendiretug'ın salamat, insanpa'rwar ideya ha'm ideologiya menen qurallandırıw kerek. Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' tiykarg'ı wazıypası bolsa xalqımızda milliy isenim ha'm du'nyag'a ko'z-qaras tiykarların qa'liplestiriwden ibarat.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasına isenimi bolg'an ha'r bir adam jaman pikirge – jaqsı pikir menen juwap beredi. O'zinin' pikirine iye boladı. O'zinin' erkin pikirine iye bolmasa, juwap bere almaydı.

[1] Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq - millatni millat qilishga xizmat qilsin.T.O'zbekiston. 1998.10-bet

Mine sonday jawız ideyag'a – iygilikli ideya menen, jawızlıqqa ag'artıwshılıq penen juwap beredi. Bu'gingi ideologiya tarawında bolatug'ın tu'rli ko'rinistegi gu'reslerde a'ne sonday jol menen jen'ip, milliy o'zlikti saqlap qalıw mu'mkin.

## §2. Bu'gingi du'nya rawajlanıwı ha'm globallasıw protsesslerinde milliy ideyanın' a'hmiyeti.

Ja'miyet rawajlanıwında tu'rli maqset ha'm wazıypalar ha'r tu'rli ideologiyalıq kurallar menen a'melge asırıladı.

İnsanlar, xalıqlar ha'm ja'miyetler turmısında tan'lag'an ideyalıq bag'dar, milliy ideologiya a'hmiyetti talap etedi. İdeologiya bolmasa, adam, ja'miyet, ma'mleket o'z jolın jog'altıwı mu'mkin. Ha'r qanday ideologiya to'mendegi tiykarg'ı maqsetlerdi na'zerde tutadı:

- belgili bir ideyag'a isendiriw;
- u'yistiriw;
- tartıw;
- ma'nawiy-ruwxıy xoshametlew;
- ideyalıq ta'rbiyalaw;
- ideyalıq immunitetti qa'liplestiriw;
- ha'reket da'stu'ri bolıw.

İdeologiya o'z aldına qoyılg'an sol sıyaqlı maqsetlerdi orınlay alsa g'ana, a'meliy na'tiyje beriwi mu'mkin.

**Bu'gingi du'nyanın' ideologiyalıq ko'rinisi.** Ha'zirgi da'wir – du'nyada ideyalıq qarama-qarsılıqlar qıyın tu's alg'an, ideologiya poligonları yadro poligonlarınan da ku'shlirek bolıp baratırg'an da'wirdir.

Sonın' menen birge, ha'zirgi waqıtta ideologiyalıq qurallar arqalı o'z shen'berin ken'eytiriwge talpıng'an siyasiy ku'shler ha'm ha'reketler de joq emes. Tajawızker milletshilik ha'm shovenizm, neofoshizm ha'm kommunizm, rassalıq ha'm diniy ekstremizm ideologiyaları solar tiykarında.

Jigirmalanshı a'sirdin' aqırında ju'z bergen ja'miyetlik-siyasiy o'zgerisler, eki polyuslı du'nyanın' saplastırılıwı na'tiyjesinde salıstırmalı ten' salmaqlılıq buzılıwı du'nyanın' ideologiyalıq ko'rinisin tu'pten o'zgertirip jiberdi. İnsan kewli ha'm sanasın iyelew ushın gu'res ha'r tu'rli ideyalar menen qurallang'an, tu'rli dereklerden azıqlanatug'ın ideyalardın' tiykarg'ı maqsetine aylanbaqta.

**İdeologiyalıq protsesslerdin' globallasıwı.** Bu'gingi du'nyada sheksiz ilimiy ashılıwlar u'lken texnikalıq imkaniyatlar, universal texnologiyalar, axborot tarqatıwdın' globallasıwı, yag'nıy olardın' pu'tkil zamindi qamtıp alıw protsessi tezlik penen barmaqta. Ma'selen, İnternet sisteması arqalı axborot almasıw, ideologiyalıq ta'sir o'tkeriw imkaniyatları da elede ken'eymekte. A'sirese axborot tarawındag'ı globallasıw adamzat ushın, du'nyanın' barlıq aymaqlarındag'ı adamlardın' o'z-ara baylanısı ushın, ilim-pa'n ha'm ma'deniy baylıqların o'zlestiriw ushın u'lken imkaniyatlar jaratatug'ın protsess.

Qaysı bir aymaq yaki ma'mlekette payda bolıp atırg'an ideyalar tez arada pu'tkil du'nyag'a jayılmaqta. Na'tiyjede adamzat belgili bir ma'mleketler ha'm

siyasiy ku’shlerdin’ ma’plerine xızmet qılatug’ın, alıs-jaqın dereklerden tarqalg’an, tu’rli ideologiyalıq oraylardın’ basımın ku’ndelikli ra’wishte sezip jasamaqta.

Bunday jag’dayda o’z g’a’rezsiz pikirine, isenimine, bekkem shıdam ha’m du’nya qarasına iye bolmag’an adam ga’ a’shkara, ga’ jasırın ko’riniste bolıp atırg’an ideologiyalıq qısımlarg’a ba’rdash bere almaydı. Yaponiyada payda bolg’an “AUM Sinrike” sıyaqlı zıyanlı ag’ımlar tu’rli ma’mleketlerdegi mın’lap jas jigit-qızlardı shıdamlılıg’ınan, sana-seziminen mahrum etip, zombig’a aylandırıp qoyg’anı bul pikirdin’ da’liylidur.

Ken’ ko’lemli integratsiya ha’m globallasıw protsessleri du’nya rawajlanıwının’ ha’zirgi waqıttag’ı za’ru’r qa’siyetlerinen biri ekenin aytıp o’tken halda, olardın’ ku’shli ideologiyalıq ta’sir o’tkeriw quralı ekenin de umıtpaw kerek.

**G’a’rezsizlikti bekkemlewde milliy ideyadan go’zlengen maqsetler.** G’a’rezsizlik jıllarında erisilgen jen’isler, bar bolg’an mashqalalardı qalıs tu’rde sheshiw, tiyisli juwmaq ha’m de sabaqlar shıg’arıw- milliy ideyanın’ za’ru’rligi ha’m a’hmiyetinin’ barg’an sayın artıp barıwın ko’rsetpekte.

Ma’mleketimiz Prezidenti İ.A.Karimov milliy g’a’rezsizlik ideyası ha’m ideologiyasın qa’liplestiriw za’ru’rligi haqqında g’a’rezsizliktin’ da’slepki jıllarınan- aq pikir ju’rgiziwi tosınnan bolg’an emes. Sebebi, «Milliy g’a’rezsiz ma’mleket bar eken, onın’ g’a’rezsizligine ha’m erkinligine, da’stu’r ha’m u’rp-a’detlerine qa’wip salatug’ın, onı o’z ta’sirine alıw, onın’ u’stinen hu’kimranlıq qılıw, onın’ baylıqlarınan o’z ma’pi jolında paydalanıwg’a qaratılg’an urınıwlar ha’m ha’reketler ba’rhama qa’wip sıpatında saqlanıp qalıwı so’zsiz»[1].

Demek, milliy ideyanın’ za’ru’rligi, en’ aldı menen, ma’mleketimiz g’a’rezsizligin bekkemlew ushın za’ru’rli. Onın’ za’ru’rligi to’mendegi ma’selelerda a’melge asırıw menen baylanıslı halda ko’rinedi.

-aldımızg’a qoyılg’an joqarı maqset-mudda’a’larımızg’a, yag’nıy azat ha’m abat Watan, erkin ha’m pa’rawan turmıstı qurıw;

-eski ideologiyalıq illetlerden tolıq qutılıw;

-ideyalıq boslıq payda bolıwına jol qoymaw;

-uzaq da’wirler dawamında adamlar sanasına hu’kimran bolg’an o’zge ha’m jat ideyalardın’ ja’ne de qayta tikleniwine jol qoymaw;

-xalqımız ta’biyatına qayshı keletug’ın o’zge ideyalardan, a’sirese, jas a’wladtı qorg’aw;

-ha’r qanday agressiv ideyalarg’a qarsı tura alatug’ın, ha’r ta’repleme kamalg’a jetisken a’wladtı ta’rbiyalaw za’ru’rliginin’ g’a’rezsizlikti bekkemlewdegi ornın an’lawı arqalı ha’reket da’stu’rine iye bolıw;

-g’a’rezsiz ma’mleketimizdin’ ha’r bir puqarasında Watan ta’g’diri ushın juwapkershilik sezimi bolıwı za’ru’r.

G’a’rezsizlikti bekkemlewde milliy ideyadan go’zlengen maqsetlerdin’ ken’ qamrawlı ilimiy-teoriyalıq ha’m a’meliy bag’darları Prezident İ.Karimovtın’ miynetlerinde, bayanat ha’m lektsiyalarında o’zinin’ anıq kontseptual ko’rinisin tapqan.

---

[1] Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar.- T: O’zbekiston, 2001, 3 bet

G’a’rezsizlik jıllarında ja’miyetimiz ag’zalarının’ du’nyag’a ko’z-qarası, pikirlew ta’rizinde teren’ o’zgerisler ju’z bermekte. A’ne, sonday sha’rayatta xalqımızdı birlestiretug’ın, do’retiwshilik iskerligine bag’darlaytug’ın, onın’ ullı maqsetlerin o’zinde jıynag’an milliy ideya ha’m ideologiyanı jaratıw ja’miyetlik-siyasiy ha’m manawiy rawajlanıwımızdın’ a’hmiyetli sha’rti sıpatında da za’ru’riyatqa aylandı.

G’a’rezsizlikti bekkemlewde milliy ideyanın’ za’ru’rligi ha’m onın’ a’hmiyeti de ishki ha’m sırtqı siyasatımız keleshegi, na’tiyjeliligi menen baylanıslı. Usı ko’z-qarastan milliy ideyanın’ za’ru’rligi ja’miyetimizdi rawajlang’an demokratiyalıq ma’mleketlerdegi sıyaqlı erkin ha’m pa’rawan turmıstı payda qılıw menen baylanıslı. Demek, milliy ideyanın’ negizindegi a’hmiyetli u’stem maqset- g’a’rezsizlikti bunnan da beter abaylap saqlaw, qorg’aw ha’m bekkemlew bolıp qala berer eken, onın’ za’ru’rligi hesh bir da’wirde o’z a’hmiyetin jog’altpaydı.

**Milliy ideya-O’zbekstan xalqının’ tiykarg’ı maqset ha’m ma’plerinin’ ko’rinisi.** Turmıslıq baqlawlar geyde ziyalılarımız ortasında da bizge milliy ideya, milliy ideologiya ne ushın, kim ushın kerek, onın’ ma’ni-mazmunı neden ibarat, degen a’hmiyetli ma’selege ja’ne bir ma’rte aydınlıq kirgiziw za’ru’rligin ju’zege keltirmekte. Bunda, yag’nıy milliy ideyada O’zbekstan xalqının’ ma’mleketimiz rawajlanıwında belgilep alg’an tiykarg’ı maqset ha’m ma’plerdin’ ko’rinisi toplang’an.

Birinshiden, o’zinin’ keleshegin ko’rmekshi ha’m qurmaqshı bolg’an ha’r qanday ma’mleket yaki ja’miyet, a’lbette. o’z milliy ideyasına tayanıwı za’ru’rligi menen baylanıslı;

Prezident İ.Karimov so’zi menen aytsaq «ma’mleket dizimi, onı basqarıw ha’m alıp barıw ha’m alıp barılıp atırg’an siyasat, aldı menen, anıq ha’m rawshan sa’wlelengen ideologiya tiykarına qurılıwı lazım. Yag’nıy, aldın ma’mleket qurılısı ha’m onnan keyin ideya tiykarında ideologiya payda bolıwı ta’biyiy hal. Bunı jaqsı biliwimiz lazım. Yag’nıy aldın ideya payda boladı, onnan keyin ideya tiykarında ideologiya, ideologiya tiykarında dizim, siyasat payda boladı»[1]. Demek, o’z milliy ideyasına tayanbag’an ja’miyet kriziske ushırawı, o’z jolın jog’altıwı anıq.

Ekinshiden, milliy ideya O’zbekstan xalqının’ tiykarg’ı maqset ha’m ma’plerinin’ ko’rinisi sıpatında sonın’ ushın da za’ru’rli, adamlar sanasın, pikirlewin o’zgertpesten turıp, go’zlengen joqarı maqset- azat ha’m abat ja’miyetti, erkin ha’m pa’rawan turmıstı qurıp bolmaydı. Bunın’ ushın bolsa, adamlar belgili ideyag’a iseniwi ha’m tayanıwı za’ru’r. Bul protsess o’z-o’zinen ha’reketke kelmeydi, a’lbette. Sebebi, ken’ xalıq massasın qanday da bir ideyanın’ aldın’g’ı ha’m insanpa’rwar ekenligine isendiriw ushın, aldı menen, bul ideyanın’ tuwrı, turmıslıq ha’m aktual ekenligine isendiriw za’ru’r. İsendiriw ushın onın’ ilimiy ha’m turmıslıg’ına o’z aldına itibar qaratıw menen birge milliy ideyanın’ o’zi ma’mleketimiz xalqının’ tiykarg’ı maqset ha’m ma’plerin sa’wlelendiriwi kerek.

U’shinshiden, milliy ideyanın’ za’ru’rligi millettin’ o’zligin tolıq an’law protsessi menen baylanıslı. Sebebi, millet o’zligin tolıq an’lamas eken, hesh bir ullı

[1] Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon h’aёt – pirovard maqsadimiz. 8 jild. – T: O’zbekiston, 2000, 464-465 b.

o’zgerisler isley almaydı. Milliy o’zin-o’zi an’law, ol yaki bul milletti o’zge milletlerden ajıralıp ketiwine emes, ba’lkim o’zligin an’lag’an milletlerdin’ marifatlasqan birge islesiwinin’ bekkemlenip barıwına xızmet qıladı. A’ne, sonday ju’da’ quramalı sha’rayatta, milliy o’zlikti an’lawda milliy ideyag’a tiykarg’ı tayanısh ku’sh, ilimiy-teoriyalıq ha’m a’meliy da’stu’r sıpatında ha’r bir insannın’ ruwxı, keypiyatı, sezimlik keshirmelerine kirip barıw arqalı onın’ qa’lbine ha’m sanasına ta’sir ko’rsetedi. Bul milliy ideyanın’ xalıq turmısına jaqın, og’an tikkeley baylanıslı ekenligin belgilew lazım.

Demek, O’zbekstan g’a’rezsizligin bekkemlewde milliy ideyada bu’gingi turmıstın’ en’ aktual mashqalaları, onın’ strategiyalıq maqsetleri menen dialektikalıq baylanısı ushın jasaw sha’rti bolıp sanaladı.

To’rtinshiden, ma’mleketimiz g’a’rezsizligin bekkemlewde milliy ideyanın’ za’ru’rligi ja’ne bir a’hmiyetli jag’day menen, yag’nıy bu’gin bizin’ tariyxıy o’zgerisler dawirinde totalitar du’zimnen erkin demokratiyalıq du’zimge o’tiw sha’rayatında jasap atırg’anlıg’ımızdan kelip shıqpaqta.

«Bul o’tiw da’wiri o’zine ta’n, ju’da’ u’lken g’aw ha’m tosıqlarg’a dus keliwi, qatan’ gu’resler arqalı keshiwi barlıg’ımız ushın ayan bolıwı da’rkar. Xalqımız ha’m ja’miyetimizdi mine usı da’wirde jan’a gorizontlarg’a qaray baslaw, shaqırıqlarda maqsetlerimiz anıq bolıwı kerek. Bunday maqsetlerge bolsa, aldı menen teren’ oylang’an ha’m puxta islengen ideologiya tiykarında jetisiw mu’mkin». Demek, milliy ideya ha’m g’a’rezsizlikti bekkemlew ideyasının’ o’zegi bolg’an- saylang’an rawajlanıw jolımızdın’ tuwrı ha’m a’dil ha’m haqıyqıy ekenligine, ol mine usı jerde jasawshı ha’r bir insannın’ turmıslıq ma’plerine say keliwine ken’ massanı isendiriw arqalı olardı do’retiwshilik islerine bag’darlaw ushın xızmet qıladı.

G’a’rezsizlikti abaylap saqlaw, qorg’awda milliy ideyanın’ ornın basqa hesh bir faktor basa almaydı. Usı ko’z-qarastan ma’mleket siyasatının’ ustem bag’darları, maqset ha’m wazıypaların manauiy ta’repten ta’miynlew, bu’gingi ku’ni ma’mleketimiz ta’g’diri ushın en’ aktual ma’selelerden. Bunın’ jarqın ko’rinisi Prezident İ.Karimovtın’ O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisinin’ on to’rtinshi sessiyası (2004-jıl 29-aprel)degi «Watanımızdın’ tınıshlıg’ı ha’m qa’wipsizligi o’z ku’sh-qu’diretimizge, xalqımızdın’ birligi ha’m iyilmes erkine baylanıslı»lıg’ı haqqındag’ı so’zinde ha’m de Oliy Majlistin’ ma’mleketimiz puqaralarına mura’jatanamasında bayan etti. A’sirese, onda sonday delingen: «Bu’gin tsivilizatsiya o’zine ta’n ha’m qarama-qarsılıqlı bir da’wirde jasamaqta. Bir ta’repten ilim-pa’n ha’m texnika, jetik texnologiyalar rawajlanıp, insanpa’rwarlıq ideyaları, demokratiyalıq qa’diriyatlar, o’z-ara birge islesiwde du’nya boylap qarar tappaqta. Ha’zirgi waqıtta, jer ju’zinin’ tu’rli regionlarında qurallı kelispewshilikler ju’z berip atırg’an, xalıq-aralıq terrorizmnin’ jan’a-jan’a topılısları aqıbetinde mın’-mın’lap adamlardın’ o’mirden ko’z jumıp atırg’anı usı zamannın’ ashshı haqıyqatıdur»[1].

[1] «Xalq swzi», 2004 yil, 30 aprel

*«İdeologiya ha'r qanday ja'miyet turmısında za'ru'r. ideologiya bolmasa adam, ja'miyet, ma'mleket o'z jolın jog'altadı. Qay jerde, ideologiyalıq boslıq payda bolsa, sol jerde jat ideologiya hu'kimranlıq qılıwı so'zsiz»*

**«Ja'miyetimiz ideologiyası xalıqtı-xalıq, milletti-millet qılıwg'a xızmet qılsın».**

**İ.A.Karimov**

**Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' g'a'rezsizligin bekkemlewde ko'riniwi.** Bizge ma'lim, g'a'rezsizlik sebepli basqa xalıqlar qatarı biz de o'z milliy ta'biyatımız ha'm mın' jıllıq da'stu'rlerimizge qayshı keletug'ın jalg'an kommunistlik ideyadan waz keshtik. Lekin, insaniyat tariyxı sol na'rseni qatan' ra'wishte da'lillegen, ideologiya du'nyasında boslıqqa jol qoyıp bolmaydı eken. Qay jerde sonday hal ju'z bergen ta'g'dirde bos qalg'an ideologiya maydanın bizge biygana, arzıw-a'rmanlarımızg'a ulıwma jat ideyalardın' iyelewge urınıwı ha'm tariyxıy da'lillengenligi gu'mansız. Eger de qorshag'an a'tirapımızdag'ı bolmısqa teren'irek na'zer taslaytug'ın bolsaq, ta'biyiy resurslarg'a bay, geosiyasiy ko'z-qarastan ju'da' qolay aymaqta jaylasqan jurtımızg'a ko'z alartqan, bizge ta'sirin o'tkeriwdi qa'leytug'ın tu'rli sag'lam bolmag'an ku'shler barlıg'ın inkar qıla almaymız. «Olar, -dep aytadı İ.Karimov- o'z niyetlerin a'melge asırıw ushın hesh na'rseden qaytpaytug'ınlıg'ı bu'gingi ku'ni ayan bolıp qaldı. Bul ku'shler ko'p qarjı ha'm zamanago'y qural-jaraqlarg'a iye. Lekin olardın' en' jawız- milliy qa'diriyatlarımızg'a tuwrı kelmeytug'ın, en' jamanı, erten'ine ornımızdı iyeleytug'ın jas a'wladtın' qa'lbi ha'm pikirlewin za'ha'rleytug'ın buzg'ınshı ideologiya bolıp sanaladı.

Ha'zirgi payıtta ju'z berip atırg'an ayırım unamsız halatlar, qolaysız ha'reketler, jawız isler, aldı menen ideologiyalıq boslıq sebepli bolmaqta». Sol orında nege sol dushpanlarımız ele turmıslıq ta'jiriybege iye bolmag'an, aq-qaranı tanıp u'lgermegen jaslarg'a qaratpaqta, degen soraw tuwıladı. Sebebi, tap sol jaslar ma'mleketimiz g'a'rezsizligin bekkemlewde tiykarg'ı tayanısh ku'shi. Ha'zirgi payıtta, jaslarımızdın' kewili ashıq, sada, iseniwshen'.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' g'a'rezsizlikti bekkemlewde ju'zege keletug'ın protsessi o'zinin' bir qatar o'zgesheliklerine iye. Olar to'mendegilerden ibarat:

-Bu'gingi ku'nde adamzat belgili bir ma'mleketler ha'm siyasiy ku'shlerdin' ma'plerine g'ana xızmet qılatug'ın, alıs-jaqın dereklerden taralatug'ın, tu'rli ma'ni-mazmundag'ı ideologiyalıq ku'shlerdin' ta'sirin ba'rhama sezip jasawı. Axborot a'siri, elektronika a'siri dep atap atırg'an XXI a'cirdin' bu'gingi ku'ni de bul ta'sirlerden azat boldı dep ataw qıyın. Demek, bu'gingi ku'ni «ideologiya poligonları yadro poligonları»na qarag'anda da ko'birek ku'shke iye. Bul onın' o'zgesheliklerinen biri.

-Eger a'skeriy, ekonomikalıq, siyasiy agressiya bolsa, bunı seziw, ko'riw, aldın alıw mu'mkin. Lekin, ideyalıq agressiyanın', onın' ta'sirin ha'm aqıbetlerin tez bayqap alıw qıyın.

-Milliy ideya- millet pikirlewi ha’m sanasının’ o’nimi. Lekin, ha’zirgi payıtta, siyasiy sana da’rejesi ha’r bir millettin’ rawajlanıwın belgilep beretug’ın faktor bolıp esaplanadı. Demek, sananı, pikirlewdi o’zgertpesten turıp hesh bir ja’miyet o’zinin’ ullı maqsetine erise almaydı. Biz ha’m adamlar sanası ha’m pikirlewin o’zgertpesten turıp azat ha’m abat ja’miyet qura almaymız.

Milliy g’a’rezsizlik ideyasın bekkemlewdi a’melge asırıw ushın ol o’zinde nelerdi toplawı ha’m qanday talaplarg’a juwap beriwi za’ru’r.

Milliy ideologiya- aldı menen, o’zligimizdi, muqaddes da’stu’rlerimizdi an’lawg’a ja’rdem beriw, xalqımızdın’ ko’p a’sirler dawamında qa’liplesken arzıw-a’rmanların, ja’miyetimiz aldına qoyg’an ullı maqset ha’m wazıypalardı qamtıp alıwı sha’rt.

-Ja’miyetimizde bu’gingi ku’ni bar bolg’an ha’r qıylı pikirler ha’m ideyalar, erkin ko’z-qaraslardan, ha’r qanday taypalar ha’m toparlardın’ umtılıwları ha’m u’mitlerinen, ha’r qanday insannın’ isenimi ha’m du’nya qarasına qaramastan, olardın’ barlıg’ın biriktirip milliy bayraq a’tirapında birlestiretug’ın, xalqımız ha’m ma’mleketimizdin’ erkinligin asıraytug’ın, el jurtımızdı en’ ullı maqsetlerge qaray shaqıratug’ın milliy g’a’rezsizlik ideyası- ideologiya bolıwı sha’rt.

-Milliy ideologiya ha’r qanday agressiv milletshilik ha’m sog’an uqsag’an elementlerden, basqa elat ha’m xalıqlardı mensinbew, olardı kemsitiw keypiyatı ha’m ko’z-qaraslarınan absolyut azat bolıwı, qon’sı ma’mleket ha’m xalıqlar, ulıwma du’nya ja’miyetshiliginde, xalıq aralıq arenada o’zimizge mu’na’sip hu’rmet ha’m izzetke erisiwge tırnaq bolıwı lazım.

-Milliy ideya, birinshi na’wbette, jas a’wladımızdı watanpa’rwarlıq, el-jurtqa sadıqlıq ruwxında ta’rbiyalaw, olardın’ qa’lbine milliy-manawiy qa’diriyatımızg’a say insanpa’rwarlıq ha’m insaniylıq pazıyletlerin sin’diriwdey joqarı islerimizde ma’detker bola aladı.

Milliy ideya Watanımızdın’ ataqlı o’tmishi ha’m ullı keleshegin tıg’ız baylanıstırıp turıwg’a, o’zimizdi ullı a’jdadlarımız ma’n’gi miyrasının’ mu’na’sip miyrasxorları dep seziw, sonın’ menen birge, ja’ha’n ha’m zamannın’ ulıwma tsivilizatsiyalıq jen’islerine erisiwge jol ashıp beretug’ın ha’m usı maqsetlerge u’zliksiz shaqırıwshı ideyadur.

Demek, milliy ideya, milliy maqtanısh ku’ndelikli mashaqatlı islerimizde ha’m do’retiwshilik iskerligimizde ku’shimizge-ku’sh, g’ayratımızg’a-g’ayrat qosıp, haqıyqattan da keleshegi ullı ma’mleket qurıp atırg’anımızg’a bekkem isenim bag’ıshlaydı.

G’a’rezsiz O’zbekstan ushın, onın’ rawajlanıwı ha’m ullı keleshegi ushın endi bir qansha a’hmiyetli wazıypa ha’m mashqalalardı sheshiw tiykarg’ı wazıypalardan biri bolıp qalmaqta. A’ne, sonday wazıypalardan biri milliy g’a’rezsizlik ideologiyasına isenimdi bekkemlewden ibarat. Milliy g’a’rezsizlik ideologiyasın bekkemlew za’ru’rligi, pikirimizshe bir qatar sha’rt-sha’rayatlardan kelip shıg’adı. Olar to’mendegilerden ibarat:

-O’zbekstan o’zinin’ g’a’rezsiz rawajlanıw jolına qa’dem qoyg’an da’slepki payıtlarda- eski, jalg’ız ideologiyadan pu’tkilley waz keshiletug’ın, jan’a

ideologiya bolsa ele islep shıg'ılmag'an, ilimiy tiykarlap berilmegenligi menen baylanıslı edi.

-Ulıwma tsivilizatsiyalıq tariyxıy rawajlanıw analizi sonı ko'rsetedi, hesh qanday ja'miyet ideologiyasız jasay almag'an. Du'nyadag'ı ha'r bir ja'miyettin', ha'r bir ma'mlekettin' o'zine ta'n, o'zine say keletug'ın, onın' ushın xızmet qılatug'ın, tu'pkilikli maqsetleri ha'm ma'plerin qorg'aytug'ın ideologiyası bolg'an. Demek, adamlar qaysı bir ja'miyette jasamasın negedur iseniwi, sıyınıwı, qanday da bir sag'lam ideyag'a, ta'limatqa tiykarlanıp is ko'riwi, iskerlik ko'rsetiwi tariyxıy za'ru'rlik bolıp sanaladı.

-G'a'rezsiz O'zbekstan ushın, milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' tariyxıy za'ru'rligi de sonda, demokratiyalıq ja'miyet qurıw ushın onın' ja'miyetlik-ekonomikalıq, siyasiy, huquqıy, ma'deniy-manawiy fundamentin jaratıw ha'm bekkemlew ushın o'zimizge say ha'm ta'n milliy ideologiya suw ha'm hawaday za'ru'r. Bunı bizge g'a'rezligimizdin' turmıslıq ta'jriybesi anıq-ra'wshan ko'rsetip turıptı. Demek, milliy ideya- ja'miyet turmısının' barlıq tarawların o'zinde qamtıp aladı ha'm onın' manawiy negizinin' kriteriyasına aylanadı. Sol ko'z-qarastan qaralsa, adamlarg'a manawiy ta'sir etiwdin' tiykarg'ı usılı da bolıp sanaladı.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimov ken' ja'ma'a'tshilikti, alımlar, shayırlar, jazıwshılardı ideologiya ma'selesine salmaqlı itibar qaratıwg'a shaqırıp, 1993-jılı, yag'nıy g'a'rezsizliktin' da'slepki jıllarında-aq «aldımızda turg'an en' a'hmiyetli ma'sele, bul milliy g'a'rezsizlik ideologiyasın jaratıw ha'm turmısımızg'a engiziw» dep uqtırg'an edi[1].

Haqıyqatında da, g'a'rezsiz O'zbekstannın' milliy g'a'rezsizlik ideologiyası aldında ullı maqset-muddaalar, ku'ta' aktual wazıypalar turıptı. Onın' tiykarg'ı maqsetlerinen biri- O'zbekstan aymag'ında jasawshı ha'r bir puqaranı, ha'r bir millet ha'm elat adamların ka'mil insan etip ta'rbiyalaw, g'a'rezsizliktin' sanalı pidayısına aylandırıwdur. Nege desen'iz, ja'miyet rawajlanıwı g'a'rezsizlik penen baylanıslı bolg'an ullı wazıypalarda orınlawg'a massanı bag'darlawda milliy ideyasız elesletiw mu'mkin emes. İnsannın' iskerligi onın' aldın'g'ı, do'retiwshi, o'zimizge ta'n ha'm say milliy ideyag'a qatan' a'mel qılıw ha'm iseniwine baylanıslı. Demek, g'a'rezsizlik ideologiyası pu'tkil O'zbekstan xalqının' milliy ruwxın, ma'deniy miyrasın, sezimlerin, milliy maqtanısh ha'm sezimlerin, ku'sh-qu'diretin, arzıw-a'rmanların o'zinde ja'mlestiredi. A'ne sonday qu'diretli faktor bolg'an ideologiyanın' qa'liplesiwinde tariyxıy bilimler, tariyxıy eslewlerinde a'hmiyeti ten'sizdur. Sol orında N.Ostroumov o'kinish penen aytqan juwmag'ın keltiriw maqsetke muwapıq: «Ixtıyarsız oylanıp qalasan', -dep jazadı ol o'z ku'ndeliklerinde- qalaq, a'zzi, qurallanbag'an basqa xalıqlardı basıp alıwımız mu'mkin eken da, biraq basqa kemshiliklerimizdi esapqa almag'anda, o'zimizge artıqsha baha beriwimiz, biypa'rwa jalqawlıg'ımız ha'm de ma'mleket idara usılındag'ı qalaqlıg'ımız sebepli olardı basqarıwdı bilmeydi ekenbiz. Biz shet ma'mleketlerge qarag'anda ma'deniyatımız pa'sliginshe qalmaqtamız...Biz jergilikli xalıqtın' ya tilin, ya u'rp-a'detlerin, ya dinin bolsada u'yrenbedik».

---

[1] Karimov İ.A. Buyuk maqsad yulidan og'ishmaylik.- T: O'zbekiston, 1993, 9 b.

G’a’rezsizlikti bekkemlewde O’zbekstan ushın milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ tariyxıy za’ru’rligi ha’m onın’ demokratiyalıq ja’miyet qurıwdag’ı ornı ja’ne bir qatar bar bolg’an mashqalalardı sheshiw menen baylanıslı. Olar to’mendegilerden ibarat:

-birinshiden, milliy g’a’rezsizlik ideologiyası adamlarda milliy ma’deniyattın’, milliy sananın’, milliy maqtanıshtın’ o’siwi ha’m rawajlanıwın ta’miynlew faktorı sıpatında g’a’rezsizlikti bekkemlewde u’lken a’hmiyetke iye;

-ekinshiden, milliy g’a’rezsizlik ideologiyası adamlarda milliy birlik ha’m awızbirshilik sezimlerin qa’liplestiriw arqalı jaslarda watanpa’rwarlıqtı ta’rbiyalaydı ha’m g’a’rezsizlikti bekkemlewge xızmet qıladı;

-u’shinshiden, g’a’rezsiz O’zbekstan ushın milliy g’a’rezsizlik ideologiyası xalıqtı, miynetti su’yiw ha’m qa’dirlewge shaqırıw, miynetsiz ırısqı-nesiybe, materiallıq-ruwxıy baylıq ha’m keleshek joq ekenligin, g’a’rezsizligimizdin’ turaqlılıg’ı ha’m ta’g’diri ha’m og’an baylanıslılıg’ın adamlar sanası ha’m qa’lbine teren’ sin’diredi.

Milliy g’a’rezsizlik ideologiyası bir millet- o’zbeklerdin’ ma’pi menen g’ana baylanıslı emesligin o’z aldına belgilep o’tiwimiz kerek. O’zbekstanda jasap atırg’an o’zbekler, qaraqalpaqlar, qazaqlar, qırg’ızlar, ta’jikler, tu’rkmenler, ruslar, ukrainlar, evreyler, qullası, Respublikamızdı o’zinin’ janajan Watanı dep bilgen, onın’ menen maqtanısh etetug’ın barlıq millet ha’m elatlardın’ ten’ huquqlıg’ın, milliy maqtanıshtın’ ma’plerin qorg’aw ideologiyamız ma’nisinde tiykarg’ı orındı iyeleydi. Sonday-aq, milliy g’a’rezsizlik ideologiyası tiykarında ja’ha’ndegi barlıq rawajlang’an ma’mleketler, xalıqlar ta’repinen itibarg’a alınatug’ın ulıwma insanıy qa’diriyatlardı, unamlı ta’jiriybelerdi de esapqa aladı ha’m tayanadı.

G’a’rezsiz O’zbekstan ushın milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ tariyxıy za’ru’rligi ha’m onın’ demokratiyalıq qurıwdag’ı ornı- Prezidentimiz İslam Karimov ta’repinen absolyut jan’a ideyalardın’ islep shıg’ılıwı menen bir qatarda, bir qansha ma’mleketlerdin’ ta’jiriybeleri u’yrenilmekte. Pikirimizdin’ da’lili sıpatında bir g’ana O’zbekstan Konstitutsiyası joybarın tayarlawda 30 g’a jaqın shet el ma’mleketlerindegi nızamshılıq ta’jiriybeleri u’yrenilgenligin keltiriw orınlı. Na’tiyjede, kommunistlik ideologiyadan, qatlamlıqtan, partiyalılıqtan g’a’rezsiz bolg’an tiykarg’ı nızam jaratıldı.

G’a’rezsizlik sebepli birinshi ma’rtebe Konstitutsiyamızda ideologiyalar ha’m pikirlerdin’ ha’r qıylılıg’ı qarar tabıwı ushın sha’rt-sha’rayat jaratıldı. Ma’selen, Konstitutsiyanın’ 12-statyasında: «O’zbekstan Respublikasında ja’miyetlik turmıs siyasiy institutlar, ideologiyalar ha’m pikirlerdin’ ha’r qıylılıg’ı tiykarında rawajlanadı. Hesh qaysı ideologiya ma’mleket ideologiyası sıpatında ornatılıwı mu’mkin emes», dep jazıp qoyılg’an. Bul qag’ıyda Respublikada ja’miyetlik-siyasiy turaqlılıq ha’m g’a’rezsizlik ideologiyasın islep shıg’ıwda ha’m de g’a’rezsizlikti bekkemlewde u’lken a’hmiyetke iye bolmaqta.

İnsaniyat tariyxıy rawajlanıwınan sol na’rse bizge belgili, ha’r qanday sag’lam jan’a ideya ken’ ja’ma’a’tshiliktin’ sanasına teren’ sin’se, turmısta tamır atsa, a’meliyatta o’zin tolıq aqlasa sonda g’ana real barlıqqa, u’lken ja’miyetlik ku’shke aylanadı. Ha’zirgi payıtta, adamlarımızda g’a’rezsizligimiz haqqında bilim ha’m ideya, milliy g’a’rezsizlik ideyası tuwralı bilim bolsada, lekin a’ne usı bilim

ha’m ideya iyman ha’m isenimge, du’nya qarasqa aylanbasa, bunday ideologiyanın’ tırnag’ı bos boladı, g’a’rezsizlikti bekkemlewde, qa’sterlep-abaylawda a’meliy a’hmiyeti bolmaydı. Sol ko’z-qarastan Prezident İ.Karimovtın’ «O’zbekstannın’ o’z g’a’rezsiz ha’m rawajlanıw jolı», «O’zbekstan keleshegi ullı ma’mleket», «Jan’a u’y qurmay turıp eskisin buzban’», «Ullı maqset jolınan aljaspayıq», «O’zbekstan XXI a’sir bosag’asında: qa’wipsizlikke qa’wip, turaqlılıq sha’rtleri ha’m rawajlanıw kepillikleri», «O’zbekstan XXI a’cirge umtılmaqta», «Tariyxıy eslewsiz keleshek joq», «Ja’miyetimiz ideologiyası xalıqtı xalıq, milletti-millet qılıwg’a xızmet qılsın», «Milliy g’a’rezsizlik ideologiyası xalıq isenimi ha’m ullı keleshekke isenimdur» ha’m onın’ Oliy Majlis 2-shaqırıq 9 sessiyasında qılg’an bayanatında ha’m de miynetlerindegi biybaxa ilimiy-teoriyalıq qag’ıydalar, da’stu’riy jol-jorıqlar xalqımızdın’ ideyalıq-siyasiy, ulıwma, pu’tkil ruwxıy du’nyasın milliy g’a’rezsizlik ideyası tiykarında bayıtıwda, og’an isenim ha’m iymandı bekkemlewde, a’sirese u’lken a’hmiyetke iye. Usı kitaplarda g’a’rezsizligimizdi bekkemlewdin’ en’ aktual mashqalaları, teoriyalıq tiykarları, ilimiy a’meliy sheshimleri teren’ ha’m ha’r ta’repleme sa’wlelendirilip g’ana qalmay, sol payıtta milliy g’a’rezsizlik ideologiyamızdı adamlar sanası ha’m qa’lbine sin’diriwdin’ jol jorıqları da ko’rsetilip berilgen. Biraq bul bir qansha quramalı, juwapkershilikli protsess. Asıg’ıslıq qılıp, oylamastan is tutıp, o’zi bolarlıq tiykarında ha’reket qılıw u’lken juwapkershilikti umıtıp qoyıw milliy g’a’rezsizlik ideologiyasın turmısqa engiziw ma’selesinde u’lken zıyan jetkizedi. Bunnan ju’da’ abaylı bolıw lazım, sebebi «İdeologiya-o’tmish ha’m keleshek ortasındag’ı ko’pir»[1]. Sol orında biz insaniyat ja’miyeti o’z rawajlanıwında erisken barlıq jen’isler, en’ aldı menen ulıwma milliy ideologiyanın’ ha’mmeni birlestiriwshi ku’sh bolg’anlıg’ın belgilemekshimiz. Prezident İ.Karimov bul ma’selenin’ aktuallıg’ın Oliy Majlistin’ 2-shaqırıq I-sessiyasında so’ylegen bayanatında (22-yanvar 2000). «Bizin’ bas strategiyalıq maqsetimiz qatan’ ha’m o’zgermes bolıp, bazar ekonomikasına tiykarlang’an erkin demokratiyalıq ma’mleketti qurıw, puqaralıq ja’miyetinin’ bekkem fundamentin qa’liplestiriwden ibarat. Bul-toq eterin aytqanda, rawajlang’an ma’mleketlerdin’ ta’jiriybe ha’m rawajlanıw modellerinen tuwrıdan tuwrı ko’shirmegen halda, olarg’a ta’n jetik turmıs da’rejesi ha’m sapasına erisiw demekdur. Bul ma’mleketimizde milleti, tili ha’m dinine qaramastan ha’r bir insannın’ barlıq huqıq ha’m erkinlikleri kepillenetug’ın, pa’rawan turmıs ta’rizi ta’miynlenetug’ın demokratiyalıq rawajlanıw jolın izbe-iz dawam ettiriw demekdur». Bul barısta to’mendegi ma’selelerge o’z aldına itibar qaratıldı:

Ma’mleketimiz siyasiy turmısının’ barlıq tarawların, ma’mleket ha’m ja’miyet qurılısın erkinlestiriw. Bunda ja’miyetimizde bar bolg’an tu’rli ma’pler, qarama-qarsı ku’shler ha’m ha’reketler ortasındag’ı ten’ salmaqlılıqtı ta’miynleytug’ın na’tiyjeli mexanizmdi qa’liplestirsek, turmısımızdın’ turaqlı ha’m bekkem rawajlanıwın jetik kepillegen bolar edik. Milliy g’a’rezsizlik ideologiyası ha’m onın’ demokratiyalıq ja’miyet qurıwdag’ı ornı, en’ aldı menen, ma’mleketimiz siyasiy turmısında haqıyqıy ma’nidegi ko’ppartiyalılıq ortalıg’ı

[1] Jamiyatimiz mafkurasi xalqni-xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin.- T: O’zbekiston, 1998, 14 b

qarar tabıwı menen baylanıslı. Bul barısta Prezident İ.Karimov ekinshi shaqırıq O'zbekstan Respublikası Oliy Ma'jilistin' birinshi sessiyasında islegen bayanatında to'mendegi wazıypanı qoydı: «Ha'r bir partiya belgili ja'miyetlik qatlamg'a tayang'an halda, a'ne usı taypa ma'plerinin' qorg'awshısı sıpatında o'zinin' anıq, ra'wshan ha'reket da'stu'rine iye bolıwı kerek. Onda ha'r qaysı partiyanın' maqset ha'm wazıypaları, ja'miyet rawajlanıwı barısındag'ı usınısları o'z ko'rinisin tappag'ı lazım.

A'meldegi ko'ppartiyalılıq- bul ha'r qıylı ko'z-qaras ha'm ideyalar ortasındag'ı tartıs-gu'rrin', tu'rli partiyalar, ma'selen, oppozitsiya partiyalar ushın da siyasiy konkurentsiya maydanı demekdur»[2]. Biraq, bizin' pikirimizshe, o'tiw da'wirinde, ha'r qanday ja'miyette bolg'anınday, oppozitsiya, meyli ol ja'miyetti jan'alawdın' sho'lkemlestiriwshisi bolıwg'a umtılıp atırsa da, xalıqtın' belgili ja'miyetlik qatlamları ha'm toparlarının' ma'pleri ha'm umtılıwlarının' haqıyqıy sa'wlelendiriwshisi ha'm qorg'awshısı bolıwı lazım

Oppozitsiya konstitutsiyalıq normalar shegarasında iskerlik ko'rsetip, anıq da'stu'riy hu'jjetke iye bolıwı kerek. A'ne, usı da'stu'riy maqsetlerinen kelip shıg'ıp, xalıqtı, a'sirese, saylaw da'wirinde, o'zi usınıp atırg'an reformalar ha'm jan'alanıw jolı ha'zirgi sha'rayatta ja'miyet ushın en' tuwrı ha'm en' maqul jol ekenligine isendiriw lazım.

Haqıyqıy oppozitsiyanın' ju'zege keliwi ushın, onın' ha'kimiyat penen ideyalıq ha'm a'meliy usınıslar kirgize biletug'ın, ja'miyetimizdin' tu'rli siyasiy qatlamları ma'plerinin' su'wretlewshisi sıpatında arenag'a shıg'a alatug'ın oppozitsiya bolıwı ushın siyasiy jag'day ha'm turaqlılıqtı ta'miynlewshi mexanizm ha'm sistemalar ku'shli bolıwı kerek. Bu'gingi ku'ni barlıq sag'lam pikir ju'rgiziwshi, g'a'rezsizligimizdi bekkemlew ha'm Watanımızdın' ullı keleshegi ushın gu'resip atırg'an adamlardın' barlıg'ı siyasiy oppozitsiyanı, tap usınday haldag'ı oppozitsiyanı ko'riwdi qa'leydi. A'lbette, bunın' ushın baspa so'z, xabar quralları demokratiyalıq printsiplerge tayanıp islewi lazım.

Sebebi ha'r bir ma'mleket, ja'miyet o'zi orınlap atırg'an tariyxıy wazıypanı tiykarlawshı ha'm barlıq ja'miyetlik qatlamlar, milletler ha'm elatlar, diniy isenimler wa'killerin usı wazıypa a'tirapında birlestiriwshi, biriktiriwshi ulıwma milliy ideologiyag'a iye bolg'an. Sebebi sonday qılıng'anda g'ana, birinshiden, hesh bir ideologiya ma'mleket ideologiyası da'rejesine shıqpaydı. Ekinshiden, bunday is ulıwma milliy ideologiyanı ja'ne de bayıtıwg'a xızmet qıladı, onın' ha'r bir puqarag'a jetip barıwın ta'miynleydi. Bunday pikirge keliwimizdin' ilimiy-teoriyalıq tiykarı, u'shinshiden, ha'zirgi da'wirde rawajlang'an ma'mleketlerde barlıq ja'miyetlik qatlamlar o'z ideyaların demokratiya, insanpa'rwarlıq, ja'miyetlik a'dalat qag'ıydaları ha'm de talapları tiykarında jaratıwg'a umtılıp atırg'anlıg'ında. Olardın' arasındag'ı kelispewshilik ornına ha'r bir ma'selede *konsensus*, yag'nıy kelisim - kompromiss printsiplerinen kelip shıg'ıw barg'an sayın u'stem kelmekte.

---

[2] Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon xaet – pirovard maqsad imiz. 8 jild.- T: O'zbekiston, 2000, 333 bet.

G'a'rezsiz O'zbekstan tap usı joldan barmaqta. Bul ideologiya xalqımız tariyxıy, ma'deniyatın, filosofiyasın, moralın, siyasiy sanasın, ko'rkem sezimin, diniy da'stu'rlerin ha'm keleshekti anıq belgilep beriwi menen de o'z aldına ajıralıp turadı. «O'zbekstan Rossiyadan keltirilgen kommunistlik ideologiyanı qabıl qılmaydı, qabıl qıla almaydı ha'm Evropada tamır atıw mu'mkin bolg'an na'rse Shıg'ısta o'nip-o'se almaydı. Bunı ha'miyshe esapqa alıw kerek. Bul orında Shıg'ıstın' turmıs ta'rizin, ruwxıylıg'ın, filosofiyasın, onın' ullı İslam dinin esapqa alıwı za'ru'r. Tiykarg'ı wazıypamız hesh qanday ja'miyet jarılıwlarısız, ashlıq, jarlılıqsız adamlarg'a ziyan jetpeytug'ın ta'rizde ja'miyetlik-ekonomikalıq rawajlanıwdın' jan'a basqıshına o'tiwden ibarat. Bul ma'nide de O'zbekstannın' o'z jolı bar»[1].

Bul g'a'rezsizligimizdin' o'zine ta'n fundamenti bolıp sanaladı. Sog'an tayang'an halda qurılıp atırg'an ja'miyet g'a'rezsiz ha'm bekkem boladı. Demek, g'a'rezsizlikti bekkemlewde O'zbekstan milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' ilimiy-teoriyalıq ta'repleri to'mendegi juwmaqlarda o'z ko'rinisin tawadı:

- İdeologiya O'zbekstan ja'miyeti turmısta ju'da' za'ru'r, sebebi ideologiya bolmasa adam, ja'miyet, ma'mleket o'z jolın jog'altadı;
- O'z o'mirinin' aqırına jetken XX a'sirde jasag'an zamanlaslarımızdın' ko'p sınawlar, azap-aqıretler, qa'teler, tragediyalar, urıslar, quwdalawlardı basınan keshiriwdin' tiykarg'ı sebeplerinen biri ideyalıq gu'resler, milliy-ma'deniy miyras ha'm qa'diriyatlardı inkar etiw, o'zge ideyalardı zorlap kirgiziw tiykarında ju'z berdi. Bul haqıyqattı hesh qashan yadımızdan shıg'armawımız kerek.

- İnsaniyat tariyxında informatsiya a'siri dep ta'n alınıp atırg'an, yag'nıy XXI a'cirde de, tu'rli ideologiyalardın' o'z-ara gu'resi ha'r qashang'ıdan da qatan' tu's almaqta. Haqıyqatında da, ha'zirgi da'wirde du'nyada eki qarama-qarsı polyus o'mirin toqtatqan bolsa da, ha'r qıylı maqset ha'm ma'plerdi sa'wlelendiriwshi ideologiyalar tartısıwı toqtag'anı joq. Na'tiyjede, bu'gingi ku'ni de bazı da bir-birine absolyut qarama-qarsı bolg'an du'nyag'a ko'z-qaraslar, siyasiy, milliy, diniy ag'ımlar, mazxab ha'm sektalar ortasındag'ı pikir talasıwları, geyde tartıs-sa'wbetlesiwler shegerasınan shıg'ıp qanlı soqlıg'ısıwlar, massalıq qırg'ınlarg'a sebep bolmaqta. Bul g'a'rezsizlik ushın u'lken qa'wip-qa'terdur. A'ne usınday tragediyalardın' aldın alıw, olardı tınısh jol menen sheshiwdin' birden-bir usılı ideologiyalıq qa'wiplerden saqlanıwdur, o'z milliy g'a'rezsizlik ideyasına iye bolıwdur. Nege desen'iz, ideyalıq gu'res ha'm tartısıwlardan go'zlengen tiykarg'ı maqset-insan, en' aldı menen, jaslar qa'lbine iyelik qılıw, olardı o'z du'nya qarasına boysındırıw, manawiy ta'repten a'zzi ha'm qullıqqa tu'siriw. prezident İ.Karimov so'zi menen aytqanda, «pikir qullıg'ı, pikirlew qullıg'ı bolsa ha'r qanday ekonomikalıq ha'm siyasiy qullıqtan da ko're qorqınıshlıdur»[2]. Eger kerek bolsa, aytıw mu'mkin, informatsiya ha'm elektronika a'siri dep atalıp atırg'an jan'a XXI a'sirde insan ha'r qashang'ıdan tu'rli ma'ni-mazmundag'ı ideologiyalıq

---

1 Karimov İ.A. O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siesat, mafkura. 1 jild- T: O'zbekiston 1996, 154-156- bet

2 Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni – xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin. - T; O/zbekiston, 1998, 5 bet.

ku'shlerdin' ta'sirinen azat bolıwı derlik imkansızdur. Juwmaqlap aytqanda, bu'gingi ku'ni ideologiya poligonları yadro poligonlarına qarag'anda da ko'birek ku'shke iye. Ekinshiden, ideologiyalıq gu'restin' adamlardı ha'r dayım qırag'ı bolıwına u'ndewshi ta'repi sonda, eger a'skeriy, ekonomikalıq, siyasiy agressiya bolsa, bunı seziw, ko'riw, aldın alıw mu'mkin. Lekin ideyalıq agressiya, onın' ta'siri ha'm aqıbetlerin tez bilip alıw ju'da' qıyınlıg'ı menen ajıralıp turadı. Onın' ilimiy-teoriyalıq tiykarları haqqındag'ı ja'ne bir juwmaq bul ta'biyatta da, ja'miyette de boslıq payda bolıwına hesh qanday jol qoymaw kerek. Bul g'a'rezsizlikti asırap abaylaw, bekkemlewdin' a'hmiyetli sha'rtidur.

Juwmaqlap aytataug'ın bolsaq, milliy ideyanın' za'ru'rligi XXI a'sir obası bolg'an xalıqaralıq terrorizm, ekstremizm ha'm radikalizmge qarsı gu'reste de u'lken a'hmiyet payda etedi. Ma'mleketimiz basshısının' Oliy Majlis Nızamshılıq Palatası ha'm Senatının' qospa ma'jilisindegi bayanatında belgilengenindey, «islam dini siyasatqa aylandırıp atırg'an, jawızlıq ha'm terrorizm ideologiyasın jaratıp atırg'an ko'plep radikal ha'm ekstremistlik oraylardın' birinshi gezekte, jaslar sanasın za'ha'rlep, zombige aylandırıp, olardan terrorshılar tayarlaw boyınsha konveyer payda etip atırg'an, xalifatlıq du'ziwdey ha'r qıylı qam qıyallardı a'melge asırıwg'a urınıp atırg'an jawız ku'shlerdin' tamırın qırqıp taslaw kerek»[1]. Demek, milliy ideyag'a isenim ha'm iyman qanshelli bekkem bolsa, ol insanlardın' jeke, shan'araq turmısında da, ja'miyetlik turmıstın' barlıq tarawları arqalı g'a'rezsizlikti bekkemlep beriwge xızmet qıladı.

**Milliy ideyanın' xalıq isenimi ha'm iymanına aylanıw za'ru'rligi.** Milliy ideya xalıqtın' isenim ha'm iymanına aylansa, ol o'zinin' ku'tilgen na'tiyjesin beredi. Sonın' ushın da isenim ha'm iyman ma'selesi milliy ideyada a'hmiyetli faktor esaplanadı. Ma'mleketimiz basshısı "FIDOKOR" gazetası korrespondentinin' sorawlarına bergen juwaplarında «ideoologiya tek bu'gin g'ana emes, ba'lkim barlıq da'wirlerde de en' aktual siyasiy-ja'miyetlik ma'sele, ha'r qanday ja'miyetti salamat, ullı maqsetlerge qaray birlestirip, onın' o'z maqsetine erisiwi ushın manawiy ruwxıy ku'sh-quwat beretug'ın fundament bolıp kelgen» dep itibar qaratadı. O'zbekstannın' ha'zirgi ma'mleket aymag'ında jasag'an xalıqlardın' u'sh mın' jıllıq tariyxına na'zer taslaytug'ın bolsaq, ko'pshilik hallarda basqınshılar zulımı astında jasag'anlıg'ın ko'remiz. Irasında da, eramızdan aldın'g'ı VI a'sirde- iranlıq axamenidler, IV a'sirde - grek basqınshısı A.Makedonskiy, eramızdın' birinshi a'sirlerinde qıtaylılar, VII a'sirlerde - arab basqınshıları, XII a'sirlerde - mon'g'ol basqınshıları, XIX a'sirden baslap, aldın'g'ı Patsha Rossiyası, keyin «Qızıl imperiya» iskenjesinde ezilip jasag'anlıg'ına tariyxımız gu'wa bolg'an.

Solardan kelip shıg'ıp pikir qılatug'ın bolsaq, ta'biyiy ra'wishte, nege xalqımız bunshelli ezilip jasag'an, sebebi nede, degen soraw tuwıladı. Onın' tu'rli sebepleri filosoflar, tariyxshılar, siyasatshılar ta'repinen ol yaki bul ta'rizde su'wretlengen. Lekin uzaq dawam etken bul milliy tragediyanın' tiykarg'ı sebepleri- millettin' ideyalıq shashırandılıg'ı, awzı bir emes ekenliginde. Biraq,

---

[1] Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va islox etishdir. – T.Wzbekiston, 2005, 64-65 betlar.

milliy tariyxımızda azatlıq, g'a'rezsizlik ushın gu'resip jarqın iz qaldırg'an: Shirak, Tumaris, Spitamen, Muqanna, Najmiddin Kubro, Jalaladdin Manguberdi, Maxmud Tarabiy, Temur Malik ha'm basqa ullı milliy qahramanlar xalıqtı azatlıq, g'a'rezsizlik ideyalarına sadıq bolıp izine ertiwge ha'reket qılg'an. Milliy ideyanın', ja'miyet ideologiyasının' xalıq isenimi, ka'mil iymanına tolıq aylanbag'anlıg'ı sebepli jen'ilgen. Ma'mleket jawlar ayag'ı astında qalg'an, millet ar namısı, abıroyı jer bolg'an.

1991-jılı O'zbekstan g'a'rezsizlikke eriskennen son' o'zbek xalqı o'z g'a'rezsizligin saqlap qala ala ma yaki ja'ne g'a'rezliliktin' jan'a ko'rinislerine ta'n turmıs keshire me, degen dilemmanı ku'n ta'rtibine qatan' qoydı.

G'a'rezsizlikke eriskennen son' totalitar du'zimnin' jeke hu'kimran bolg'an kommunistlik ideologiyasınan bezip, o'zinin' milliy ideyası negizleri bolg'an ma'deniy qa'diriyatları, u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerinen biyganalastırılg'an xalıq ja'miyetinin' barlıq tarawların «ideologiyadan g'a'rezsiz qılıwdı» qollap quwatladı. Xalıqtı birlestiriw, g'a'rezsizlikti bekkemlewdin' birden-bir jolı-o'zbek xalqın uyımlastırıwshı, jan'a ja'miyet qurıwg'a bag'darlawshı milliy ideyanı, ja'miyet ideologiyasın qa'liplestirip, xalıq isenimi ha'm iymanına aylandırıw menen baylanıslı edi.

## §3. İdeologiyalıq protsessler, milliy ideya ha'm ma'nawiy turmıs.

**Geopolitik maqsetler ha'm iedologiyalıq siyasat.** Geopolitik maqsetler – belgili bir ma'mlekettin' o'z abıroyın ha'm ta'sirin o'zine territoriya ha'm aymaqlarda ku'sheytiriwge qaratılg'an siyasattı sa'wlelendiredi. Bu'gingi ku'nde xalıq aralıq maydanda tu'rli formalarda sa'wlelengen maqsetler ideologiyalıq siyasat penen qosılıp barmaqta. Adamzat kewli ha'm sanası ushın gu'res – bul protsesstin' tiykarg'ı bag'darlarınan biri.

Du'nya sho'lkemi xalıq aralıq mu'na'sibetler tarawında demokratiya, o'z-ara hu'rmet ha'm birge islesiw printsiplerin qarar taptırıw ushın gu'respekte. Bunday sharayatta zorawanlıq etiw, a'skeriy ku'sh qatan' tu'rde qaralanıwı anıq. Biraq o'z g'a'rezli maqsetlerine jetiwdi go'zlegen tu'rli ku'shler geopolitikanın' en' ta'sirli quralı sıpatında ideologiyalıq quraldan ken' paydalanılmaqta, adamlardın' sanasına ta'sir o'tkeriwdin' pa's ha'm ma'kkar usılların qollanbaqta.

**Du'nya maydanların ideologiyalıq ta'repten bo'lip alıw urınıslar.** Ha'zirgi da'wirde xalıqlardı ma'nawiy-ideologiyalıq ta'repten boysındırıw ha'm baslı na'tiyje pu'tkilley qaram etip alıwg'a qaratılg'an talpınıwlar ku'sheyip barmaqta. Bul – u'lken-u'lken territoriyalardı, a'sirese, bay ta'biyiy resurslarg'a iye bolg'an aymaqlarda o'z ta'sirin o'tkeriwdin' en' qolay usılıdur. Bul - zamango'y qural-jaraq ku'shi menen sheship bolmaytug'ın mashqalanı sırttan qarag'anda o'te zıyansız bolıp ko'rinetug'ın ideologiyalıq usıllar arqalı sheshiw jolıdur.

Bu'gingi ku'nde to'mendegi ja'miyetlik-tariyxıy faktorlar tiykarında du'nyanı bo'lip alıwg'a urınıp atırg'an ideologiyalar bar:

- ullı ma'mleketshilik gegemonizmi tiykarında;
- diniy mansublik tiykarında;
- etnik birlik tiykarında;
- eski sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm siyasiy birlik tiykarında ha'm tag'ı basqa.

Du'nyanı ideologiyalıq ta'repten bo'lip alıw ushın tınımsız ha'reket alıp barılıp atırg'an bunday waqıtta tek ku'shli milliy ideologiya g'ana ja'miyetti a'ne usı zorlıqlardan qorg'ay aladı. Bu'gingi ku'n waqıyalıg'ınan kelip shıg'atug'ın za'ru'r na'tiyjelerden biri a'ne sodan ibarat.

**Oraylıq Aziya aymag'ındag'ı ideologiyalıq protsessler.** Ha'zirgi da'wirde Oraylıq Aziya siyasiy ha'reketinde ju'z bergen tu'pten o'zgerisler sebepli bul aymaqta salıstırmalı geopolitik jandasıwlardın' ko'rinisi bolg'an ideologiyalıq protsessler quramalılasıp barmaqta.

G'a'rezsizlikti qolg'a kirgizip ha'm o'zine ta'n rawajlanıw jolında baratırg'an aymaqta ma'mleketlerinde tariyxıy eslew, milliy qa'diriyatlar ha'm ma'mleketshilik u'rip-a'detlerin tiklewdey za'ru'r protsess keshpekte.

Du'nyadag'ı belgili bir siyasiy-ideologiyalıq ku'shler u'lken ekonomikalıq potentsial ha'm qolay geopolitik abıroyına iye bolg'an bul aymaqtı o'z ma'pleri shen'berinde tartıwg'a talpınbaqta. Olar o'tkeriwdin' barlıq formaların qollanbaqta.

Aymaqta tariyxı jag'ınan rawajlang'an sotsiallıq-ekonomikalıq, ma'deniy-ag'artıwshılıq baylanısların izden shıg'arıw, dos ha'm ag'ayin ma'mleketler, xalıqlar ha'm milletler arasına narazılıqlar salıw, keskinlik oshaqların keltirip shıg'arıw ushın tu'rli ideyalıq, diniy ha'm ideologiyalıq qurallar iske salınbaqta.

Orta a'sir xalifalıg'ının' qayta ornatıw ideyası da xalıq aralıq terrorshılıq ha'm diniy ekstremizm orayları arqalı materiallıq-ideyalıq ta'repten ta'miynlenip atırg'an aqidaparast ideologiyalar bu'gingi ku'nde aymag'ımızdag'ı tınıshlıq ha'm turaqlılastırıw ushın u'lken qa'wip bolıp turıptı.

Jigirma jıldan beri dawam etip kiyatırg'an a'skeriy qarama-qarsılıqlar aqıbetinde ulıwma insaniylıq tsivilizatsiyadan u'zilip qalg'an. Avganstan territoriyası xalıq aralıq terrorshılıq ha'm diniy ekstremizm, qural-jaraq ha'm na'shebentlik tovarlardın' nızamsız tu'rde sawdası oshag'ı bolıp qaldı. Bul bolsa tu'rli zıyanlı ideyalardın' terrorshılıq, qa'wip ha'm qa'weterli jol menen pu'tkil aymaqqa jayılıw qa'wipin tuwdırmaqta.

G'a'rezsiz rawajlanıw, erkin ha'm pa'rawan turmısqa bolg'an isenim-iymanın bekkemlew jolında qa'wip-qa'terlerdin' aldın alıw ushın sergek bolıp jasaw, birgelikte gu'res alıp barıw aymaq xalıqları ushın turmıslıq za'ru'riyatqa aylanıp qaldı.

Sol ma'niste, O'zbekstan ta'repinen alg'a su'rilgen "Tu'rkistan – ulıwma u'yimiz" ideyası, Avganstandag'ı a'skeriy qarama-qarsılıqlar siyasiy jol menen sheshiwge qaratılg'an "6+3" toparı iskerligin jolg'a qoyıw, Terrorshılıqqa qarsı xalıq aralıq gu'res orayın qurıw barısındag'ı o'rnekler, aymaq ma'mleketleri ortasındag'ı integratsiya protsesslerin ku'sheyttiriw ju'zesinen alıp barılıp atırg'an ha'reketler za'ru'r a'hmiyet talap etedi.

## II BAP. Ha'zirgi da'wir: globallasıw protsessleri ha'm ma'nawiy topılıslar.

### §1. Globallasıw ha'm milliy ma'nawiyat.

Oraylıq Aziya xalıqları ma'deniyatı ha'm ruwxıyatı da Shıg'ıs penen Batıstı tutastırg'an ka'rwan jollarında jaylasqanlıg'ı sebepli de, ha'm Shıg'ıs, ha'm Batıs

ma'deniyatınan jemis alıp, olarg'a jaqınlasıp joqarı da'rejege ko'terildi. Bul pikirdin' da'lilin ruwxıyattın' quramında bolg'an ilimiy bilimler, diniy isenim, ko'rkem o'ner tarawında da ko'riw mu'mkin. Tek Watanımız emes, pu'tkil du'nya ma'deniyatı tariyxınan bekkem orın iyelegen ata-babalarımızdın' miynetleri de usı pikirdi tastıyıqlaydı. Ma'selen, a'ne usınday ata-babalarımızdan biri Abu Rayxan Beruniy Qıtay, Hindistan, Gretsiya ha'm rim filosofiyasın, ta'biyg'ıy pa'nlerin teren' o'zlestirgen edi. Hindistanda bolg'an waqtında sol jerdin' ilimin ha'm ma'deniyatın u'yrener eken, a'yyemgi dereklerdi u'yreniw ushın qa'dimgi til - sanskrit tilin biliw kerek ekenligin an'laydı. Ol sanskritti u'yreniwge kirisedi ha'm qısqa waqıtta onı teren' o'zlestirip, a'yyemgi hind ma'deniyatın ha'm ilimin a'yyemgi dereklerden u'yrene baslaydı. Ol, sonday-aq, grek ha'm rim ma'deniyatı ha'm ilimin u'yreniw ushın grek, latın ha'm de a'yyemgi yahudiyler tillerin o'zlestirgen edi.

Du'nya ma'deniyatı tariyxında u'lken iz qaldırg'an Abu Nasır Farabiy de onlag'an tillerdi bilgen ha'm onlag'an xalıqlar ma'deniyatı ha'm ruwxıyatın u'yrengen. Bunday mısallardı ko'p keltiriw mu'mkin. En' za'ru'r ta'repi sonda, usı ullı ata-babalarımız du'nya xalıqları ruwxıyatın u'yrenip g'ana qoymay, olardı teren' analiz qıldı, tiyisli jerlerin rawajlandırdı, ullı jan'alıqlardı ashtı.

Ata-babalarımız tariyxı du'nya xalıqları ruwxıyatına hu'rmet penen qaraw, kerekli jerlerin u'yrenip, onı rawajlandırıw arqalı g'ana joqarı ruwxıyat da'rejesine erisiw mu'mkinliginen guwalıq beredi.

Tariyxımız ilim, din, isskustvo tarawında elimizde jetisip shıqqan ilimpazlar pu'tkil du'nyag'a atı shıqqanlıg'ınan, pu'tkil du'nya ruwxıyatına u'lken ta'sir ko'rsetkeninen guwalıq beredi. Abu Nasr Farabiy ja'ha'n filosofiyası rawajlanıwına sezilerli u'les qosqan bolsa, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali İbn Sino, Zamaxshariy, Xorazmiy, Mırza Ulug'bekler du'nya ilimin joqarı da'rejege ko'teriwge u'les qostı. İsmayıl Buxariy, at-Termiziy, Motrudiy, Abduxoliq G'ijduvaniy, Bahawaddin Naqshband, Ahmet Yassawiyler bolsa ha'dis, kalom, fikh ilimleri ha'm de sufizmde parlag'an juldızlar esaplanadı. A'mir Temur ha'm Mirza Baburdın' a'skeriy strategiyası ullılıg'ın pu'tkil du'nya ta'n aladı.

Sovetler da'wirinde milliy qa'driyatlarımızdı du'nyag'a jayıw ol jaqta tursın, o'z elimizde qa'dirlew ushın da jol berilmedi, ko'pshilik qa'driyatlarımız bolsa ayaq astı etildi.

**Globallasıw ha'm milliy ideyag'a za'ru'rlik.** Milliy ruwxıyatımızdı ha'm ruwxıy o'zligimizdi hu'jimlerden qorg'aw ushın milliy g'a'rezsizlik ideyasınan basqa ta'sirli ha'm ku'shlirek usıl joq. Usı ma'selede milliy g'a'rezsizlik ideyasının' og'ada za'ru'r funktsiyası, yag'nıy milliy ha'm ruwxıy o'zlikti qorg'aw sıyaqlı funktsiyası ko'zge taslanadı. Milliy g'a'rezsizlik ideyası a'ne usı funktsiyanı atqarıw ushın jaslar ha'm xalıq sanasında bilim, qıyal sıpatında emes, isenim sıpatında qa'liplesiw kerek.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' qa'liplestiriliwi ha'm onın' oqıwshılar, studentler, ken' xalıq ta'repinen u'yreniwge kirisiliwi ma'mleketimiz ruwxıy rawajlanıwında ayrıqsha basqıshtı quraydı. Haslında, milliy g'a'rezsizlik ideyasının' negizleri og'ada teren'. Ol xalqımızdın' milliy ma'deniy miyraslarınan, qalıs niyetlerinen azıqlanadı. Biraq bul ideyanı jaslar ha'm xalıq sanasına sin'diriw

ushın qanday da bir tiykar, fundament kerek edi. Yag'nıy, da'slep milliy qa'driyatlardı, milliy ruwxıyattı tiklew, milliy maqtanıshtı oyatıw, bir so'z benen aytqanda, milliy g'a'rezsizlik ideyası tamır taslawı ha'm gu'rkirep rawajlanıwı ushın tiykar tayarlaw lazım edi. G'a'rezsizlik qolg'a kiritilgennen berli o'tken da'wir ishinde ruwxıyat tarawında u'lken teoriyalıq, ruwxıy-ag'artıwshılıq ha'm a'meliy jumıslar iske asırıldı. Ag'artıwshılıq ha'm ruwxıy ken'esler du'zildi, ju'zlep maqala ha'm broshyuralar baspadan shıqtı, izertlewler o'tkerildi, ta'lim tuwralı milliy da'stu'r qabıl etildi. Bir so'z benen aytqanda, milliy g'a'rezsizlik ideyasın ken' jayıw ushın tiykar jaratıldı.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasın jayıwda, onı tarqatıwda, bizin'she, bazı birewler bir ta'replemelikke jol qoyıp atır. Bul ideyanı propaganda qılıwda qatnasıp atırg'an ustaz ha'm mug'allimler, izertlewshilerdin' shıg'ıp so'ylegenlerinde, maqala ha'm broshyuralarda ag'artıwshılıq penen shekleniw ko'zge taslanıp atır. Biraq ruwxıyattı rawajlandırıwda tiykarg'ı usıl ag'artıwshılıq ta'repten bolsa da, milliy g'a'rezsizlik ideyasın propaganda qılıwda bul usıl menen sheklenip bolmaydı. Bul jag'day milliy g'a'rezsizlik ideyasının' o'zgeshelikleri menen baylanıslı.

Milliy ideya ja'miyetti birlestiriwshi, onı sotsial rawajlanıw jolındag'ı aldımızg'a qoyıp atırg'an ma'selelerdi sheshiwge, sırttan bolıp atırg'an ideyalıq, ruwxıy hu'jimlerden qorg'anıwg'a qaratılg'an ku'sh bolıp tabıladı. Du'nyadag'ı globallasıw protsessleri a'ne usı ideyag'a bolg'an mu'ta'jlikti og'ada ku'sheytirip jiberdi. Tiykarınan , globallasıw protsesi bolmag'anda, milliy ideyag'a za'ru'riyat ta artıp barmas edi. Sebebi globallasıw bolmag'anda ha'r bir xalıq ha'm millettin' ruwxıyatı o'zinshe bar(payda) bolar ha'm imkaniyat da'rejesinde rawajlanar edi. Sırtqı ta'sir ha'm hu'jimnin' joqlıg'ı bolsa, milliy ideyag'a za'ru'rligi de aktual bolmas edi.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' mazmunı sonda, ol adamlar sanasında, yadında ideyalıg'ınsha qalmay, a'meliyatqa, turmısqa aylang'an jag'dayda g'ana haqıyqıy milliy ha'm haqıyqıy g'a'rezsizlik ideyası bolıwı mu'mkin. Sonda g'ana globallasıw sha'rayatında milliy ruwxıyattı ha'm ruwxıy o'zlikti sırtqı buzg'ınshılıq ideyalıq hu'jimlerden qorg'awshı ku'shke aylanadı.

**Milliy g'a'rezsizlik ideyası ha'm jeke za'ru'rlik.** Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' turmısımızg'a sin'ip ketiwin ta'miyinlew ushın ideyalar a'meliy ha'reketlerge aylanıw protsessin teren' u'yreniw lazım. Bunın' ushın, da'slep, ideya tikkeley a'meliyatqa, a'meliyat da'stu'rine aylanıwı mu'mkin be? Eger mu'mkin bolsa, bul protsess qanday ju'z beredi? degen sorawlarg'a juwap izlew kerek.

Zamanago'y psixologiya, sotsial psixologiya ha'm sotsial-gumanitar pa'nler ko'z qarasınan bul sorawg'a «aylanbaydı» dep juwap beriw kerek. Sebebi insan sanasında, miyinde onlap, ju'zlep, ha'tteki mın'lap ideyalar boladı. Olardın' barlıg'ı da a'meliyatqa aylana bermeydi. Sebebi bir insan sanasında bir waqıttın' o'zinde onlag'an tu'rli, atap aytqanda, diniy, a'dep-ikramlılıq, siyasiy, ilimiy, ko'rkem ha'm basqa ideyalar bolıwı turg'an ga'p. Na'tiyjede, shaxs bul ideyalardan en' a'hmiyetlilerin ha'm en' durıs dep sanag'anların ajıratıp turmısqa en'gizedi yamasa og'an a'mel qıladı. A'ne usı tan'lawdı g'nıy ideyanın'

a'meliyatqa o'tiwindegi za'ru'r basqıshtı tolıq ha'm teren'irek an'law ushın usı tan'law kriteriyaların anıqlap alıw za'ru'r.

İdeyalardı tan'lawda shaxs paydalanıp atırg'an o'lshemlerdin' en' za'ru'rlerinen biri, bul tan'lap alınıp atırg'an ideyanın' yamasa maqsettin' shaxs, millet, xalıq yamasa ja'miyet ma'plerine, mu'ta'jliklerine, qurılmalarına, isenimine say keliwi bolıp tabıladı. Bul ha'diyseler, yag'nıy ma'pler, za'ru'riyatlar, isenimler ha'm olardın' ideyalar menen o'z-ara qatnası quramalı esaplanadı. Bunın' u'stine bul mashqala du'nya iliminde az u'yrenilgen. Ma'mleketimiz psixolog ilimpazları bul mashqala u'stinde endi jumıs alıp bara basladı.

Mashqalanın' quramalılıg'ın esapqa alıp biz onın' tek bir ta'repi, yag'nıy ideyalar menen isenim baylanısları haqqında pikir ju'ritpekshimiz. İsenim shaxs sanasında og'ada za'ru'r orındı iyeleydi, shaxstın' o'mir bag'darı, ta'rzi, umtılıwları onın' jeke isenimi menen belgilenedi.

İnsan sanasına jol tawıp atırg'an ideyalar a'ne usı isenim shıg'ırıg'ınan o'tkeriledi. İsenimge sa'ykes kelmeytug'ın ideyalar biykar etiledi. Biraq ideya ha'm isenimnin' o'z-ara baylanısı tek bir ta'repleme ha'diyse emes. Olardın' baylanısı tek g'ana isenimnin' qadag'alawshılıg'ı, ideyalardı elekten o'tkeriwi menen sheklenbeydi. Sonday jag'daylar boladı, insan sanasına kirip kiyatırg'an ideya ondag'ı isenimdi bekkemleydi yamasa bosastıradı, bazı payıtlarda usı ideyanın' o'zi isenimge aylanadı.

G'a'rezsizlik qolg'a kiritilgennen son', ma'mleketimizde ken' masshtablı sotsial-ekonomikalıq reformalar baslandı. Bul reformalar barısında mu'likti ma'mleket basqarıwınan shıg'arıw, menshiklestiriw, sotsial-siyasiy turmıstı erkinlestiriw sıyaqlı ko'plegen ilajlardı a'melge asırıwg'a kirisildi. Reforma sotsial ruwxıyat tarawında da a'melge asırıla baslandı. Bul tarawdag'ı en' baslı wazıypa adamlardı g'a'rezsiz pikirlewge u'yretiw edi. Bunın' ushın olardı sovet du'zimi da'wirindegi qa'liplesken arqayınshılıq, o'zi bolarshılıq seziminen, jat ideyalardan qutqarıw kerek edi. Bul bag'darda anıq jumıslar a'melge asırıldı. Biraq bul protsess ma'mleketimizde milliy g'a'rezsizlik ideyasının' tiykarg'ı tu'sinik ha'm printsipleri qa'liplesiwi menen o'zinin' son'g'ı pa'llesine kirdi. Sebebi ta'biyatta bolmag'an sıyaqlı adam sanasında absolyut boslıq bolmaydı. Burın'g'ı sovet du'zimi sarqıtların adam sanasınan o'shirip taslaw ushın ruwxıy qural kerek. Bunday qural wazıypasın tek milliy g'a'rezsizlik ideyası atqarıwı mu'mkin. Sebebi jan'a o'mir beretug'ın ideyalar menen qurallanbay turıp, eski sarqıtlardan qutılıw mu'mkin emes. Sonısı da bar, milliy g'a'rezsizlik ideyasınan ja'miyet ag'zalarının' ko'pshiligi xabardar bolıwı eski du'zim sarqıtların joq etiw ushın jeterli bolmaydı, a'lbette. Milliy g'a'rezsizlik ideyası isenimge aylang'anda g'ana eskilik sarqıtlarınan qutılıw mu'mkin.

Ja'miyette ideyanın' isenimge aylanıwı onın' a'meliyatqa o'tiwindegi za'ru'rli basqıshı bolıp tabıladı. Shaxs isenimine aylang'an ideyanı a'melge asırıw ushın ha'reket qıla baslaydı. İsenim qa'nshelli ku'shli bolsa, onı a'melge asırıw ushın shaxs sonshelli qızıg'ıwshılıq penen ha'reket qıladı. Ku'shli isenim jolında shaxs bilimin, ku'shin, baylıqların, ha'tteki o'mirin de ayamaydı. Tariyxtan bug'an ko'plep mısllar keltiriw mu'mkin. AQSh Prezidentlerinen biri T.Jefferson «Azatlıq sonday terek, ol bazı da adam qanı menen suwg'arıp turıwdı talap etedi» degende,

tap usınday isenimli adamlardın' azatlıqtı qorg'aw jolında olar o'z janınan da waz keshiwge tayar turıwların na'zerde tutqan edi. Elimiz tariyxında azatlıq teregin o'z qanı menen suwg'arg'an yamasa suwg'arıwg'a tayar turg'an qaharmanalar og'ada ko'p bolg'an. Oguzxan, Shıraq, Tumaris, Jalaladdin Manguberdi, A'mir Temur, Babur Mırza sıyaqlı shaxslar solar qatarınan. Olar isenimleri sebepli azatlıq, el g'a'rezsizligi jolında pu'tkil ku'sh-quwatların, za'ru'r bolg'anda janların da ayamadı.

G'a'rezsizlikti de azatlıqqa uqsatıw mu'mkin. Olar ekewi - egiz. G'a'rezsizliksiz azatlıq bolmaydı ha'm kerisinshe azatlıqsız g'a'rezsizlikke erisip bolmaydı. G'a'rezsizlikti qorg'aw ushın jan pida' qılıwg'a tayar azamatlar kerek. G'a'rezsizlik teregi gu'llep-jasnawı ushın ko'birek ter to'giw kerek. Watan ul-qızları qa'nshelli ko'p miynet etip ter to'kse, g'a'rezsizlik teregi, onın' tamırları, tamırları arasındag'ı oq tamır - milliy g'a'rezsizlik ideyası sonshelli rawajlanadı. Biraq tek g'ana ag'artıwshılıq penen qanaatlansa, uzaq barg'anda g'a'rezsizlik ideyasın tu'sindirip beriw mu'mkin, tu'sindiriw menen adamlardın' tek g'ana pikirine, yadına ta'sir etse boladı. Milliy g'a'rezsizlik ideyasın jaqsı tu'sinip alg'an student yamasa oqıwsha imtixanda «ju'da' jaqsı» yamasa «jaqsı» bahaların alıwı mu'mkin, biraq onda bul ideyag'a isenim qa'liplespegen bolsa, ol bul bilimdi tez umıtadı. İsenim qa'liplesiwi ushın tek bilimnin' o'zi jeterli bolmaydı. İsenim, atap aytqanda ideyalıq bilim ha'm sezimlerdin' miywesi bolıp tabıladı.

İdeyalıq isenimnin' atası bilim bolsa, anası sezimler bolıp esaplanadı. Olardan biri bolmasa, ideyalıq isenim de bolmaydı. Sol qa'siyeti menen ideyalıq isenim isenimnin' basqa tu'rlerinen, ma'selen, diniy isenimnen parıq qıladı. Diniy isenim bolıwı ushın din haqqında teren' bilimge iye bolıw sha'rt emes. Dinshillerdin' ko'pshiliginde teren' diniy bilim joq, biraq olardın' ko'pshiligindegi isenim bilimli ulamalardın' iseniminen ku'shlirek bolıwı mu'mkin.

Bunın' sebebi sonda, diniy isenim bilimdi biykar etpeydi, biraq onda qumar u'stemlik etedi. Din boyınsha ko'p bilimge iye bolg'an adamnın' isenimi ku'shsiz, al az bilimge iye bolg'an adam ku'shli isenimge iye bolıwı mu'mkin. Sonın' ushın ilim ha'm ag'artıwshılıq menen birge og'an a'mel qılıw za'ru'r. Ol isenimdi bekkemleydi.

İlmiga amal qilmagan mulladan beshak,
Afzaldir ustiga kitob ortilgan eshak,

İlimine a'mel qılmas molladan biy shek,(gumansız)
Abzaldur u'stine kitap artılg'an eshek,

degende Shayx Sadiy bilimli, biraq isenimi bolmag'an mollalardı na'zerde tutqan edi.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' mazmunına sa'ykes tu'rde onı jaslar ha'm xalıq sanasına sin'diriw boyınsha alıp barılıp atırg'an jumıslar ag'artıwshılıq penen sheklenbey, isenimdi qa'liplestiriw ushın a'meliyatqa bag'darlanıwı og'ada za'ru'r. Bunın' ushın bolsa isenimnin' o'zine ta'n qa'siyetleri, onın' qa'liplesiwindegi basqıshlar, mashqalalardı ba'rqulla este saqlag'an maqul.

Prezidentimiz İ.A.Karimov atap o'tkenindey, «O'z milliy ideyasına tayanbag'an ja'miyet kriziske duwshar bolıwı, o'z jolın joytıp qoyıwı so'zsizligin umıtpawımız kerek.

Bul ma'selenin' ja'ne bir ta'repi sonda, sananı, oy-pikirdi o'zgertpey turıp biz go'zlegen ullı maqset - azat ha'm abat ja'miyetti qurıp bolmaydı. Millet o'zligin an'lag'an jag'dayda g'ana ullı o'zgerisler qıla aladı».

Haqıyqatında da, milliy g'a'rezsizlik ideyası da isenimdi ha'm de og'an a'mel qılıp jaqınlasa baslag'an adamlar iskerliginde unamlı na'tiyje beredi. İsenimnin' bekkemligi adamlardın' milliy ha'm ulıwma insaniylıq qa'driyatlarg'a, ma'deniy miyrası, u'rp-a'detleri, da'stu'rleri, tili, tariyxın hu'rmet qılıwı, og'an bolg'an isenimi ha'm sadıqlıg'ı arqalı ko'zge taslanadı. Sonda ol milletti globallasıw protsesi menen baylanıslı bolg'an ayırım unamsız aqıbetlerden saqlaydı.

**<u>İdeologiyalıq immunitet qa'wipsizliktin' ruwxıy tiykarı.</u>** G'a'rezsizlikti bekkemlewdin' a'hmiyetli sha'rtlerinen biri bul ideologiyalıq ta'rbiyanı ku'sheytiwden ibarat. Bul barısta xalqımızda jat ha'm ziyanlı ideyalarg'a qarsı gu'resiw ushın ideologiyalıq immunitetti qa'liplestiriw za'ru'r. A'lbette, ideologiyalıq immunitetti qa'liplestiriw adamlar sanasına bir tu'rdegi ideyanı zorlıq penen sin'diriw emes, ba'lkim adamlar sanasında aq-qaranı ajıratıw, ziyanlı ideyalarg'a qarsı qırag'ı ha'm abaylı qatnasta bolıw o'zgesheliklerin ta'rbiyalaw degendi an'latadı. 1999 - jılı fevral, 2004-jıldın' mart ayındag'ı Buxara ha'm Tashkent qalalarındag'ı bolg'an terroristlik waqıyalardan tuwrı na'tiyje shıg'arıw ju'da' a'hmiyetli. Ha'r bir ma'mleket, ja'miyettin' qu'direti onın' ishki qa'wipsizligi ha'm turaqlılıg'ına tayanadı. Yag'nıy ja'miyet, millet o'z ideyasında bekkem tursa, ekilenbese, ha'r qanday dushpan qollanıwı mu'mkin bolg'an ideologiyalıq qa'wiplerden qorıqpasa, bunday milletti jen'iw mu'mkin emes. Kerisinshe, ja'miyet ishinde ideologiyalıq turaqsızlıq, bo'liniwler bolsa (bug'an tariyxta mısallar ko'p) dushpanlarg'a, olardın' jat ideologiyalarına jol ashıp beredi. Bunday ma'mleketti jen'iw, boysındırıw an'sat keshedi(bug'an da tariyxta mısallar ko'p). Bul haqqında A.Oripov:

Tu'rkistannın' ulları, maqtawıma qulaq aspan',
O'kpelesem shıdam berin', lekin so'zlerim umıtpan',
Jalınlasın qara ku'nler- birewlerge qul boldın'ız,
Shıg'ıs Batıs ortasında ayaq astı jol boldın'ız.

degen edi. Sonday eken, turaqlılıq ha'm qa'wipsizlik - ja'miyettin' sanalılıg'ına, sanalılıq penen an'lang'an tuwrı tu'sinik ha'm bilimlerge iskerlik penen a'mel qılınıwına, pikirlerdin', ideyalıq birligine, bular bolsa qa'wipsizlik marifatına tayanadı.

Ma'mleketimizdin' qa'wipsizligi, turaqlı rawajlanıwı hesh bir watanlasımızdı biyparıq qaldırmawı kerek. Sebebi olar o'z Watanının' qanday mashaqatlı, azaplı a'sirlerin o'tkerip, g'a'rezsizlikke eriskenligin jaqsı biledi. Solay eken, ha'r bir O'zbekstanlı milletine, dinine, tuwılg'an jerine, ka'sibine ha'm jasına qaramastan Watan qorg'awshısı bolıwı lazım. Demek, ma'mleketimiz qa'wipsizliginin' en' birinshi kepilligi- watanlaslarımızdın' milliy g'a'rezsizlik

ideyası tiykarında birlesiwidur. Usı ta'rizde milliy ideya bizin' o'tmishimiz, ha'zirgi turmısımız ha'm keleshegimiz benen baylanıstırıp turadı. Sol sebepli O'zbekstan xalqının' milliy g'a'rezsizlik ideyasına tiykarlang'an immuniteti - Watan qa'wipsizligi da'rejesinin' a'hmiyetli ko'rsetkishlerinin' birine aylanadı.
Milliy g'a'rezsizlik ideyası xalıq pa'rawanlıg'ı, jurt tınıshlıg'ı, Watan abadanlıg'ı, ja'miyetlik birge islesiw, milletler aralıq tatıwlıq, dinler ara bawrıken'lik, ka'millikke tayanar eken, a'ne usı ideyalarg'a qarsı qaratılg'an ha'reketler sırtqı ha'm ishki qa'wiplerdin' aldın aladı. Sırtqı qa'wipler- O'zbekstannın' ma'mleket shegarasınan kirip keliwshi, ishki qa'wipler bolsa O'zbekstan ma'mleketi, ma'mlekettin' ishinde payda bolıp atırg'an qa'wipler. Biz ko'p a'sirler a'ne usı ishki qa'wipler sebepli g'a'rezli bolıp jasadıq.

İshki qa'wipler- o'z Watanına, watanlaslarına ziyan jetkeriwge qaratılg'an ideya, pikir, ha'reketler bolıp sanaladı. Ag'ayinshilik, basqalardı mensinbewshilik, watanlaslarının' haqına qiyanet qılıw, «manawiy emigratsiya» (o'z baxıtın watanınan emes, basqa jerlerden izlew), adamlardı bay ka'mbag'alg'a bo'lip qatnas jasaw, paraxorlıq, korruptsiya, qopallıq, qatan' milletshilik, merkantilizm, artıqsha baylıqqa na'pis qoyıw, biyparıqlıq, o'zligin an'lamaw sıyaqlı ha'm basqa da illetler ishki illetler wazıypasın atqaradı. Olar qansha ken' tarqalsa, o'zbekstanlılardın' ideyalıq birligine sonshelli ko'p ziyan jetkeredi, awızbirshilikti qashıradı, birlik bolmaydı. İdeyalıq birligi mort millettin' ma'mleket qa'wipsizligi de mort boladı.

Barlıq zaman ha'm ma'kanlarda manauiyatı ku'shli, isenim ha'm erki bekkem millet bir jan ha'm bir ta'n bolıp, mashqalalardı tez ha'm sapalı sheshken, rawajlang'an. İdeologiyalıq birligi ishten yaki sırttan buzılg'an milletler bolsa jen'ilip, g'a'rezlilikke tu'sken. Bunın' tariyxıy mısalın Bilge haqannın' tu'rk xalqına bunnan 1266 jıl aldın tasqa oyıp jazg'an mu'rajatında da ko'remiz. Bul bitik ideologiyasızlıqtın' ayanıshlı aqıbetlerin su'wretleydi. Bilge haqan tu'rk elinin' aljasıwı na'tiyjesinde xalıq basınan qanshelli azaplardı keshirgenligin ku'yinip aytadı. «Tabg'ach xalqı shiyrin so'zi, na'zik jipekleri menen aldap, jıraq xalıqtı sonday jaqınlastırar eken... Jaqın bolg'anınan son' jawız ilimin sol jerde ko'rseter eken... shiyrin so'zine, na'zik jipekligine aldanıp, ko'p tu'rk xalqı o'ldin'. Ey, tu'rk xalqı o'ldin'...»

Usı tariyxıy mısal «ideologiya bolmasa adam, ja'miyet, ma'mleket o'z jolın jog'altıwı so'zsiz» ekenligin ko'rsetip turadı.

**İdeologiyalıq immunitet.** «İdeologiyalıq immunitet-filosofiya: qomusiy so'zliginde- manauiy jetik, erki bekkem, iymanı pu'tin shaxstı ta'rbiyalawda, ha'r qanday reaktsion, buzg'ınshı xarakterdegi ideyalıq umtılıwlarg'a shıdam bere alatug'ın jaslardı ta'rbiyalawda qolaylı»[1] delinedi.

Go'dek du'nyag'a kelgen son', ıssıdan, suwıqtan, sırtqı mexanikalıq ta'sirlerden o'zin qa'wipsiz uslaw, qorg'awdı bilmeydi. O'zin-o'zi qorg'awdın' sha'rtli refleksleri a'ste-aqırın erjetiw dawamında payda boladı.

[1] Falsafa: komusiy lugat.(tuzuvchi K.Nazarov)

Adamnın’ manauiyatına ziyanlı ha’r qıylı qa’wipler ha’m olardan o’zin an’lı ra’wishte qorg’aw ko’nlikpeleri ta’lim-ta’rbiya, ata-ana u’git-na’siyatları, jaqsılıq ha’m jamanlıqlardı ko’riwi ha’m biliwi protsessinde qa’liplesip baradı. Balag’a na’resteliginen baslap ne jaqsı, ne jaman, olarg’a qanday mu’na’sebet bildiriw kerek, degen sorawlarg’a tiykarlang’an baqsha, mektep ta’rbiyası, onnan keyingi ja’miyetlik ta’rbiya jolg’a qoyılsa g’ana ha’r bir millet salamat, isenimli, bekkem immunitetke iye boladı. İmmunitet o’z gezeginde, adamdı tuwrı joldan «azıw»dan, tu’rli jollarg’a adasıp, keyin pushayman bolıwınan, baxıtsızlıqtan, milletti bolsa-apatshılıqlardan, bo’linip ketiwlerden, qatlamlıq, jerleslik yaki basqa bo’liniwlerden saqlaydı. Demek, ideologiyalıq immunitet- ma’mleket ha’m millettin’ manawiy birligin, manawiy salamatlıg’ın qorg’awshı ideyalıq qalqan wazıypasın atqaradı. Sonın’ ushın da Prezident İslam Karimov «Perzentlerimiz ju’reginde ana Watang’a, bay tariyxımızg’a, ata-babalarımızdın’ muqa’ddes dinine salamat mu’na’sebetti qarar taptırıwımız ha’m kerek bolsa olardın’ ideologiyalıq immunitetin ku’sheytiwimiz za’ru’r»ligi haqqında pikirdi ayrıqsha atap o’tken edi.

İdeologiyalıq immunitet o’z-o’zinen payda bolmaydı. Onın’ qa’liplesiwi ushın ishki yaki sırtqı ideyalıq, pikirlik ta’sir bolıwı kerek.

İnsan aldında jan’a, tanıs emes ideya, usınıs turg’anında yaki eki joldan birewin tan’lawg’a tuwra kelgende olardı o’z ma’pleri «saylawı»nan o’tkeredi. Onın’ sol payıttag’ı ma’plerine ko’birek sa’ykes kelgen, basqa ideyalar, usınıslardı jen’gen ideya endi onın’ ha’reketlerin basqara baslaydı.

Ma’selen, Dauran keshqurın «İnternet klassına» barıp qa’nigeligi boyınsha jan’alıqlardı toplamaqshı edi. Sonda kurslas dostı Baxadır onın’ xanasına kirip, og’an diskotekag’a barıwdı, spirtli ishimlikler iship dem alıwdı usındı. Da’wran ko’nbedi. Baxadır da bos kelmey, onı asıqpay ko’ndiriwge kiristi, qızıqtıra basladı. Da’wrannın’ bu’gingi go’zlegen niyeti, kishkene ideyasının’ a’melge asıwı qa’wip astında qaldı. Mine usı tipik awhalda da o’zine ta’n ideyalar gu’resinin’ kishi ko’rinisi bar. Da’wrannın’ internet klasında islew, bilimin asırıw niyeti, qararı, ideyası bekkem bolsa, ol usı ideyasın qorg’aydı. Na’tiyjede, Baxadır usınıp atırg’an diskotekag’a barıw ideyası jen’iledi. Da’wran o’zinin’ ka’sibiy, ilimiy kererası jolında ja’ne bir qa’dem aldın’g’a ketedi. İdeologiyalıq immunitet belgili, anıq ideyalar gu’resken gezde ju’zege keledi.

Demek, ideologiyalıq immunitet pikirlik protsess na’tiyjesi bolg’anlıg’ı sebepli ol ilimiy da’liyllengen, da’liyller sistemasına qurıladı. Student ideologiyalıq immunitetinin’ quramın ideologiyalıq bilim (buzg’ınshı ha’m do’retiwshi ideyalardın’ ma’nisi, parqı haqqında) (S) sezim, (E) erk, (K) ko’nlikpe ha’m ta’jriybe (T) dizimi sho’lkemlestiredi. İdeologiyalıq ko’nlikpeler bilim, iskerlik ha’m ha’reketler birliginde payda boladı. Ta’jriybe dep jat ideyalar ta’sirine qarsı qaratılg’an avtomatlasqan mu’na’sibet, adekvat jol ha’m usıllardı aytamız. Usı taqılette ideologiyalıq immunitettin’ formulasın to’mendegishe ko’rsetiwimiz mu’mkin:

MİqB+H+İ+K+M

İdeologiyalıq ko’nlikpe ha’m ta’jriybelerdin’ payda bolıwında milliy ideya negizleri a’hmiyetli rol oynaydı. Eger ideologiyalıq qa’wip sezilgende, ne qılıw kerekligin oylap otırmay ha’m ayırım ha’reketlerge o’z aldına dıqqat qaratıp

otırmay ideyag'a ideya menen juwap beriw a'melde orınlansa, ideologiyalıq immunitet a'meliy qa'liplesti, dep esaplaw mu'mkin.

*O'z milletin, onın' abroyın, potentsialın ha'm qa'diriyatların ayaq astı qılg'an, onın' da'rtine ma'lham bola almaytug'ın adam haywan bolıwı mu'mkin, biraq insan emes. Siz o'zbeksiz ha'm, aldı menen sol ushın baxıtlısız.*

**G'aybulla As Salam.**

Milliy g'a'rezsizlik ideyalarına shaxstın' isenimi, bekkem erki onın' ideologiyalıq immunitettin' deregi esaplanadı. Bunday ideologiyalıq immunitetke iye bolg'an shaxs jat ideologiyalar ta'sirine berilmeydi, sebebi milliy g'a'rezsizlik ideyası ideologiyalıq immunitetti qa'liplestiriwde o'zine ta'n imkaniyat ha'm o'zgesheliklerge iye.

İdeologiyalıq immunitet milliy g'a'rezsizliktin' artıqmashlıqlarına bolg'an isenimine qurıladı. Bul isenim bolsa isendiriw, tu'sindiriw na'tiyjesinde payda boladı. Ma'selen, O'zbekstan- du'nyawiy (tsivilizatsiyalıq) ma'mleket. Du'nyauiy ma'mlekettin' tiykarg'ı printsipleri, artıqmashlıqları olardı diniy ma'mleket penen salıstırg'anda g'ana ken' ha'm tolıq tu'siniklerdi beredi. Bul du'nyawiy milliy-demokratiyalıq du'zimnin' ma'nisi ha'm abzallıqların an'lap jetiwge alıp keledi. Progresstin' «o'zbek modeli» rawajlanıwdın' ulıwma nızamlıqların ha'm de basqa ma'mleketlerde ju'z berip atırg'an protsessler, waqıyalardı salıstırıp, an'lap jetiwge imkan beredi.

Demek, ideologiyalıq immunitetti qa'liplestiriw belgili jag'dayda insannın' o'zi, xalqı, Watanı ma'pleri birliginen kelip shıg'ıp, jat ideyalarg'a qarsı tura alıw ta'jriybesi bolıp sanaladı.

**İdeologiyalıq manipulyatsiya.** İnsan qanday da bir kesellikke shalınsa, onı emlew mu'mkin. Millet manauiyatının' a'zziligi, onın' xarakterindegi iskersizlik, biyparıqlıq, g'ayratsızlıq, o'z-ara ishki mu'na'sebetlerde aldawshılıq, qopallıq, jawızlıq, jalqawlıq ha'm basqa illetlerde ko'rinedi. Demek, ha'zirgi o'zimizdi o'zimiz kamalg'a jetkeriwimizge tosqınlıq qılıp atırg'an manawiy jaralarımızdı emlewimiz ushın ma'selege anıq, yag'nıy real milliy xarakterdi u'yreniw ha'm o'zgertiw faktorı sıpatında jantasıwımız za'ru'r.

Na'tiyjede, millettin' o'z awhalına o'zinin' mu'na'sebeti, unamlı ta'replerin asırıw ha'm illetlerdi marifiy jol menen dawalap, ku'shlendirip, ja'ha'nnin' aldın'g'ı milletleri qatarına qosılıwı mu'mkin.

Ja'miyettin' o'z erten'i ha'm keleshegine isenimi o'zinen-o'zi payda bolmaydı. Bunın' tamırında millet baxıt- ıg'balı jolında, demek, ha'r bir puqara ma'pinen kelip shıg'ıwshı arnawlı iskerlik- ideyalıq ta'rbiya jatadı. İdeologiyalıq ta'rbiya degende ga'p, «adamlardın' du'nyag'a ko'z-qarasın basqarıw haqqında emes, ba'lkim adamlardın' pikirin bayıtıw, onı jan'a ma'ni ha'm mazmun menen toltırıw»dı an'latadı.

İdeyalıq tartısıwlarda qa'wip salıwshı da, o'zin qorg'awshı da -ideyanı massalastırıw usıllarınan paydalanadı. Bul-ideologiyalıq ta'rbiya usılları. Demek, qaysı ta'reptin' jen'iwin, na'tiyjede, ilimge tiykarlang'an-u'git-na'siyat sheshedi. Usı ta'rizde ideologiyalar tartısıwı- u'git-na'siyat tartısıwına aylanadı dew

mu'mkin. Usı sebepli «Milliy g'a'rezsizlik ideologiyası shın ma'nide milliy ideologiyag'a aylanıwı ushın bir qatar talapalarg'a juwap beriwi kerek. A'ne, sonday talaplardın' biri- ha'r qanday jawız ideyag'a qarsı juwap bere alıwıdur»[1].

Ja'miyetke jat ideologiyalıq ideyalar birden kirip kete almaydı. Olar, aldı menen, basıp alınıwı kerek bolg'an millettin' aldın isenip kelgen na'rselerge isenimin, u'mitin so'ndiredi. Bunın' ushın millet isenip kelgen na'rseler jamanlanadı, abıroysızlandırıladı. Na'tiyjede, ideologiyalıq immunitetti sin'diriwdin' birinshi basqıshı a'melge asadı- millet o'zi isenip kelgen ideyalar, qa'diriyatlarg'a biyparıq mu'na'sebette bola baslaydı. A'zeliy qa'diriyatlarg'a a'mel qılınbay baslanadı, adamlarda olarg'a a'mel qılmay atırg'anlarg'a biyparıq mu'na'sebet a'det bola baslaydı. Qa'diriyatlar, ideyalar qa'dirsizlenedi a'hmiyetsiz na'rselerge aylanıp qaladı. Boslıq a'ne sonday jaratıladı, «ashıp alınadı».

İdeyalıq boslıq ashıp alıng'an son', endi onın' ornın toltırıw ushın o'z ideyasın sulıw, ta'sirli qılıp su'wretley baslaydı. Buzg'ınshı ideyag'a ta'n «jan'alıq» ha'm ol berip atırg'an wa'deler adamlar qulag'ı ha'm ko'zi arqalı sana ha'm qa'lbine kirip baslaydı. İdeologiyalıq boslıq usı ta'rizde toltırıla baslanadı. Jalg'an ideya adamlar sanasına kirse, ol da u'lken ku'shke aylanadı.

Ha'zirgi ilim ha'm texnologiyalar rawajlanıwı da'wirinde basqa adamlardın' sanası ha'm qa'lbine jasırın, g'a'rezli maqset penen ta'sir ko'rsetiwdi su'wretlewde manipulyatsiya (manus-qol) so'zi, yag'nıy «obekt u'stinde qanday da bir maqsette is alıp barıw» ma'nisinde isletilmekte. Bunda shaqqanlıq, o'nerlilik talap qılınıw ko'zde tutıladı. Sol sebepli, «manipulyatsiya»nı ko'shpe ma'nide «adamlar menen obekt sıpatında mu'na'sebetke kirisiw» dep te tu'siniwge boladı. 1969- jılı Nyu-Yorkta basıp shıg'arılg'an «Zamanago'y sotsiologiya so'zligi»nde bul haqqında «basqalarg'a bildirmesten, tiykarg'ı maqsetti jasırın tutqan halda basqalar u'stinen hu'kimranlıq qılıp, o'zi qa'legen minez-qulıqtı qa'liplestiriw» delinedi.

Biz ushın a'hmiyetli ta'repi sonda, usı jag'dayda shaxs ha'm onın' ideologiyalıq immunitetke ta'sir ko'rsetiw protsesi manipulyatsiya tu'siniginde sa'wlelenedi. Bunda tiykarınan, «u'gitshi»nin' ta'siri birinshiden shaxsqa degen zorlıq, ku'sh isletilmeydi, ba'lkim manawiy, psixologiyalıq o'zgeshelikke iye; ekinshiden, bul ta'sirde tiykarg'ı maqset jasırın qaladı. Sonın' ushın ha'm «islam dini nıqabında» degen ibara isletiledi; u'shinshiden, ideyalıq manipulyatsiyanı ideologiyalıq gu'res, jat ideologiyalar ta'repinen qollanılıp atırg'an ta'sir texnologiyasının' strukturalıq bo'legi, dep ataw mu'mkin. Yag'nıy manipulyatsiya adamdı ol yaki bul isti qılıwg'a emes (u'git-na'siyat islerinen parqı), ba'lkim usı isti qılıwg'a tilek, qa'lewdi oyatıwg'a xızmet qıladı.

İdeyalıq manipulyatsiya protsessleri qanday keshedi? Aldı menen, ideyalıq manipulyator (u'gitshi) ta'sir o'tkermekshi bolg'an adam sezimlerin o'zgertiwge alıp keliwshi bilimler bere baslaydı. Na'tiyjede, obekt (shaxs)tın' du'nyag'a ko'z-qarasında, qa'diriyatlar u'gitshi-manipulyator ku'tken ta'rtip payda boladı ha'm jetekshilik qıla baslaydı. Bul bolsa shaxstın' minez-qulqına ta'sir ko'rsetedi, shaxs o'z xarakterindegi o'zgerislerdi sezbeydi ha'm «men tuwrı jol tutıp atırman, sebebi»...degen tiykarg'a iye bolıp qaladı.[a']

[1] Milliy istiklol g'oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar.- T., O'zbekiston, 2000, 45-46, 80 betler

Usı jerde Prezident İ.Karimovtın' «80-jıllardın' aqırında ma'mleketimizde o'zin «dos», «dinles», milletles qılıp ko'rsetip, islam dininin' saplıg'ı ushın gu'reske shaqırıwshı ayırım kimseler kirip keldi... Ju'da' shıraylı «shaqırıqlar» menen shıg'ıp, ayırım jaslardı o'zine qaratıwg'a eristi de... olar din nıqabı astında ha'reket qılıp atırg'an xalıqaralıq terrorlıq ha'reketinin' bir topars ekeni a'shkara boldı», degen pikirlerdi eslew orınlı. Bul u'gitler bizdi tek g'ana qırag'ılıqqa emes, ba'lkim ideologiyalıq gu'res maydanına sharlamaqta.

**Tariyxıy bitiklerde ideologiyalıq immunitet haqqında.** Du'nya ta'jriybesine na'zer taslasaq, millettin' ideologiyası bir emes, al bir neshe a'wladtın' o'miri dawamında islep shıg'ılıwı ha'm ka'millikke erisiwine gu'wa bolıwımız mu'mkin. Pu'tkil xalıqtı birlestiretug'ın bayraq bolatug'ın milliy ideyanı qa'liplestiriw a'hmiyetin sa'wlelendiriwshi pikirler insaniyat tariyxının' tu'rli da'wirlerinde jazılg'an bitiklerinde de o'z ko'rinisin tapqan, onın' anıq ko'rinisin a'yyemgi Shıg'ıs ha'm islam filosofiyasının' ullı alımları do'retpelerinde de ushıratıw mu'mkin.

İnsaniyat tariyxında ideologiyalıq immunitetti bekkemlew, eger bug'an erisilmegende bul qanday qayg'ılı tragediyalarg'a alıp keliwi mu'mkinligi haqqında bitik taslarda qaldırılg'an milletke degen u'git-shaqırıqları bar. Mine solardan biri:

Haqgo'y, nahaq pa ajıratpaysan', kim qattı so'ylese, haqgo'ydi ha'm tanımaysan'. Sondaylıg'ın' ushın aldın'ızdag'ı haqanın'nın' so'zin almay nam-nıshansız kettin'.

**Kul tegin bitigi.**

«A'ziyzim, sen dushpan so'zlerine da'rhal isenip qalma, onın' so'zleri aldaw ha'm hiyleden ibarat bolıp, ol o'z maqsetine erisiw ushın o'zin ju'da' mu'layım qılıp ko'rsetedi. İshki du'nyasın sırtqı du'nyası menen boyap ko'rsetedi. Seni g'a'plette ko'rgen son', ol shara og'ın maqset nıshanına uradı. Ol payıtta sen ushın shara-ilaj ko'riw pursatı o'tken bolıp, ha'siret ha'm o'kinish ja'rdem bermeydi. Sonın' ushın aytadı:

Dushpan isi aldın hiyle ha'm aldaw,
Son' hu'jim baslap qıladı geren',
Bul seldin' jolları tosılmas eken,
Ju'zlener biyhisap aldaw ha'm ziyan,
Aldaw jolın bu'gin tospasan' bekkem,
Erten'i ku'sheyer bolıp ol bekem.

**Xoja Samandar Termiziy**

Xalıqshıl talqılawda ideologiyalıq qa'wipti- shaqırıwshının' tın'lawshını o'zine awdırıp alıw ushın qılınatug'ın urınıwlarına, ideologiyalıq immunitetti bolsa shaxstın' «aljaspawına», o'zliginde sadıq ha'm anıq tura alıwına uqsatıw mu'mkin. Sonın' ushın o'z ko'z-qarasına, jeke pikirine iye bolmag'an, awıp kete beretug'ın adamlardı xalqımız «tutırıqsız», «turaqsız», «og'an isenip bolmaydı», «eki juzlemeshi», «satqın» siyaqlı so'zler menen ataydı.

Bul sıyaqlı mısallar ideologiyalıq immunitetti sındırıw, boslıq payda qılıp, o’z ideyasın sin’dirip, xalıqtın’ sanası ha’m qa’lbin iyelew, ideyanı massalastırıwdın’ ju’da’ ko’p u’lgileri ushırasadı. Sebebi u’git-na’siyatshılar gu’resi ju’da’ uzaq tariyxqa iye. Bul haqqında qıtaylıq filosof ha’m a’skeriy a’rbab Sun Tszı (e.a. VI a’sir) sonday degen edi:

- Siz qarsılas ma’mlekettegi barlıq jaqsı na’rselerdi buzın’, aynıtın’;
- Qarsılas ma’mlekettegi ataqlı a’rbablardı sherik qılıp alıp, jinayatqa baslan’;
- Qarsılas ma’mleket basshılarının’ abroyın to’gin’, qolay payıtta olardı ja’ma’a’t aldında shermendesin shıg’arın’;
- Bul iste sol ma’mlekettegi en’ pa’s, jaman adamlar menen sheriklik qılın’;
- Qarsılas ma’mleket adamları arasında kelispewshilik, ja’njel shıg’arın’;
- Jaslardı kekselerge qarsı qoyın’;
- Hu’kimetti jaqsı is ju’rgiziwge ha’r qanday jol menen qarsılıq ko’rsetin’;
- Qarsılas a’skerlerdin’ ta’miynleniwi, ta’rtibine tosıqlar qoyın’, buzın’;
- A’skerlerdi qosıq ha’m namag’a aldap u’yretip, erksiz qılın’;
- Dushpanın’ızdın’ da’stu’rlerin qa’dirsizlendirin’, qudaylarg’a isenimdi sındırın’;
- Buzıq hayallardı jiberip, olardı ja’nede ku’shlirek aynıtın’;
- Qarsılas ta’rep haqqında mag’lıwmat alıwg’a, bul iste olar arasınan sherik izlewge, olarg’a pul to’lewde ju’da’ saxıy bolın’;
- Ulıwma puldı ha’m, wa’delerdi ha’m ayaman’, sebebi olar a’jayıp na’tiyjelerdi beredi».

O’zbekler bir-biri menen sa’lemlesken son’, «Ne ga’pler?» yaki «Jegen-ishkenin’ o’zin’e, ko’rgen esitkenin’nen so’yle», deydi.

A’sirese, o’z jeke ma’plerine tiyisli mashqalalarg’a dus kelgende adamlar onın’ sebeplerin izley baslaydı. Sol sebepli, gazetalarg’a sholıw, televidenienin’ kelesi ha’ptedegi ko’rsetiwleri haqqındag’ı xabarları, ekonomika, ma’selen valyuta kursı, siyasiy turmıs jan’alıqları aldınnan tarqatıladı. Ha’r bir adam, o’zine kerekli mag’lıwmattı tan’lap esitedi ha’m o’z sorawlarına juwap tabadı. O’zinin’ suwg’a sho’llegenin qandırg’anı kibi «informatsiyalıq sho’lin» qandıradı.

Egerde ra’smiy massalıq axborot quralları adamlarda tuwılg’an sorawlarg’a juwap tawıp bere almasa, adamlar bul sorawlarg’a juwapların o’zleri «toqıydı». Bul tariyxta ko’p bolg’an.

İdeologiyalıq gu’resler tariyxında u’git-na’siyat usıllarınan, ma’selen, mısh-mıshlardın’ kelip shıg’ıw sebepleri, maqsetleri haqqında ullı allamalarımızdan Abu Rayxan Beruniy bunnan mın’ jıl burın o’z da’wiri usılında bılayınsha jazg’an edi:

«Xabar beriwshiler sebepli tuwrılıq ta jalg’anlıqqa aynaladı. Sebebi adamlardın’ maqsetleri ha’r qıylı; xalıqlar ortasında tartısıw ha’m talasıw ko’p»[a’],- dep jazadı ha’m mısh-mısh tarqatıwshılardın’ jalg’an so’ylewi tamırında anıq maqset, g’a’rezli ma’pler jatıwı haqqında sonday deydi; «...bir adam o’zin

ko'rsetiw maqsetinde basqa bir jat jınıstı ayıplap, jalg'an ga'p jayadı, sebebi ol sol menen (jat jınıs u'stinen) jen'gen ha'm o'z qa'legenine erisken boladı.

Bul eki tu'r xabardın' jaman tilek ha'm g'a'zep sebepli kelip shıqqanı ma'lim. Ekinshi bir adam bolsa o'zi jaqsı ko'retug'ın qatlamg'a minnetdarshılıq bildirmekshi bolıp yaki jaman ko'retug'ın bir qatlamdı qapa qılmaqshı bolıp, olar ortasında jalg'an xabar taratadı. Bunday xabar tarqatıwshı aldın'g'ı xabar beriwshi «korrespondentke» jaqın boladı. Sebebi bul xabardı doslıq yaki dushpanlıq na'tiyjesinde tarqatqan boladı.

U'shinshi bir adam o'zinin' pa's ta'biyatlılıg'ı sebepli qanday da bir jaqsılıqqa erisiw yaki o'zinin' ju'reksiz ha'm qorqaqlıg'ı sebepli jamanlıqtan qutılıw ushın jaman xabar taratadı.

Sonday adamlar da boladı, olardın' ta'biyatına jaman xabar taratıw ornalasıp qalg'an, yag'nıy og'an sol wazıypa ju'kletilgendey boladı ha'm jalg'an xabar taratpastan tınıshlanbaydı. Bul jaman tileklerden ha'm ta'biyatına buzıq pikirlerdin' jaylasqanlıg'ınan kelip shıg'adı.

Gey bir adamlar (jalg'an xabar taratıwshılarg'a) uqsayman dep, bilmesten jalg'an xabar taratadı...

XIX a'sirdin' ekinshi yarımınan o'zbek xalqı milliy ma'deniyatı, manauiyatı rawajlanıwında g'a'rezlilik da'wiri baslandı. G'a'rezlilik siyasatında Tu'rkistandı tek g'ana siyasiy, ekonomikalıq emes, ba'lkim manauiy g'a'rezlilikke aylandırıw rejesi turar edi. Bunı olardın' o'zleri de jasırmadı. Bul haqqında M.A.Muropiev 1882-jılı 30-avgust ku'ni Tashkent oqıtıwshılar seminariyası jıynalısında «...musulmanlarımız ta'liminin' tiykarında olardı ruslastırıw... islamdı buzıw... ulıwma diniy ta'rtiplerdi buzıw...bolıwı lazım (344-151) degen bolsa; Turkistan general-gubernatorı İ.A.Kuropatkin ku'ndeliklerinde; «Biz 50 jıl jergilikli xalıqtı rawajlanıwdan shette tuttıq» dep aytqan edi (344-165)

Eger fashizm o'z ideologiyalıq «endi basıp alınıwı kerek bolg'an xalıqlar»g'a qarsı sho'lkemlestirilgen bolsa, o'tken du'zim iyelep alıng'an xalıqlar ushın du'zdi. Lenin ideologiyanı adamlar pikirlewin o'zgertiwde qanshelli ku'shli faktor ekenligin esapqa alıp, «partiya siyasiy iskerlikte ideologiyag'a su'yengen ha'm su'yenedi», dep uqtırdı. O'tken sovet ideologiyası o'zbek xalqının' «eski a'detlerin joq etiw» uranı astında milliy maqtanıshtı, g'a'rezsizlik ideyası, onın' gu'resiwshilerin ideologiyalıq a'zziletiw maqsetinde mektepten tısqarı mın'lap marifiy-siyasiy ag'artıw bo'limlerin ashtı. O'zbek xalqının' pikirlewin sovetlestiriwge bunday jantasıw olardın' g'a'rezli maqsetlerine tez jetkerdi: sovet dekretleri, partiya da'stu'ri, Konstituttsiya u'gitine bag'ıshlang'an mitingler, miting-kontsertler, u'git-na'siyat sudları, u'git-na'siyat ma'wsimleri, awıl-qıshlaqlarda ju'rip sovet du'zimi ma'nisin tu'sindiriwge urınıp, teatr, kontsert, ko'rgizbe, lektsiyalar, kino, lektorlardı sho'lkemlestirdi. Agitpoezd, agitparoxod, klub, «qızıl shayxanalar», «siyasiy gu'rrin'lesiwler», «siyasiy ku'n», disput, kesheler, proklamatsiyalar, «Shaqmaq», kinolektoriy, awızeki jurnallar siyaqlı u'git-na'siyattın' ju'zlep usıllarınan paydalanıp, hiyleker sovet xalqımızdın' sanasına sovettin' o'tirik ideyaların sin'dirdi.

Ekinshi ja'ha'n urısı aldında fashizm bolsa o'zinin' «massalıq psixologiyalıq qırg'ın quralın» jarattı. Onın' nıshanı- insan sanası, sezimleri ha'm olarg'a

su'yeniwshi manauiy, ideologiyalıq immunitet edi. Gebbelstin' «u'git-na'siyat armiyası» a'ne usı sana ha'm sezimlerdi ha'mde olarg'a tayanıwshı immunitetti basıp alıwg'a kiristi.

Natsistlerdin' propaganda wa'zirligi u'gitshileri so'zlerinde o'tirik sulıwlıq, jilwa oynap turdı. Jalg'an ha'm aldaw norması asırıldı. A'piwayı, mo'min shıg'ıslılardın' qırag'ılıg'ın pa'seytiw maqset qılıp qoyıldı. Usı maqsette olar Shıg'ıs xalıqlarının' «awır ahwalına» «qayg'ırıp» basıp alıwshılıqtan qutılıwları (sol payıtta shıg'ıs ma'mleketlerinin' ko'pshiligi Angliya koloniyası edi) ushın o'z biyg'a'rez ja'rdemlerin usındı.

Watan satqınların jallap olardan jazba ha'm awızeki u'gitlewlerde paydalandı. Maqset xalıqtı o'zlerine awdırıp, sherik qılıp, onnan son' olardı qulg'a aylandırıp alıw edi. Eger bunın' ilajı bolmasa, bul is hesh bolmasa shıg'ıs xalıqlarının' fashizmge qarsı birlesiwinin' aldın alıwda ja'rdem beriwi kerek edi. Ma'selen, fashistler o'zlerinin' Berlin ha'm Rimde beriletug'ın radioberiliwilerinde milliy azatlıq gu'resin alıp baratırg'an «dos Hindistan xalqına» ju'rekten hu'rmetlerin, bay ha'm a'yyemgi hind ma'deniyatın ju'da' jaqsı ko'retug'ınlıg'ın, Hindistandı Angliya koloniyallıg'ınan azat etiw talabında ekenligin» ha'r ku'ni ta'kirarladı.

Sonday aq, fashist ideologları da islam dinin nıqap qılıp, paydalanıwg'a urındı. Olar sol payıtları ayırım Shıg'ıs ma'mleketlerinde panislamizm ideyaları ko'terilgenligin bilip aldı. Na'tiyjede, barlıq Shıg'ıs ma'mleketlerin bir panislamizm bayrag'ı astında (Germaniya ha'm İtaliya g'amxorlıg'ında) birlestiriwge ha'reket qıldı. Maqset anıq edi: ya o'zine sherikke aylandırıw, ya bolmasa shıg'ıs ma'mleketlerinin' fashizmge qarsı birlesiwine jol qoymaw, olardı tusawlap uslap turıw edi.

Propaganda sonday a'ndiyshesiz edi, olar natsistlerdi a'zelden musılmanlardın' g'amxorı bolıp kelgenin, sol sebepli Mussolinidin' xalifatlıqtı du'zip barlıq musılmanlardın' basshısı bolıwg'a razı ekenligin dag'azaladı. Bul haqqında «Popolo d»İtaliya» gazetası o'zinin' 1937 jıl 20 mart sanında: «Musılman du'nyası a'zel-a'zelden bir ko'sem, g'amxorg'a mu'ta'j bolıp kelmekte...bosap qalg'an xalifatlıq- «islam dininin' basshısı» lawazımın duche (Mussolini) o'z juwapkershiligine alıwg'a tayar», dep jazg'an edi. Biraq Shıg'ıs xalıqları bul aldawdan o'zlerin qorg'awshı ideologiyalıq qorg'aw sistemasın (ha'zirgi til menen ideologiyalıq immunitetti) jarata aldı. Bul haqqında Siriyada shıg'atug'ın «At Tariq» (Jol) gazetası 1942-jıl 6-sanında «Fashizmge qarsı gu'resiw - ha'r bir arabtın' milliy parızıdur¨ Biz fashizmge qarsı gu'reser ekenbiz, bizin' turmısımızg'a awız salıp atırg'an qa'wipke qarsı gu'resemiz», degen ulıwma milliy urandı ko'terip shıqtı. Shıg'ıs ma'mleketlerinen fashist shaqırıwshıların izbe-iz aydap shıg'a basladı.

Bir logika, rasmiylik, jabıq ja'miyet, qatlamlastırılg'anlıq, sistemalılıq, quwdalaw, massalılıq printsiplerine qurılg'an kommunistlik ideologiya da'wiri o'tken son', ayırım ma'mleketlerde ideologiyag'a qosıp u'git na'siyat diziminen waz keshildi. Sebebi, g'a'rezsizlik qolg'a kirgen son', jas ma'mleketler o'z g'a'rezsizliklerine qa'wip tuwdırıp atırg'an ishki ha'm sırtqı qa'wiplerdi da'slep ku'tpedi, sol sebepli olarg'a qarsı tayarlıqta ko'rmedi. Bunday jag'day, waqıt ha'm

imkaniyattan paydalang'an siyasiy toparlar o'z ideyaların u'git-na'siyat qılıwda bir qansha islerdi isledi. Na'tiyjede, tek adamlardın' ideologiyasında g'ana emes, ba'lkim ayırım ma'mleketlerdin' informatsiya maydanında boslıq payda boldı, bul tez o'zinin' ta'sirin ko'rsete basladı. Sebebi, bir informatsiya maydanı ta'miynlenbegen edi. Din nıqabında ha'kimiyat ushın gu'res xalıqlar qa'lbi ha'm sanasın iyelewge ha'reket te usınday jag'dayda baslandı.

«Tamshıda quyash sa'wlelengeni sıyaqlı o'z aldına alıng'an ha'r bir shaxsta millet jasaydı...»

***G'aybulla As Salam***

**Qa'wipsizlik ha'm turaqlılıqqa qa'wipler ha'm de ideologiyalıq immunitet.** Ha'zirgi waqıtta Milliy g'a'rezsizlik ideyası ha'm jat ideologiyalar arasındag'ı mu'na'sebetler ideologiyalıq gu'res, ideologiyalıq qarsı turıw, psixologiyalıq urıs formalarında keshpekte. Jat ideologiyalar ideologiyalıq gu'reslerdin' mın' jıllıq usılların, sonday aq zamanago'ylesken usılları: axborot maydanın iyelep alıw; ideologiyalıq diversiya, siyasiy indoktrinatsiya, ideologiyalıq infiltratsiya, dezorientatsiya, ideologiyalıq qoparıwshılıq ha'reketlerin qollaw arqalı xalqımızda O'zbekstannın' ullı keleshegine isenimsizlik oyatıwg'a, ma'mleket siyasatın abroysızlandırıwg'a, adamlardın' o'zin Watan, millet qorg'awınan shetke tartıwg'a, biyparıqlıqqa erisiwge umtıldı. Bunda olar jeke pikirdi ulıwmalastırıw (ekstrapolyatsiya), jalg'andı haqıyqatqa usatıp su'wretlew, kishi mashqaladan u'lken jalg'an jasaw, bir na'rseni ta'kirarlay beriw, sezimdi aqıldan u'stem qoyıw, tın'lawshının' jeke ma'pin birinshi orıng'a qoyıp (dos bolıp ko'rinip) «ha'siretlesiw», hu'kimetti xalıqqa jaman ko'rsetiw, millet dushpanlarına reyimlilik, bir pikirlilik sezimlerin oyatıw, adamlarg'a tanıs mag'lıwmatlardı isletip «pa'len jerde, mınanday waqıya boldı», dep ırasqa jalg'andı qosıp jiberiw usıllarınan ideologiyalıq gu'rselerde paydalanbaqta.

Ha'r qanday ja'miyet bunday ma'kkar qa'wiplerdi jen'iw ushın o'zinde qırag'ılıq, ideologiyalıq qa'wipsizlik, birlik, jawıngerlik, bag'darlang'anlıq, ulıwma milliy birlik sıyaqlı ja'miyetlik sıpatlarg'a iye bolıwı lazım. Bunın' ushın Milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' jat ideologiyalarg'a qarsı gu'res usılları, ma'selen, buzg'ınshı ideyalar ma'nisin ashıp beriwge qaratılg'an u'git-na'siyat, ideologiyalıq monitoring ha'm qa'wipler ma'nisin xalqımız sanası ha'm qa'lbine jetkeriw, jawızlıqqa qarsı marifat taratıw usıllarınan ba'rhama ha'm ha'mme jerde paydalanıw usınıladı.

O'tken sovet du'zimi da'wirinde jas a'wladlar sanasın kommunistlik ta'rbiya o'z iskenjesinde tuttı. Kommunistlik ideologiya insanlar sanası ha'm qa'lbin iyelegen edi.

XXI a'cir basında ideologiyalıq gu'reslerdin' Sovet da'wirinde ko'rilmegen, jan'a qa'wipler menen ha'm ilimiy-texnologiyalıq tiykarg'a qurılg'an propaganda gu'resi da'wiri, dep ta'riyplew mu'mkin. Sebebi Sovet da'wirinde qollanılg'an u'git na'siyat, ideologiyalıq gu'res usılları ha'zir islemeydi. Bizge qa'wip salıp turg'an ideologiyalar «sulıw» ko'rinse de, ha'm «massalıq» bolsa da, puxta, ilimiy texnologiyalıq tiykarg'a qurılg'anlıg'ı sır emes. Sebebi olardın' u'git-na'siyatı aldın'g'ı ha'm ha'zirgi zamanago'y ideologiyalıq gu'res usıllarına iye. Tek g'ana

ideya, maqsettin' forması o'zgergen. Ma'selen, a'ne usınday ideyalardan biri «xalifatlıq ma'mleketin du'ziw» ideyası. Bul ideyanın' mazmun ma'nisi ta'repten ziyanlı ekenligin teren' an'law za'ru'r.

«Xalifa» so'zinin' entsiklopediyalıq ma'nisi – «orınbasar», terminologiyalıq ma'nisi «musılman ja'ma'a'ti ha'm musılman ma'mleketinin' diniy ha'm de du'nyauiy baslıg'ı» dep talqılanadı. Xalifalıq ma'mleketi absolyut monarxiya tipindegi ma'mleket bolıp, ma'mleketti xalifa basqaradı. Xalifalıq ma'mleketin basqarıw dizimi islam-sha'riyat nızamları menen belgilenedi. «Xizbut taxrir» dawa qılg'an xalifalıq ma'mleketi bolsa «İslam Nızamı» atamasındag'ı kitabında bayan etilgen nızamlarg'a tiykarlanıp basqarıladı. Payg'ambarımız Muxammed alayhissalamnan ra'wayat qılıng'an usı hadiste anıq aytılg'an: «Xalifalıq mennen son', u'mmetim ishinde 30 jıl boladı, onnan keyin patshalıq boladı». Bul hadis İmam Termiziy ha'm A'bu Dawıtta da ra'wayat qılıng'an. Ha'zir «Xizbut taxrir» ta'repdarları mın'lag'an biygu'na adamlar qanı nahaq to'gilsede, xalifalıq qurılıwın ma'jbu'riy, dep shaqırmaqta. Olardın' bunday ha'reketinen go'zlengen maqset konstitutsiyalıq du'zimdi awdarıwdan basqa na'rse emes. Sol sebepli olardan sap islamiy qa'diriyatlarımızdı, o'zbekligimizdi (sebebi xalifatlıqta o'zbek degen so'z o'shirip taslanadı, ma'mleket tili arab tili, paytaxtta basqa jerlerde boladı) ata-babalarımız dini haqıyqıy islamdı qorg'awg'a tayar turıw a'hmiyetli. Sonday minutlarda ullı patriot Sholpannın' watanparwar uranı eske tu'sedi: «...Olardan bizge dos joq... Bizin' dostımız o'zimiz¨ Bizin' dostımız millet¨ Olar millet dushpanları... Biz olarg'a dushpan¨ Sonı umıtpan'ızlar¨» (Keshe ha'm ku'ndiz). Milletti, Watandı, ata-babalarımız iymanın, o'zbekligimizdi, g'a'rezsizligimizdi qorg'aw ha'r bir puqaranın' parızıdur. Eger olardın' ruwxın shırqıratıp, milletti, Watandı din nıqabındag'ı jawız ideyalardan qorg'amasaq, ne boladı... Qaytıp azat bola almaymız, o'zbek te bola almaymız, Watanda biygana bolamız. Sebebi, xalifag'a, o'z ata-babası da'stu'rlerin umıtqan manqurtlar kerek. Olar xalifanın' paxtasın egiwi, teriwi kerek. Olardın' miynetinen xalifalıqqa altınlar ag'ıp barıwı kerek. Xalifa bolsa bul du'nya la'zzetin su'redi. Qullarına bolsa ol du'nya la'zzetlerin beredi. Bolmasa, xalifalıq ideyası bunshelli siyasiy maqsetlerdi ko'zde tutpag'an bolar edi. Bul du'nya. o'tkinshi du'nya saadatına qızıqpas, gu'respes edi. Toat-ibadat, bes waqıt namazg'a shaqırıp qoya qoyar edi solay emes pe ?¨

«Hizbut taxrir»- sunniylik shen'berindegi diniy-siyasiy partiya bolıp, 1952-jılı Quddus qalasında sho'lkemlestirilgen. Bul partiya palestinalıq Taqyiddin Naboxoniy (1909-1978) ta'repinen, «Al İxvon al musliman» basshısı Sayd Qutib penen kelise almay qalg'an son' sho'lkemlestirildi.

1952-jılı Taqyiddin Naboxoniy ta'repinen jer ju'zinin' musılman ma'mleketlerinde bar bolg'an du'zimdi o'zgertip, «xalifatlıq» ma'mleketin du'zip ha'm bul maqsetti a'melge asırıw ushın «İslam dini» nıqabı astında «Xizbut tahrir» (Azatlıq) partiyasına tiykar salınıp, bul partiyanın' idaralıq toplamları ha'm basqa nızamları islep shıg'ılg'an edi. Onın' ag'zaları jaslardı diniy fanatizm ha'm ekstremizm ruwxında ta'rbiyalawdın' barlıq usılları- uran, isendiriw, listok ha'm de mısh-mıshlar tarqatıw, sabaq usılların qollanıp, puqaralar ortasındag'ı, ma'mleket ha'm shaxs ortasındag'ı mu'na'sebetlerdi keskinlestiriwge ha'reket qıldı. Olardın' pikirinshe tek «haqıyqıy» musılmanlar ha'kimiyatqa kelse, «islamiy

ta'rtipti» ornatıw ushın keskin ha'm agressiv ha'reketlerge imkaniyat jaratıladı, dep oylaydı.

Bul ha'reketler ma'nisi haqqında Prezident İslam Karimov «İnsaniyat tariyxında diniy sananın' ajıralmas bo'legi bolg'an adamlardag'ı isenimnen tek g'ana jaratıwshı ku'sh sıpatında emes ba'lkim, buzg'ınshı ku'sh, ha'tte fanatizm sıpatında paydalang'anlıg'ın ko'rsetiwshi mısallar ko'p. A'sirese fanatizm illetine jolıqqan adamlar yaki olardın' toparları ja'miyette turaqsızlıq tolqının keltirip shıg'arıwg'a qa'dir boladı»[a] dep o'z aldına aytıp o'tedi.

O'zbekistannın' Oraylıq Aziyadag'ı ornın esapqa alıp, olar diniy ag'ımlar O'zbekstanda rawajlandırılsa bunın' ta'siri tez Oraylıq Aziyag'a jayılıwına u'mit qıladı. Sebebi diniy allamalar Maverennaxrdan shıqqanlıg'ı, bul u'lke xalqı milliy xarakteri, manauiyatının' qa'liplesiwine sezilerli u'les qosqanlıg'ın bildiredi. Usı tiykarda olar diniy nıqap astında jaslardın' ideologiyalıq immunitetin a'zziletip, olarg'a ma'mleketimizdin' demokratiyalıq siyasatı printsiplerin qaralap, ma'mleket ha'm xalıq ortasında qarama-qarsılıq keltirip shıg'arıwg'a u'mitlenedi. Sol sebepli «Xizbut taxrir» da'slep jaslarda jalg'an islamlıq pikirlerge isenimdi asırıwdı o'zinin' tiykarg'ı wazıypası dep bildi. Bunı olar «saqofiy» tu'sinikke ta'n a'meller, yag'nıy siyasiy a'mel-sharalardan en' a'hmiyetlisi dep esaplaydı. Basqasha qılıp aytqanda, jaslardın' ideologiyalıq immunitetin a'zziletip, jen'iw ha'm o'zlerinin' jalg'an ideyaların sin'diriwdi birinshi wazıypa etip qoydı.

Bunday jalg'an ideyanın' ta'sirine tu'sken, aldang'an bir jastın' xatın itibarın'ızg'a usınamız:

«Men tu'rli aldawlarg'a ushıp, «Hizbut Tahrir»day jawız ag'ımnın' qara girdabına tu'sip qalg'anman. Dindi u'yreniwge bolg'an qızıg'ıwım ha'm bul jolda jawız niyetli «jalg'an mollalar» shaqırıg'ına ko'zsizlershe ergenim sebepli, aqır-aqıbet, qiyanetker kimsege aylandım. Pushaymanlar bolsın, biz jaslar Allanın' ullı sawg'ası bolg'an tınıshlıq ha'm paraxatshılıqtın' qa'dirine jetpedik. Xatımdı jollawdan maqset, elege shekem jaslardı joldan urıp atırg'an kimselerdin' qara qılmısınan qatarlarımdı eskertiw. Menin' ta'g'dirim g'a'plette qalg'an qatarlarıma sabaq bolsa a'jep emes.

1999-jıldın' aqırlarında Laziz meni Saidkarim degen balanın' u'yine mira't qıldı. Ol jerde Saidkarim bes-altı balag'a «İslam nızamı» degen kitaptan sabaq o'ter edi. Sol ku'ngi sabaq aqırında ol : «Mine usı balalar da ant etip «Hizb ut Tahrirge ag'za boldı, senin' dostın' da ag'za. Sen de ag'za bol», dedi. Ele ilimim joqlıg'ın tu'sindirsem, ilimdi keyin ala beriwim, ant iship, «Hizb ut Tahrirge» qansha erte ag'za bolsam, sawabı sonshelli ko'p bolıwın, ha'zir bolsa sawapsız ju'rgendey, ilimdi isletken menen sawabım joqlıg'ı siyaqlı ga'pler menen basımdı qalayınsha aylandırg'anın sezbeppen. Sonnan son' ha'ptede bir ma'rtebe sabaqlarg'a qatnaytug'ın boldım... Ha'zir oylap qarasam, qaysı bir adam jazg'an «İslam nızamı» kitabın Quran menen ten'lestirer ekenbiz...

«Hizb ut Tahrir»ge tiykarlanıp mektepte jaqsı oqımag'an, ta'rbiyası bos shan'araqlardın' perzentlerin shaqırar edi. Sebebi olardı basqarıw ju'da' an'sat. İlimli adam «Hizb ut Tahrir»shilerdin' iskerligi jinayat ekenligin tu'sinedi. İlimi joqlar bolsa o'zleri qılıp atırg'an shaqırıqlardın' mazmunın da an'lap jetpeydi. Ja'ne qanday qılıp bazarlarda, xalıq ko'p bolg'an jerlerde g'alawıt ko'teriw, o'sek

taratıw tuwralı da aytıp beriler edi. Bul isler adamlarda ma'mleket du'zimine degen narazılıq tuwılıp, bizge ko'birek qosıladı, «Hizb ut Tahrir» ku'sheyedi, degen maqsette qılınar edi.

Ja'ma'a't transportında xalıqtı ma'mleket du'zimine degen narazılıq keltirip shıg'arıw ushın «ashıq shaqırıq»lar isledik. Endi oylap ko'rsem «Hizb ut Tahrir» baslıqları ju'regimizge qorqıw salıp, jinayatqa iytermelegen eken. İlimsizligim meni a'ne usı jolg'a basladı...» deydi bul haqqında atın aytpawdı sorag'an, haqıyqat jolına qaytqan jaslardın' biri.[a']

Adamlardı ol yaki bul maqsetke bag'darlaw, ta'rbiyalaw eki ta'repleme protsess. Bug'an u'git-na'siyat subektleri (u'git-na'siyatshılar, TV, radio, baspa so'z) ha'm u'git-na'siyat obektleri (shaxs, xalıq) qatnasadı. U'git-na'siyat islerinin' na'tiyjeliligin anıqlaw ha'm jetilistiriw mu'mkin boladı.

İdeologiyalıq ta'rbiya na'tiyjeliligi, en' aldı menen, ja'miyetti ideologiyalıq ta'rbiyalawdan na'tiyje qanday bolıwı kerek ekenligin anıq belgileniwine baylanıslı.

XXI a'sirde de ideyalıq tartısıwlar toqtag'an joq. Sol sebepli xalqımızdın' erten'gi ideologiyalıq birligin ta'miynlew ideyalıq ta'rbiyanın' izbe iz, u'zliksiz ta'miynleniwge qoyılıwın usınadı.

Prezident İ.A.Karimov ideologiya tarawına ta'n a'hmiyetli pikirlerdi bildirip, to'mendegilerdi ayttı. Ma'selen, «Aymag'ımızda «Hizb ut Tahrir» siyaqlı ekstremistlik sho'lkeminin' iskerligi barg'an sayın qa'wipli tu's almaqta. Ol konstituttsiyalıq, du'nyawiy ma'mleket du'zimine qarsı shıg'ıp, orta a'sirlerdegi islam xalifatlıg'ın du'ziw tuwralı utopiyalıq ideyaların u'gitlemekte... Lekin, pushayman menen ta'n alıw kerek, bul jawız ku'shke qarsı gu'restegi ha'reketlerimizde awzıbirlik ha'm izbe izlik ko'zge taslanbay atır...»

Milliy ideologiyalıq immunitet ha'r bir jigit-qız, puqaradag'ı g'a'rezsizliktin' siyasiy ma'nisi, Prezident İslam Karimov shıg'armalarında ko'terilgen siyasiy ideyalar, reformalar jetiskenlikleri ha'm mashqalaları, ishki ha'm sırtqı siyasatqa ta'n teren' bilimlerge su'yenedi. Ha'r bir adam yaki ja'ma'a't, ja'miyettin' ideologiyalıq immunitettin bes da'rejege bo'lip u'yreniw, bahalaw ha'm usı tiykarda jetilistiriw mu'mkin: bunda:

Birinshi, yag'nıy ideologiyalıq immunitettin' to'mendegi da'rejesi -shaxs, ja'ma'a't, ja'miyet joqarıdag'ı bilimlerden xabardar emes; buzg'ınshı ideologiyalıq ideyalarg'a biyparıq, pa'rwayı;

ekinshi da'rejesi- bilimler bar, lekin olar sezilmegen, sistemalaspag'an, sol sebepli olardı buzg'ınshı ideologiyalıq ideyalarg'a qarsı isletiwge tayar emes;

u'shinshi da'reje- ideologiyalıq bilimlerge iye, lekin olar teoriyalıq, shaxs, ja'miyet olardı qollanıwg'a qıynaladı;

to'rtinshi da'reje- tiykarlı bilimlerge iye, jag'daydı tuwrı bahalay aladı; ishki ha'm sırtqı siyasiy, ideologiyalıq ta'sirlerge qarsı immunitetti qa'liplesken ha'm onı sanalı ra'wishte isletedi;

besinshi -joqarı da'reje- jetik ideyalıq, siyasiy, ekonomikalıq bilimlerge iye ha'm bul bilimlerdi ma'lelsiz a'melde qollap, buzg'ınshı ideologiyalıq, siyasiy ideyalardı mudamı ha'mme jerde iskerlik penen ashıp taslay aladı.

Talqılawlar sonı ko’rsetedi, keyingi jılları ayırım jaslarda milletke, Watang’a payda keltiriwdi oylaw, g’a’rezsizlikti bekkemlewde paydalı insan bolıp jetisiw sezimi arnawlı, ilimiy tiykarda qa’liplestirilmegenligi sebepli jeke ma’pti oylaw, jen’il jollar menen jaqsı turmısqa umtılıw sezimleri payda bolmaqta. Sonın’ menen birge, ayrım puqaralar arasında manauiy sheklengenlik, du’nyag’a ko’z-qarasının’ tarlıg’ı, milliy a’dep-ikramlıq normaların saqlamaw, so’zi ha’m isi arasında ayırmashılıq, milliy maqtanıshının’ to’menligi siyaqlı unamsız ko’rinisler ushırap turadı, olardı birlesip saplastırıw lazım.

«Senin’ qa’wipsizligin’, senin’ ra’ha’tin’, senin’ pa’rawanlıg’ın’ ushın Watan kerek bolsa, mu’na’sip puqara bol»

**K.Gelvetsiy**

Shaxstın’ ideologiyalıq immunitetin, onın’ ja’miyetlik siyasiy iskerligi, pozitsiyasın ma’mleket, hu’kimet ushın ayrıqsha jag’daylarda gu’zetiw mu’mkin.

1999- jıl 11-may.

Yugoslaviyadag’ı Qıtay elshixanası janına bomba tu’sti.

Qıtay qalalarında on mın’lap jaslardın’ narazılıq demonstratsiyaları baslandı. Adamlar ko’kireklerine «Men-nıshanaman¨ meni at» degen plakat-su’wretlerdi jazıp shıqtı. Basqa ma’mleketlerdegi mu’sa’pir qıtaylılar da usınday demonstratsiyalar sho’lkemlestirdi. Qıtay jaslarının’ milliy birligi, milliy ar-namısı, siyasiy, ideologiyalıq birligi ju’zege keldi. Milliy ma’mleketshilik, watanpa’rwarlıq, pidayılıqtı o’zinde ja’mlestirgen Qıtay milliy xarakteri o’zin ko’rsetedi. Bul birlikke ha’wes qılıw kerek. O’zbek xarakterin millet, ma’mleket, Watan abroyı ushın qa’legen payıtta ju’zege keletug’ın isenimli pazıyletler menen qurallandırıw kerek.

İdeologiyalıq immunitet shaxs ta’repinen Watan, millet ushın kewilli, ideyalıq tiykarlanıp a’melge asırılatug’ın ku’ndelikli islerde ko’rinedi. Bul iskerlik milliy birlik, manauiy kamalatqa kesent berip atırg’an sıpatlar, jat ko’z-qaraslar, milliy qa’wipsizligimizge, ishki ha’m sırtqı qa’wiplerge ashıq, ma’rdana qarsı turıwın da o’z ishine aladı. Basqasha qılıp aytqanda,- Elim, jurtım dep jasawdın’ ha’r bir adamda, ja’ma’a’tda, ja’miyette ju’zege keliwin aytadı.. bul bolsa milliy ideyanı a’meliy ku’shke aylandırıw ha’m buzg’ınshı ideologiyalıq ta’siyrlerden xalıqtı, jaslarımızdı qorg’awdın’ sha’rtlerinen biri. Sebebi «Pikir ha’m so’z a’meliyatqa bag’darlang’anda olardın’ ha’r ekewi de materialg’a-na’rsege aylanadı».

Jat ideologiyalar u’gitinin’ «miyrimanlıg’ı», «qalıs xızmetligi» ha’m «biyta’repligi», «jag’ımlılıg’ı», «doslıg’ı»nın’ artında ne jatqanlıg’ın ha’r dayım biliw lazım. Yag’nıy olardın’ tamırında O’zbekstannın’ rawajlanıwına qarap u’zliksiz taktikasın o’zgertip turıwshı belsendi aqıydaparastlıq u’gitlewi na’tiyjesi ha’m a’meliyatı jatqanın, olardın’ da’stu’rlik fundamentalistlik teoriya ha’m ideyaların zamanago’y usıllarda «janlandırılıp atırg’anlıg’ın» tu’siniw za’ru’r.

Sonın’ menen birge, ayırım jaslar ha’r qıylı jat ideyalardın’ qalıs informatsiya deregi sıpatında qabıl alıp atırg’anlıg’ın da aytıp o’tiw kerek. Jat ideologiyalardı ko’zsiz qabıllaw ziyanlı.

## §2. Ma’nawiyat ha’m ja’miyettin’ jan’alanawı protsessleri.

### Ma’nawiyat ha’m ja’miyettin’ jan’alanıwı.

Bu’gingi ku’ni ma’mleketimizde jan’a turmıs, jan’a ja’miyet tırnag’ın tiklewde erkin puqaralıq ma’nawiyatın qa’liplestiriw ma’selesi biz ushın og’ada aktual a’hmiyetke iye.

Turmısımızdın’ barlıq salalarında a’melge asırılıp atırg’an ken’ ko’lemli reformalarımızdın’ na’tiyjeliligi da’slep xalıq ruwxıy du’nyasının’ tikleniwi, bay tariyxıy miyrasımızdın’ teren’ u’yreniliwi, da’stu’r ha’m u’rp-a’detlerimizdin’ saqlanıwı, ma’deniyat ha’m ko’rkem-o’ner, ilim ha’m ta’limnin’ rawajlanıwı, en’ a’hmiyetlisi, ja’miyet oy-pikirinin’ o’zgeriwi ha’m joqarılawı menen ajıralmas baylanıslı.

Sonlıqtan da o’zinin’ haq-huqıqın biletug’ın, o’zinin’ ku’shi ha’m imkaniyatlarına tayanatug’ın, a’tirapımızda ju’z berip atırg’an waqıya-ha’diyselerge erkin qatnas jasaytug’ın, sonın’ menen qatar jeke ma’plerin ma’mleket ha’m xalıq ma’pleri menen tıg’ız halda ko’retug’ın, ha’r ta’repten nawqıran insanlardı ta’rbiyalaw wazıypası g’a’rezsizlik jıllarında biz ushın sheshiwshi ma’selege aylandı.

Bul protsess elimizde og’ada qıyın sharayatta – ken’es du’zimi qıyrag’an ha’m jan’asha ja’miyetlik mu’na’sibetler tiklenip atırg’an keskin bir jag’dayda ju’z bergenligin atap o’tiwimiz tiyis.

Usınday og’ada qa’wipli sınaqlı ha’m qıyın bir da’wirde elimizdegi tınıshlıq ha’m turaqlılıqtı saqlap qalıw, Orayda bolıp atırg’an tu’rli zıyanlı ta’sirlerden xalqımızdı qorg’aw, o’zimizdin’ g’a’rezsiz siyasatımızdı islep shıg’ıw ha’m a’melge asırıw maqsetinde 1990-jıldın’ 24-mart ku’ni respublika Joqarı Ken’esinin’ birinshi sessiyasında Prezidentlik basqarıwı engizildi.

Sol waqıtta SSSR aymag’ındag’ı respublikalar arasında birinshi bolıp O’zbekstanda usınday joqarı lawazım engizilgeni ha’m usılayınsha biz jurtımızdı g’a’rezsizlik jolına baslag’an da’slepki qa’demdi qoyg’anlıg’ımızdı atap o’tiw tiyis.

Sol sessiya ma’jilisinde respublikamızda payda bolg’an awır jag’day ha’m onı du’zetiw boyınsha aldımızda turg’an en’ tiykarg’ı wazıypalar haqqında so’z etkende, bir-birinen aktual, bir-birinen a’hmiyetli mashqalalardı sheshiw boyınsha a’yne ma’nawiyat ma’selesine de ayrıqsha toqtalıp, xalıq deputatları, pu’tkil xalqımızg’a qarata men to’mendegi pikirlerdi bildirgen edim:

«Bu’gingi ku’ni aldımızda turg’an en’ a’hmiyetli wazıypalardı ko’z aldımızdan o’tkerer ekenbiz, xalıqtın’ ku’ndelik mu’ta’jliklerine tikkeley tiyisli aktual ma’selelerdi sheshiw menen bir qatarda biz eski du’zim da’wirinde insan o’mirinin’ negizi ha’m quramalı ta’repleri, milliy qa’diriyatlar, tariyxıy da’stu’rler, ulıwma insanıy ruwxıy baylıqlar menen esaplaspaw ja’miyetimizge qanshadan-qansha za’lel keltirgenligin umıtpawımız kerek.

Bul boyınsha tiykarg’ı jumıslarımız nelerden ibarat bolıwı lazım?

Birinshi na’wbette milliy ma’deniyatımız, xalıq ruwxıy baylıg’ının’ tamırlarına itibar beriw za’ru’r. Bul g’a’ziyne a’sirler dawamında mısqallap

toplang'an. Tariyxtın' ne-ne sınawlarınan o'tken. İnsanlarg'a awır demlerde ma'det bolg'an.

Bizin' wazıypamız – usı g'a'ziyneni ko'z qarashıg'ınday saqlaw ha'm ja'ne de bayıtıw.

So'zde emes, a'melde ha'r bir adamnın' hu'jdan erkinligin, isenim erkinligin ta'miyinlewimiz kerek. Biz adamlardın' ruwxıy ta'rbiyasın oylap, paraxatshılıq ha'm qayırlı islerdi go'zlep ha'reket etip atırg'an ha'r bir adamdı qollap-quwatlaymız, olar menen birge islesemiz.

Ma'selenin' basqa ta'repi – bilimlendiriw ha'm ma'deniyattın' materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew. İnsannın' tolıq turmısı ushın og'ada za'ru'r bolg'an mektepler, kitapxanalar, teatr ha'm basqa ma'deniyat oshaqların ko'beytiw, olardın' sharayatın jaqsılaw.

Biz ko'p jıllar dawamında bilimlendiriw ha'm ma'deniyatqa natuwrı mu'na'sibette boldıq, og'an saqlanıp atırg'an qarjılar mudamı basqa tarawlardan kem boldı. Na'tiyjede biz bul ma'selede artta qalıp kettik.

Bunnan bılay ba'rshe rejelerimizde ma'deniyat, bilimlendiriw, fizikalıq ta'rbiya ha'm sport birinshi da'rejeli wazıypalar qatarınan orın alıwı lazım.

Ha'm juwmag'ında usı salalarda islep atırg'an kadrlar ma'selesi. Oqıtıwshılar ha'm shıpakerler, ma'deniy ag'artıw ma'kemelerindegi ha'm basqa tarawlardag'ı ko'plep qa'niygeler – haqıyqıy ziyalılar bolıp tabıladı.

A'sirese, alımlar ha'm do'retiwshi xızmetkerlerimizge itibardı ku'sheytiw kerek, sebebi ruwxıy baylıqlardı solar jaratadı. Olarg'a g'amxorlıq etiw, na'tiyjeli jumısı ushın ba'rshe za'ru'rli materiallıq-ruwxıy sharayatlardı jaratıp beriw ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm xojalıq sho'lkemleri basshılarının' minneti ha'm juwapkershilikli wazıypası.

Ja'ne bir aktual wazıypa o'sip kiyatırg'an jas a'wladqa, onın' ruwxıy ta'rbiyasına og'ada u'lken juwapkershilik sezimi menen qatnas jasaw ma'selesi. Nege degende, jaslar xalıq ruwxıy du'nyasının' mu'na'sip iyeleri bolıp tabıladı. Sonın' ushın ha'r bir ul-qızımız da'slepki qa'demlerinen baslap ma'deniy baylıqlarımızdan na'r alıwı kerek.

Talantlı jaslarımızdın', jigit-qızlarımızdın' o'zi qızıqqan tarawlarında jetik insanlar bolıp o'siwi ushın tiyisli sharayatlar ele tolıq jaratılg'an joq.

Eger biz o'zimizdin' ruwxıy minnetimizdi aqlawdı qa'lesek, olarg'a atalarsha g'amxorlıq etiwimiz kerek. A'ne usı maqsette biz olardın' ma'mleketimiz ha'm sırt ellerdegi abıraylı ilimiy oraylarda ta'lim alıwı ushın qarjılar ajırattıq. Bular ushın hesh na'rseni, sonın' ishinde valyutanı da ayamaymız.

Keyingi payıtta ko'rkem o'nerde ja'riyalılıqtı ba'ne etip televizor, kino ekranlarında, baspaso'z qurallarında bolmaytug'ın ko'rinislerdi sa'wlelendiriw, biyma'nilik ha'm uyat na'rselerdi, geyde bolsa, ha'tte, a'depsiz buzıqlıqtı u'git-na'siyatlaw ko'beyip ketti.

Ba'rshemiz – qay jerde, qanday lawazımda islemeyik, ja'miyetimizdin' insanıylıq ha'm a'dep-ikramlılıq qag'ıydaların ayaq astı etetug'ın usınday agressiv ko'rinislerge qatan' ra'wishte qarsı turıwımız lazım. Bunday mu'na'sibet ja'miyetshiligimiz, xalqımızg'a da maqul boladı dep isenemen».

Aradan jıllar o'tip milletimiz, xalqımızdın' keleshegi, onın' ruwxıy turmısın bayıtıw maqseti menen suwg'arılg'an bunday so'zler ele g'a'rezsizligimizden bir jıl to'rt ay aldın, a'yne ana tilimizde aytılg'anın esapqa alatug'ın bolsaq, bu'gin o'mirge kirip kiyatırg'an jaslarımız ushın, ko'p na'rse ayan boladı dep oylayman.

Sonın' menen qatar jurtımızda milliy tikleniw protsessi derlik bir yarım a'sir dawam etken ja'miyetlik-siyasiy g'a'rezlilikten keyin da'slepki payıtlarda pu'tkilley ta'biyiy ra'wishte o'zine ta'n «biykardı biykarlaw» nızamlılıg'ı negizinde keshkenligin aytıw lazım. Lekin, biz burıng'ı du'zimnin' ideologiyalıq ko'z-qarasların ulıwma biykar etiwdin' o'zi heshqanday do'retiwshilik bag'darlamasına iye bolmag'an siyasiy ha'm ma'deniy ekstremizm qa'wpin payda etiwi itimallıg'ın jaqsı sezer edik. Sonın' menen birge, tariyxıy qa'diriyatlar, u'rp-a'det ha'm da'stu'rler turmıs qa'lpine aldı-artın oylamastan, japa-tarmag'ay biyta'rtip qaytıw basqa bir keskinlik, aytayıq, bu'gingi da'wir turmısın qabıl etpew, ja'miyetti jan'alaw za'ru'rligin biykarlaw sıyaqlı maqul bolmag'an halatlarg'a alıp keliwi mu'mkinligin de umıtpawımız za'ru'r edi.

Ba'rshemizge ma'lim, millet ha'm xalıqtın' ruwxı, ko'z-qarası ha'm turmıs qa'lpin ko'rsetetug'ın milliy ma'nawiyatqa mu'na'sibet, onı zaman talapları tiykarında rawajlandırıw, adamlardın' ko'z-qarası ha'm oy-pikirin o'zgertiw ma'selesi ha'r ta'repleme teren' ha'm puxta oylap jumıs alıp barıwdı talap etedi. Sol payıtta ayırım adamlar, mine biz g'a'rezsizlikke eristik, endi tek ata-babalarımızdan qalg'an qa'diriyatlar negizinde jasawımız tiyis, basqasha ko'z-qaraslardın' bizge keregi joq, degen tiykarsız pikirlerdi de bildirgen edi. Bunday pikirlerge hasla qosılıp bolmaslıg'ı ta'biyiy edi.

Bul boyınsha tuwrı jol tutıw ushın en' da'slep milliy qa'diriyattın' o'zi ne ekenligin anıq tu'sinip alıw za'ru'r. A'lbette, biz tariyx sınaqlarınan o'tken, milliy ma'plerimiz, bu'gingi ha'm erten'gi arzıw-umtılıslarımızg'a, rawajlanıw talaplarına tolıq juwap beretug'ın, jıllar o'tken sayın qa'diri artıp baratug'ın ideya ha'm tu'siniklerdi qa'diriyat dep bilemiz.

Ha'r qanday ja'miyetlik ha'diyse sıyaqlı milliy qa'diriyatlardın' ha'm o'zine ta'n rawajlanıw nızamları bar. Bul haqıyqattı umıtıw, milliy qa'diriyatlardı bir ta'repleme, jasalma ra'wishte ulıg'law ha'm ideallastırıwg'a urınıw, olardan siyasiy maqsetlerde paydalanıw unamsız aqıbetlerge alıp keliwi turmısta ko'p ma'rte o'z da'liylin tapqan. A'sirese, O'zbekstan sıyaqlı ko'p milletli, ko'p konfessiyalı ma'mlekette bunday ha'reketler aqır-aqıbetinde milletler aralıq qarama-qarsılıq, milletshilik, milliy ha'm diniy sabırsızlıq sıyaqlı qolaysız jag'daylarg'a alıp keliwi mu'mkin.

Biz xalqımızdın' aqıl-oyı, bekkem erk-ıqrarı, ken' peyilligi ha'm patriotlıg'ına tayana otırıp, bul boyınsha a'melge asırg'an bir qatar jumıslar bu'gingi ku'ni o'zinin' unamlı na'tiyjesin bermekte.

**O'zlikti an'law, milliy sana ha'm oy-pikirdin' ko'rinisi, a'wladlar ortasındag'ı ruwxıy-ruwhıy baylanıs til arqalı ko'rinetug'ınlıg'ı ma'lim.** Barlıq iygilikli pazıyletler insan qa'lbine, en' a'wele ana ha'yyiwi, ana tilinin' ta'kirarlanbas go'zzallıg'ı menen sin'edi. Ana tili – bul millettin' ruwxı.

Ullı ag'artıwshı babamız Abdulla Avloniydin' so'zleri menen aytqanda, «Ha'r bir millettin' du'nyada barlıg'ın ko'rsetetug'ın turmıs aynası til ha'm a'debiyatıdur. Milliy tildi jog'altıw millettin' ruwxın jog'altıwdur».

Bul tuwralı so'z etkende, g'a'rezsizlik arapasında o'zbek tiline ma'mleketlik til statusın beriw ma'selesinde qanday qızg'ın, bazıda keskin ha'm murasasız disput ha'm tartısıwlar bolıp o'tkeni biyıqtiyar yadımızg'a tu'sedi. Sol payıtta ayırım siyasiy toparlar O'zbekstan sharayatına ulıwma tuwrı kelmeytug'ın, bir-birine pu'tkilley qayshı ha'm qarama-qarsı pikirlerdi alg'a qoyıp, sonın' esabınan o'zine abıray arttırıw, adamlardı izinen ertiwge urıng'an edi. Nege degende til menen baylanıslı mashqalalar arqalı milliy sezimlerdi ko'zgir etip, olardan g'a'rezli maqsetlerde paydalanıw mu'mkin.

Mine usınday og'ada ta'wekelshilikke tolı ha'm qıyın jag'dayda eger azg'ana sezimlerge berilip, sergeklikti jog'altqanda, arzımag'an ushqınnan ot shıg'ıp ketiwi hesh ga'p emes edi. Orayda ha'm o'zimizde qolay ba'ne ku'tip, payıt an'lıp turg'an imperiyaparaz ku'shlerge a'yne usı na'rse kerek edi. Biraq biz olar ku'tken joldan barmadıq. Awır salmaqlılıq penen is tutıp, ha'r ta'repleme oylap, oy-pikir ju'rgizip, barlıq siyasiy ha'm sotsiallıq toparlardın' talapların qanaatlandıratug'ın, en' a'hmiyetlisi, xalqımız ha'm Watanımız ma'plerine juwap beretug'ın birden-bir tuwrı joldı tabıwg'a eristik.

En' da'slep respublika Joqarg'ı Ken'esi janında ma'mleketlik til boyınsha ko'rnekli alımlar, do'retiwshi ziyalılar, jurnalistler ha'm ja'miyetshilik wa'killerinen ibarat arnawlı komissiya sho'lkemlestirildi. Komissiya ag'zaları xalıqtın' tu'rli sotsiallıq qatlamları, siyasiy toparlar, ba'rshe millet ha'm xalıq wa'killeri ta'repinen bildirilgen pikir-usınıslardı ha'r ta'repleme u'yrenip, respublika basshılıg'ı ha'm ken' ja'miyetshilikke mudamı ma'limleme berip baratug'ın edi. Usınday isshen'lik ruwhında Joqarg'ı Ken'es sessiyasına usınılatug'ın joybardın' ha'r bir statyası boyınsha ha'r ta'repleme pikir almasıwlar ba'seki ha'm tartısıwlar bolıp o'tti.

1989-jıldın' 19-oktyabr ku'ni bul og'ada a'hmiyetli ma'sele Joqarg'ı Ken'es sessiyası dodalawına qoyıldı ha'm derlik bir yarım a'sirlik g'a'rezsizlikten son' ma'mleketimizde o'zbek tili ma'mleketlik til dep ja'riyalandı. Xalqımızdın' muqaddes qa'diriyatlarınan biri bolg'an ana tilimiz o'zinin' nızamlı statusı ha'm qorg'awına iye boldı. Bul Watanımız tariyxında shın ma'nistegi ullı waqıya edi.

Qabıl etilgen nızamda ma'mleketlik til menen birge elimizdegi barlıq millet ha'm xalıqlardın' tillerin rawajlandırıw, ma'mleketlik jol menen qorg'aw, tili, dini ha'm milletine qaramastan ha'r bir puqaranın' o'z ana tilinde bilim alıw, ma'limleme, kerekli mag'lıwmat alıw sıyaqlı huqıqlarına kepillik beriw ma'seleleri anıq belgilep qoyılg'an edi. Bul nızam sol waqıtta basqa respublikalarda qabıl etilgen tilge tiyisli hu'jjetlerden o'zinin' demokratiyalıq mazmunı menen ajıralıp turıwın ayrıqsha atap o'tiw lazım. Sonın' ishinde, usı nızam ma'mleketlik ma'kemelerde islew, ta'lim alıw, ha'mel lawazımları boyınsha ko'teriliw, puqaralıq sıyaqlı ma'selelerde adamlardın' huqıq ha'm erkinliklerin kemsitetug'ın tu'rli sha'rtler ha'm «tsenz»lerden awlaq ekenligi menen ja'ha'n sherikligi ta'repinen atap o'tilgen talap ha'm qag'ıydalarg'a tolıq juwap berer edi. Sonın'

ushın da ol ko'p milletli xalqımız ta'repinen unamlı ku'tip alıng'anı biykarg'a emes.

1992-jıl 7-dekabrde qabıl etilgen O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında ma'mleketlik tildin' statusı huqıqıy jaqtan anıq belgilenip, bekkemlep qoyıldı. Solay etip, o'zbek tili g'a'rezsiz ma'mleketimizdin' bayrag'ı, gerbi, gimni, Konstitutsiyası qatarında turatug'ın nızam jolı menen qorg'alatug'ın muqaddes simvollarının' birine aylandı.

O'tken da'wir ishinde ma'mleketlik tildin' turmısımızdag'ı ornın ha'm ta'sirin ku'sheytiw, onı shın ma'nistegi milliy qa'diriyatqa aylandırıw jolında aldın ko'z aldımızg'a keltire almaytug'ın u'lken jumıslar a'melge asırıldı.

G'a'rezsizlik jıllarında o'zbek tilinin' qollanıw shen'beri is ju'zinde og'ada ken'eygeni, onı ilimiy tiykarda rawajlandırıwg'a qaratılg'an izertlewler, tilimizdin' o'zine ta'n o'zgesheliklerine bag'ıshlang'an ilimiy ha'm ko'pshilikbap kitaplar, oqıw qollanbaları, jan'a-jan'a so'zlikler ko'plep baspadan shıg'ıp atırg'anı ja'miyet oy-pikirin joqarılatıwg'a o'z u'lesin qospaqta.

A'sirese, ma'mleketlik tildin' xalıqaralıq ko'lemde de belsene islesiw quralına aylanıp baratırg'anı itibarg'a ılayıq. Atap aytqanda, sırt el ma'mleketlerinin' basshıları menen bolatug'ın ushırasıw ha'm sa'wbetler, so'ylesiw ju'rgiziwler, tiyisli hu'jjetlerge qol qoyıw ma'resimlerinde, abıraylı sammitlerde, ra'smiy baspaso'z a'njumanlarında o'zbek tilinin' ornı ha'm a'hmiyeti artıp baratırg'anlıg'ı ha'mmemizge maqtanısh – ma'rtebe bag'ıshlaydı.

Bul boyınsha o'zbek tilinin' kompyuter ha'm İnternet, anıq pa'nler, meditsina, ekonomika sıyaqlı arnawlı atama ha'm tu'siniklerdi talap etetug'ın tarawlarda da ken' qollana baslag'anı onın' imkaniyatları qanshama u'lken ekenin ko'rsetedi.

Al, bunnan jigirma jıl aldın a'piwayı g'ana arza yaki mag'lıwmatnamanı da o'zbek tilinde jazıwdın' mu'mkinshiligi joq edi. Bu'gin bul haqqında aytsan'ız, ko'pshilik jaslardın' iseniwi qıyın. O'ytkeni, ha'zirgi da'wirde joqarı ha'kimiyat uyımlarınan baslap jergilikli basqarıw ma'kemelerine deyin is ju'rgiziw ana tilimizde a'melge asırılmaqta.

Biz babalardan a'wladlarg'a o'tip kiyatırg'an biybaha baylıqtın' miyrasxorları sıpatında ana tilimizdi qa'sterlep saqlawımız, onı bayıtıw, abırayın ja'ne de arttırıw u'stinde mudamı islewimiz za'ru'r. A'sirese, fundamental ilimler, zamanago'y kommunikatsiya ha'm ma'limleme texnologiyaları, bank-qarjı sisteması sıyaqlı og'ada a'hmiyetli tarawlarda ana tilimizdin' qollanıw shen'berin ken'eytiw, etimologiyalıq ha'm salıstırma so'zliklerdi basıp shıg'arıw, za'ru'r atama ha'm so'zler, tu'sinik ha'm kategoriyalardı islep shıg'ıw, bir so'z benen aytqanda, o'zbek tilin ilimiy tiykarda ha'r ta'repleme rawajlandırıw milliy o'zlikti, Watan sezimin an'law sıyaqlı iygilikli maqsetlerge xızmet etiwi so'zsiz.

O'zbek tili a'sirler dawamında arab jazıwı tiykarında rawajlanıp kelgeni ma'lim. Sonın' menen qatar ullı babalarımız, tilimizdin' o'zine ta'n grammatikalıq o'zgesheliklerin esapqa ala otırıp, onın' u'lken imkaniyatlarına mas jazıw sistemasın jaratıw haqqında mudamı bas qatırıp kelgeni de tariyxıy negizlerden jaqsı ayan, dep oylayman.

Atap aytqanda, 1929-jılda ma'g'ripetpa'rwar ziyalılarımızdın' ha'reket-umtılısları menen latın jazıwı tiykarındag'ı o'zbek a'lipbesi islep shıg'ıldı ha'm

engizildi. Bul a'lipbe on jıl dawamında ha'rekette bolıp, latın jazıwında xalqımızdın' ruwhıy mu'lkine aylanıp qalg'an ko'plep kitap ha'm sabaqlıqlar, gazeta-jurnallar ha'm basqa baspa o'nimleri, tariyxıy hu'jjetler basıp shıg'arıldı.

O'kinishlisi, hu'kimdar ideologiyanın' burıng'ı SSSR aymag'ındag'ı barlıq xalıqlar ma'deniyatın «birden-bir sovet ma'deniyatı» degen jasalma ideya astında birlestiriwge qaratılg'an siyasatının' arqasında bul unamlı ta'jiriybe aqırına jetpesten qalıp ketti.

G'a'rezsizlikke eriskenimizden son' xalqımız ruwhıy turmısındag'ı ko'plep mashqalalar qatarı til ha'm a'lipbe ma'selesi de biz ushın ku'n ta'rtibindegi aktual wazıypag'a aylang'anı ta'biyiy. A'sirese, ana tilimizdin' xalıqaralıq maydandag'ı abıray-itibarı, statusın joqarılatıw, ma'mleketimizdin' ja'ha'n kommunikatsiya sistemasına integratsiyalasıwın ta'miyinlew, perzentlerimiz ushın sırt tiller, ma'limleme texnologiyaların ha'r ta'repleme puxta iyelew boyınsha qolay imkaniyalar jaratıw sıyaqlı biri-birinen a'hmiyetli wazıypalar bul ma'seleni keshiktirmesten sheshiwdi talap eter edi.

Lekin, sonı da aytıw kerek, bul ma'sele qanshama o'tkir bolmasın, biz onı sheshiwde artıqsha sezimlerge berilmesten, ilimiy tiykarda, ha'r ta'repleme oylap, ken' ja'miyetshiliktin' tilek-usınısların inabatqa alıp, is tuttıq. Usı maqsette 1993-jıl 2-sentyabrde elimizde «Latın jazıwına tiykarlang'an o'zbek a'lipbesin engiziw haqqında»g'ı nızam qabıl etildi.

O'tken da'wir ishinde usı nızamnın' orınlanıwın ta'miyinlew boyınsha ju'da' u'lken isler a'melge asırılg'anlıg'ın atap o'tiw lazım. En' da'slep, o'zbek tilinin' latın jazıwı tiykarındag'ı imla qag'ıydalar islep shıg'ıldı ha'm turmısqa engizildi. Bu'gingi ku'ni ma'mleketimizde ta'limnin' barlıq basqıshlarında usı a'lipbe tiykarında bilim berilmekte. Latın jazıwında basılıp atırg'an kitap ha'm sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, gazeta-jurnallar, reklama ha'm dag'azalar, ma'mleketlik hu'jjetler ha'zirgi waqıtta bul imla ma'deniy turmısımızdın' ajıralmas bo'legine aylanıp baratırg'anlıg'ın ko'rsetedi.

Sonın' menen birge, bul ma'selege logikalıq ko'z benen qaraytug'ın, en' a'hmiyetlisi, xalqımızdın' ko'p milletli ekenligin esapqa alatug'ın bolsaq, ayırım milliy toparlar kirill jazıwın qollanıwdı na'zerde tutıp, joqarıda tilge alıng'an nızamda bul imladan paydalanıw ushın da imkaniyat jaratıw ko'zde tutılg'an.

Sonın' menen qatar, ja'miyetimizde til ma'deniyatın arttırıw boyınsha ele ko'p jumıs islewimiz lazımlıg'ın da umıtpawımız za'ru'r. A'sirese, bazı bir ra'smiy so'ylesiwlerde de a'debiy til qag'ıydaların saqlay almaw, tek belgili bir aymaq shegarasında isletiletug'ın dialekt elementlerin qosıp so'ylew jag'dayları ushırasıp turıwı bul ma'selelerdin' ele de aktual ekenligin ko'rsetedi. Bul haqqında so'z etkende, babamız Aliysher Nawayının' «Tilge itibar – elge itibar» degen so'zlerinde qanshelli teren' turmıslıq haqıyqat jatqanına ja'ne bir ret isenim arttıramız.

Ba'rshemizge ma'lim, insan o'zligin an'lag'anı, ata tegin teren'irek bilgen sayın ju'reginde **Watang'a muhabbat tuyg'ısı** tamır atıp, ulg'ayıp baradı. Bul tamır qansha teren' bolsa, tuwılıp o'sken jurtqa muhabbatda sonshelli ba'lent boladı.

A’lbette, ja’ha’n - ken’, du’nyada ma’mleket ko’p, lekin bul a’lemde ta’kirarlanbas ana jurtımız, O’zbekstanımız tek birew. Bul go’zzal jurt, bul muqaddes topıraq tek bizge atalg’an. Mine usı ullı sezim ha’r birimizdin’ qa’lbimizden orın alıwı, o’mirimizdin’ mazmunına aylanıwın qa’ler edim.

Tariyx haqıyqatı sonı ko’rsetedi, tamırında milliy maqtanısh, Watan ıshqı ilhamlanıp turg’an adam g’ana ullı islerdi atqara aladı. Biz usınday ruwhıy ortalıq jaratıwımız kerek, jurtımızdın’ ha’r bir mu’yeshinde, ba’rshe sha’ha’r ha’m awıllarımız kelbetinde Watan arqalı maqtanıw sezimi ko’zimizdi jaynatıp, ju’regimizdi tolqınlandırıp tursın.

Bul haqqında so’z eter ekenbiz, usı jerde a’hmiyetli bir ma’selege ayrıqsha itibar qaratıwımız lazım. Elimizde jasap atırg’an ha’r bir insan o’zin en’ da’slep O’zbekstan puqarası dep, sonnan keyin g’ana belgili bir aymaqtın’ wa’kili, mısalı, xorezmli, samarqandlı yaki Fergana alabının’ perzenti dep seziniwi lazım. Ta’biyiy, bul halat ha’r birimiz tiyisli bolg’an «kishi watan»nın’, tuwılıp o’sken sha’ha’r yaki awıldın’ qa’dirin ha’m a’hmiyetin hasla kemeytpeydi, biraq, sonı este tutıw kerek, ha’dden tısqarı bo’rttirilip jibergen jergilikli watanpa’rwarlıq millettin’, xalıqtın’ birlesiwine kesent beredi.

Biz Watan tuyg’ısın usınday tutas halda, yag’nıy du’nyada birden-bir o’zbek milleti bar, xorezmlileri, ferganalılar, surxanda’ryalılar ortasında hesh qanday milliy o’zgeshelik joq, olardın’ ha’mmesi o’zbek xalqının’ perzenti dep seziniwimiz, jas a’wladımızdı a’ne usınday ruwxta ta’rbiyalawımız za’ru’r.

Bu’gingi ku’ni jaslarımız elimizdin’ ko’she ha’m qıyabanları, metro ha’m avtobus ba’ndirgileri, u’lken-u’lken maydanlar, imaratlardı bezep turg’an o’zbekshe isimler, su’ren ha’m ko’rinislerdi ko’rip, bulardın’ ha’mmesin a’dettegi bir halat sıpatında qabıl etedi. İtibar bersen’iz, jaqın tariyxımızda bul ko’rinis pu’tkilley basqasha taqıletke iye edi. Bir g’ana Tashkent qalasındag’ı ko’shelerdin’ atların oqıp, eriksiz tu’rde qaysı ma’mlekette ju’rgenin’izdi bilmey qalatug’ın edin’iz: Lenin, Marks, Engels, Lunacharskiy, Kirov, Voroshilov, Lopatin ha’m basqa. Bolshevikler partiyasının’ ko’semleri bolg’an bul insanlardın’ birewi de o’mirinde elimizge qa’dem baspag’an, bizin’ tariyxımız ha’m qa’diriyatlarımızg’a pu’tkilley baylanısı bolmag’an kimseler ekenligi menen hayran qaldıradı. Yaki sha’ha’rdegi ko’pshilik turaq jay kvartalları, «Ts-1», «Ts-2», «Ts-15» degen, adamda hesh qanday sezim-tuyg’ı, yadnama oyatpaytug’ın abstrakt atlar menen atap kelgenin esleyik.

Bulardın’ ba’rshesi negizinde sovet ideologiyasına ta’n bolg’an adamzattı tariyxıy yadnama, Watan tuyg’ısınan juda etiwge qaratılg’an g’a’rezgo’y ha’reketler ja’mlengenin an’law, tu’siniw qıyın emes.

Negizinde, babalarımız o’zleri jasaytug’ın ma’ha’lle, qala ha’m awıllar, bag’-qıyabanlarg’a at tan’lawg’a ju’da’ u’lken itibar Bergen. Mısal ushın Tashkenttin’ on eki da’rwazasına berilgen teren’ ma’nili sulıw atlardı alıp ko’reyik. Samarqand, Besag’ash, Ko’kshe, Chig’atay, Sag’ban, La’bzak, Taxtapul, Qarasaray, Kamolon, Qoymas, Qoqand, Qashqar da’rwaza degen atamalar en’ a’wele o’zinin’ anıq tariyxıy geografiyalıq ma’nisi menen ajıralıp turadı.

A’yyemgi ismlerde ata-babalarımızdın’ turmıs ha’m oy-pikir qa’lpi ayqın o’z ko’rinisin tapqan. Ma’selen, Tashkenttin’ Eski sha’ha’r bo’legindegi Pichaqshılıq,

Charxchilik, Kwnchilik, Degrezlik, Taqachi, Egarchi, Wqchi, Zargarlik, Parchabof sıyaqlı ma'ha'lle atamaları bul jerde o'nermentshilik qanshelli rawajlang'anlıg'ınan, xalqımızdın' a'zelden otırıqlı turmıs keshirip, joqarı ma'deniy turmıs da'rejesine iye bolg'anınan da'rek beredi.

Usı ko'z-qarastan qarag'anda, keyingi jıllarda paytaxtımızda milliy tariyxımızg'a jat bolg'an, joqarıda atap o'tilgen jasalma, siyasiy atamalar ornına Mirobad, Rakat, Mingwrik, Darxonariq, Shayxontoxur, Yakkasaroy, Zarqaynar, Uchtepa sıyaqlı negizgi atamalardın' tiklengenin, en' a'hmiyetlisi, bunday isler ma'mleketimizdin' barlıq region ha'm aymaqları ko'leminde a'melge asırılıp atırg'anın atap o'tiw lazım.

Bu'gin biz elimizde xalqımızdın' erk-ıqrarının' ko'rinisi bolg'an Konstitutsiya ha'm nızamlar tiykarında demokratiyalıq du'nyalıq ma'mleket qurıp atırg'anımız ma'lim. Bul ma'mleket en' a'wele du'nyalıq progresske, onın' en' aldın'g'ı jetiskenlik ha'm na'tiyjelerine tayanadı. Sonın' menen birge, sonı da umıtpawımız kerek, du'nyalıq ja'miyet-bul qudayg'a isenbew, ateizm degeni emes. Din ha'm diniy isenim pu'tkilley biykar etiletug'ın turmıs qanday g'ayrıinsanıy ko'riniske iye ekenligin biz keshegi tariyxımız mısalınan jaqsı bilemiz. Bunday ideologiyanın' qa'terli ta'repi sonda, ol neshe a'sirler dawamında din negizinde qa'liplesken, xalıq turmısının' ajıralmas bo'legine aylanıp ketken qa'diriyatlar – bul jazba yaki awızeki, materiallıq ha'm ruwhıy miyras bola ma, a'dep-ikramlılıq yaki da'stu'rler bola ma, milliy ko'z-qaras yaki turmıs ta'rzi bola ma – bulardın' ba'rshesin biykar etedi. Na'tiyjede adamzat o'zinin' ishki du'nyası, sezim-tuyg'ıları ha'm ko'z-qarasları, tayanıp, su'yenip turatug'ın fundamentinen mahrum bolıp, G'sovet danıshpanlarının'G' aytqanınday, u'lken ma'mleket mashinasının' G'vintineG' aylanadı. Aqır-son'ında bunday adam ata-anasın da, o'zinin' milleti, xalqı ha'm Watanın da tanımaytug'ın ayanıshlı halg'a tu'sip qaladı.

Burıng'ı kolonial du'zim tap usınday jawız maqsetlerdi go'zleytug'ın edi. Sonın' ushın kommunistlik ideyalogiya ha'wij alg'an da'wirlerde, atap aytqanda, o'tken a'sirdin' 80-jıllarında aqırlarında xalqımızdın' basına qanday azap-aqıretler jawdırılg'anın, a'lbette, hesh qashan umıtıp bolmaydı.

Sol qaralı jıllarda ko'pshilik ha'tte jınaza ma'resimlerine barıw, jaqınınan ayrılg'an adamlarg'a kewil aytıwg'a da tartınıp qalg'an edi. Ol jag'ın sorasan'ız, bazı bir juwapkerli lawazımda isleytug'ın adamlar ideologiya qısımınan qorqıp, ata-anası qaza bolg'anda jerlew ma'resimlerinde qatnaspawg'a da ma'jbu'r bolg'an edi.

Lekin ha'r qanday ayawsız quwdalawlarg'a qaramastan xalqımız ba'ribir o'zinin' muqaddes dinine sadıq qaldı. Sonın' o'zi-aq dindi insan, xalıq ha'm ja'miyet turmısınan hasla o'shirip bolmaytug'ınlıg'ınan ja'ne bir ret da'rek beredi.

Biz muqaddes dinimizdin' xalqımız tariyxındag'ı a'ne usınday ten'i-tayı joq ornın ha'm ta'sirin inabatqa ala otırıp, onı ha'r ta'repleme tiklep, turmısımızdan bekkem ha'm ılayıqlı orın alıwına eristik.

Sonın' menen qatar, bu'gingi qıyın ha'm jedelli zamanda ja'ha'nde o'z ornın tabıwg'a umtılatug'ın ha'r qanday xalıq ha'm millet ulıwma insanıylıq progress jetiskenliklerin ha'r ta'repleme teren' ha'm puxta iyelewi sha'rt ekenligin ha'mmemiz jaqsı tu'sinemiz. Ullı ag'artıwshı babamız Maxmudxoja Behbudiy

o’tken a’sirdin’ basında-aq «Du’nyada jasaw ushın du’nyalıq pa’n ha’m ilim lazımdur, zamana ilimi ha’m pa’ninen biynesip millet basqalarg’a ayaq astı boladı», degen haqıyqatshıl pikirler menen Tu’rkistan xalqının’ sana-sezimin oyatıwg’a shaqırg’anı biykarg’a emes, a’lbette. Bul so’zlerdin’ qanshama haqıyqat ekenligin bu’gingi joqarı oy-pikir ha’m texnologiyalar zamanı da da’liyllemekte.

Shınında da, eger ha’zirgi waqıtta du’nyalıq ilim pa’n ha’m texnologiyalardı teren’ o’zlestirmesek, tek tariyxımız, alıs ata-babalarımızdın’ ashqan jan’alıqları menen maqtanıp, olarg’a ha’wes etip sheklenip qalsaq, usı kemnen-kem miyrastı qa’sterlep saqlap, ja’ne de bayıtıp, og’an o’z u’lesimizdi qospasaq, zaman menen ten’dey qa’dem taslamasaq, bizin’ ja’ha’n maydanında mu’na’sip orın iyelewimiz qıyın boladı.

Sonın’ ushın da bul ma’selege qatnas jasag’anda ha’diste aytılg’an «Bul du’nyanı dep, o du’nyanı, aqıretti dep, bul du’nyanı umıtpan’» degen mazmundag’ı so’zlerdi hesh qashan esimizden shıg’armawımız za’ru’r dep oylayman.

Bizin’ ruwhıy turmısımız a’ne usı eki tiykar, eki tayanısh noqattın’ u’stinde bekkem turıwı lazım. Egerde a’ne usı tiykarlardan birewi bosasatug’ın bolsa, ja’ne o’zgelerge qul ha’m g’a’rezli bolıwımız hesh ga’p emes. Bu’gingi du’nyanın’ pa’s ba’lentin tu’sinetug’ın ha’rqanday aqılı tınıq adam bunı jaqsı an’laydı, a’lbette.

Perzentlerimizge usı shınlıqlardı, yag’nıy du’nyalıq ha’m diniy qa’diriyatlar ortasındag’ı na’zik mu’na’sibetlerdin’ mag’anasın ha’r ta’repleme tuwrı tu’sindirip beriwimiz lazım. Tariyx ha’m turmıs ta’jiriybesi sonnan da’rek beredi, du’nyalıq ha’m diniy qa’diriyatlar birin-biri toltırmasa, bu’gingi ku’nnin’ awır ha’m qıyın sorawlarına tolıq juwap tabıw an’sat bolmaydı.

Usı ma’niste biz muqaddes dinimiz isenimleri ha’m qa’diriyatların mudamı ulıg’lap, sonın’ menen birge du’nyalıq turmısqa da qatan’ isenim menen umtılıp jasag’anda g’ana o’zimizdin’ iygilikli maqsetlerimizge jete alamız.

Sonı aytıwımız tiyis, xalqımız ma’nawiyatın joqarılatıwda **milliy u’rp-a’detlerimiz** ha’m olardın’ negizinde ja’mlengen mehir-miriwbet, insandı ulıg’law, tınısh ha’m paraxat turmıs, doslıq ha’m tatıwlıqtı qa’dirlew, tu’rli mashqalalardı birlesip sheshiw sıyaqlı ibratlı qa’diriyatlar mudamı u’lken a’hmiyetke iye boladı. Bul boyınsha ruwhıy turmısımızdın’ ajıralmas bo’legine aylanıp ketken hashar-ko’mek beriw a’deti g’a’rezsizlik da’wirinde jan’asha mazmun ma’nige iye bolıp, ulıwma milliy da’stu’r tu’rin alg’anı ba’rshemizdi qanaatlandıradı.

Ha’r jılı Nawrız ha’m G’a’rezsizlik bayramları aldında o’tkeriletug’ın ulıwmaxalıqlıq hasharlar bunın’ da’liyli. Usı hasharlar payıtında ma’ha’lle ha’m gu’zarlar, jollar ha’m maydanlar, bag’lardı ta’rtipke keltiriw, na’l-terekler otırg’ızıw, kem ta’miyinlengen mu’ta’j shan’araqlar, jalg’ız ha’m bag’ıwshısız qalg’an kekselerge a’meliy ja’rdem ko’rsetiw, hesh shubhasız, ja’miyet oy-pikirinin’ jan’alanıwına ku’shli ta’sir etpekte.

Ha’r qanday xalıq milliy qa’diriyatların o’zinin’ murat-maqsetleri, sonın’ menen birge ulıwma insaniyat progressinin’ jetiskenlikleri tiykarında rawajlandırıw, ruwhıy du’nyasın joqarılatıp barıwg’a umtılar eken, bul boyınsha **tariyxıy yadnama** ma’selesi ayrıqsha a’hmiyetke iye boladı. Yag’nıy tariyxıy estelik tuyg’ısı tolıq ra’wishte tiklengen xalıq basıp o’tken jol o’zinin’ barlıq tabıs

ha’m jen’isleri, jog’altıw ha’m qurbanları, quwanısh ha’m qıyınshılıq-azapları menen qalıs ha’m haqqanıy u’yrenilgen jag’dayda da g’ana haqıyqıy tariyx boladı.

Biz bul ma’selege usınday ilimiy tiykarda qatnas jasap, a’yyemgi tariyxımızdı u’yreniw ha’m baha beriwde onın’ birden-bir da’wiri yaki frontın itibardan shette qaldırmawg’a ha’reket ettik. Sonın’ ishinde, koloniallıq ha’m sovet da’wirindegi massalıq repressiyalar payıtında zulım ha’m zorlıq qurbanı bolg’an, g’a’rezsizlik jolında janın pida etken atalarımızdın’ hu’rmeti ha’m esteligin ornına qoyıw, olardın’ el-jurt azatlıg’ı jolındag’ı isleri, qaldırg’an miyrasın izlew ha’m u’yreniwdi a’yne usınday ma’nawiy negizde jolg’a qoyg’anlıg’ımızdı atap o’tiw za’ru’r.

1937-1953-jıllarda burıng’ı SSSR aymag’ında qorqınıshlı g’alaba siyasiy qatag’anlar a’melge asırılg’anlıg’ı ma’lim. Onın’ unamsız aqıbetlerin ko’z aldımızg’a keltiriw ushın bir g’ana O’zbekstan boyınsha derlik 100 mın’ adam repressiyag’a ushırap, sonın’ 13 mın’ı atıp taslang’anın eslew jeterli. İnsanıy qa’dir-hu’rmeti jenshilgen, o’miri qıyılg’an bul adamlar arasında tek g’ayratker ha’m ziyalılar g’ana emes, al ju’zlep a’piwayı insanlar, elimizde jasap atırg’an barlıq millet ha’m xalıqlardın’ wa’killeri bar edi. Sol da’wirde qanshama adamlardın’ o’z shan’arag’ınan juda bolg’anı, hayallar jesirlikke, go’dekler jetimlikke duwshaker etilgeni, mın’lap atayı diyqanlardın’ kulak sıpatında alıs u’lkelerge su’rgin etilgenin inabatqa alsaq, xalqımızdın’ basına tu’sken bul tragediyanın’ qorqınıshı ja’ne de ayqın ko’zge taslanadı.

El-jurtımızdın’ ta’g’diyrine qatnaslı bolg’an tariyxıy a’dalattı tiklew, xalqımız ha’m milletimizdin’ jaqın o’tmishindegi jabıq betlerdi tolıq ashıp beriw, usı tariyxtan sabaq shıg’arıp, bu’gingi ha’m keleshek turmısımızg’a sanalı ko’z-qarastı qa’liplestiriw, ayıpsız qurban bolg’an insanlar esteligin ma’n’gilestiriw biz ushın ha’m qarız ha’m parız edi.

A’ne usı insanıylıq minnetimizdi iske asırıw maqsetinde 2000-jılı paytaxtımızdın’ Yunusabad rayonında repressiya jıllarında xalqımızdın’ mın’lap haqıyqıy perzentleri o’ltirilip, nam-nıshansız ko’mip taslang’an, neshshe jıllar dawamında qarawsız qalıp ketken Bozsuw kanalı jag’ısındag’ı Albaslıko’pir dep at alg’an tikjar ornında Sheyitler esteligi qıyabanı ha’m keyinirek usı atta muzey ha’m fond sho’lkemlestirildi. 2001-jıldan baslap 31-avgust elimizde Qatag’an qurbanların yad etiw ku’ni sıpatında belgilenetug’ın boldı. Ha’r jılı 31-avgust tan’ında bul jerde xalqımızdın’ a’yyemgi u’rp-a’detlerine bola as tartıp, quran tilawat etiw, ma’mleket ha’m hu’kimet basshıları, ken’ ja’miyetshilik wa’killerinin’ bul jerge kelip, marhumlardı yad etiwi, olardın’ ruwhına hu’rmet ko’rsetiwi u’lgili da’stu’rge aylandı.

Bul isler xalqımızdın’, o’nip-o’sip kiyatırg’an perzentlerimizdin’ sana-seziminde tariyxıy a’dalatqa isenim ha’m insanıylıq pazıyletlerin bekkemlew, olardın’ ruwhıy du’nyasın ken’eytiwde u’lken ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye ekenligi menen a’sirese dıqqatqa ılayıq.

Burıng’ı SSSR da’wirinde 9-may ha’r jılı Jen’is ku’ni sıpatında bayramlanıp, Orayda ha’m respublikalarda da’bdebeli a’skeriy paradlar o’tkeriletug’ınlıg’ı ma’lim. Biz usı sa’nenin’ haqıyqıy insanıy ma’nis-mazmunı ha’m de ja’miyetshiligi-mizdin’ bul boyınsha usınıs ha’m pikirlerin inabatqa ala otırıp, 9-

may ku'nin ma'mleketimizde Eslew ha'm qa'dirlew ku'ni sıpatında nıshanlawg'a qarar ettik. Bul waqıya hesh shubhasız, elimizde tariyxıy estelikti tolıq tiklew jolında turmıstın' o'zi talap etken ja'ne bir nıq qa'dem bolg'anlıg'ın aytıwımız lazım. Usı mu'na'sibet penen paytaxtımızda, wa'layat ha'm rayonlarda sovet ideologiyasın o'zinde sa'wlelendirgen eski estelikler ornına xalqımızdın' ruwhı ha'm ko'z-qaraslarına u'nles bolg'an Eslew maydanları sho'lkemlestirilip, Matam tutqan ana ha'ykeli ornatıldı.

Usı maydanlarda boy tiklegen estelik komplekslerinde ekinshi ja'ha'n urısında qaza tapqan jerleslerimizdin' isimleri arnawlı islengen ko'rinislerge altın ha'ripler menen jazıp qoyılg'anı, olar haqqındag'ı mag'lıwmatlar ja'mlengen 35 tomnan ibarat, «Estelik» kitabı basıp shıg'arılg'anı ma'mleketimiz tariyxındag'ı ibratlı ruwhıy waqıya bolg'anın aytıwımız mu'mkin.

Bunday mısallardı ko'plep keltiriw mu'mkin, lekin juwmaqlap aytqanda, a'ne usınday jan'alanıw protsessleri sebepli bu'gin adamlarımızdın' sana ha'm oy-pikiri, olardın' Watan ta'g'dirine, a'tirap-do'gerekte ju'z berip atırg'an waqıya-ha'diyselerge mu'na'sibeti tu'pkilikli o'zgermekte. O'tmish qa'liplerinen waz keshken ja'miyetimiz ag'zaları turmıstag'ı o'z ornın jan'asha ko'z aldına keltirmekte. El-jurtımızda joqarı ruwhıy pazıyletler, demokratiyalıq qa'diriyatlar bekkemlenbekte, en' a'hmiyetlisi, xalqımızdın' a'melge asırılıp atırg'an ken' ko'lemli jan'alanıwlarg'a qatnaslıq u'lesi, ma'mleketimizdin' keleshegine bolg'an isenimi artıp barmaqta.

A'lbette, ha'mmemizge ayan, ja'miyet oy-pikirin pu'tkilley jan'alaw, bir-eki jıllıq jumıs emes, uzaq ha'm u'zliksiz dawam etetug'ın protsess. Qalaberse, bul jolda tınımsız izleniw ha'm miynet etiw, elege deyin ushırap turg'an eskishe pikirlew illetlerin jen'ip o'tiw an'sat emesligin de jaqsı tu'sinemiz.

Sonın' menen qatar, biz ja'miyetti ha'm ja'miyet oy-pikirin jan'alawdın' inqilabiy usıllarına, bul protsessti jasalma tu'rde shette turıp, zorlıq jolı menen tezlestiriwge qaratılg'an ha'r qanday ha'reketlerge pu'tkilley qarsımız. Biz barlıq tarawlarda, sonın' ishinde ruwhıy salada da izbe-iz evolyutsiyalıq reformalar jolının' ta'reptarımız ha'm bug'an qatan' a'mel etemiz. Yag'nıy, a'piwayı etip aytqanda, adamlardın' ko'z-qarası, isenim ha'm oy-pikirinde demokratiyalıq printsipler ha'm demokratiyalıq ko'z-qaraslardın' ken'eyiwi ha'm bekkem orın iyelewi en' a'wele turmıstın' ta'biyiy jolı menen, olardın' materiallıq turmıs ha'm ma'deniy da'rejesi barg'an sayın rawajlanıw ha'm ba'lentleniwi menen ajıralmas baylanıslı ekenligin turmıstın' o'zi talap etedi.

Ha'r qanday ja'miyettin' demokratiyalıq ko'z-qarastan jan'alanıwı ha'm joqarılawı usı ja'miyettin', usı ma'mlekettin' progressinin' na'tiyjesi ekenligin ha'mmemiz teren' an'lap alıwımız za'ru'r.

Mine usınday nızamlılıq ha'm ko'z-qaraslardı biykarlaw, olardı ta'n almaw ha'm bug'an kerisinshe jol tutıw, hesh gu'mansız, ku'tilmegen ha'm keri unamsız na'tiyjelerge alıp keliwi anıq ekenligin ko'plep mısallarda ko'riw qıyın emes, a'lbette.

## §3. Globallasıw protsessleri ha'm ma'nawiy topılıslar. Globallasıw protsessleri ha'm ruwhıy qa'wipler

Bu'gin biz tez pa'tler menen o'zgerip baratırg'an, insaniyat ha'zirge shekem basınan keshirgen da'wirlerden tu'pkilikli parıqlanatug'ın ku'ta' jedel ha'm quramalı bir zamanda jasamaqtamız. Ma'mleketlik ha'm siyasiy g'ayratkerler, filosoflar ha'm ja'miyettanıwshı ilimpazlar, sholıwshı ha'm jurnalistler bul da'wirdi ha'r qıylı ta'riyplep, tu'rli atamalar menen atamaqta. Kimdur onı joqarı texnologiyalar zamanı dese, kimdur oy-pikir, intellekt a'siri, ja'ne birew jalpılamay ma'limlemelesiw da'wiri sıpatında ta'riyplemekte.

A'lbette, bul pikirlerdin' ha'mmesinde de belgili bir ma'niste haqıyqat, ratsional mag'ız bar. Sebebi, olardın' ha'r biri o'zinde bu'gingi ko'p qırlı ha'm ra'n'be-ra'n' turmıstın' qaysıdur belgilerin sa'wlelendiriwi ta'biyiy. Lekin, ko'pshiliktin' sanasında bul da'wir globallasıw da'wiri sıpatında ta'sir payda etpekte. Bunday ta'riyp, menin'she, ko'p ta'repten ma'selenin' mazmunın durıs bildiredi. Nege degende, ha'zirgi payıtta jer ju'zinin' qaysı shetinde qanday bir waqıya ju'z bermesin, adamzat bul haqqında du'nyanın' basqa shetinde sol zamatta xabardar bolıwı hesh kimge sır emes.

A'ne usınday globallasıw fenomeni haqqında aytqanda, bul atama bu'gingi ku'nde ilimiy-filosofiyalıq, turmıslıq tu'sinik sıpatında ju'da' ken' ma'nisti an'latıwın atap o'tiw tiyis. Ulıwma ko'z-qarastan qarag'anda, bul protsess pu'tkilley jan'asha mazmun-mag'anadag'ı xojalıq, sotsiallıq-siyasiy, ta'biyiy-biologiyalıq global ortalıqtın' qa'liplesiwin ha'm sonın' menen birge, bar bolg'an milliy ha'm regionallıq mashqalalardın' ja'ha'n ko'lemindegi mashqalalarg'a aylanıp barıwın ko'rsetpekte.

Globallasıw protsessi turmısımızg'a barg'an sayın tez ha'm teren' kirip kiyatırg'anının' tiykarg'ı faktorı ha'm sebebi jo'ninde aytqanda, sonı obektiv ta'n alıw kerek – bu'gingi ku'ni ha'r qanday ma'mlekettin' progressi ha'm rawajlanıwı tek jaqın ha'm uzaq qon'sılar g'ana emes, al, ja'ha'n ko'leminde basqa region ha'm aymaqlar menen sonday tıg'ız baylanısıp barmaqta, birde-bir ma'mlekettin' bul protsessten shette turıwı unamlı na'tiyjelerge alıp kelmeytug'ınlıg'ın tu'siniw, an'law qıyın emes.

Usı mazmunda, globallasıw – bul a'wele turmıs temtlerinin' ten'siz da'rejede tezlesiwi degendi an'latadı.

Ha'r bir sotsiallıq ha'diysenin' unamlı ha'm unamsız ta'repi bolg'anınday, globallasıw protsessi de bunnan shette qalmaydı. Ha'zirgi payıtta onın' og'ada o'tkir ha'm ken' qamtıwlı ta'sirin derlik barlıq tarawlarda ko'riw, seziw mu'mkin. A'sirese, ma'mleketler ha'm xalıqlar ortasındag'ı integratsiya ha'm birge islesiw baylanıslarının' ku'sheyiwi, sırt el investitsiyaları, kapital ha'm tovarlar, rabochiy ku'shinin' erkin ha'reketi ushın qolaylı sharayatlardın' payda bolıwı, ko'plep jan'a jumıs orınlarının' jaratılıwı, zamanago'y kommunikatsiya ha'm ma'limleme texnologiyalarının', ilim-pa'n jetiskenliklerinin' tezlik penen tarqalıwı, tu'rli qa'diriyatlardın' ulıwma adamgershilik negizinde u'ylesiwi, tsivilizatsiyalar aralıq qatnasıqtın' jan'asha sapag'a eniwi, ekologiyalıq apatlar payıtında o'z-ara ja'rdem ko'rsetiw imkaniyatlarının' artıwı – bulardın' ba'rshesine globallasıw sebepli erisilip atırg'anlıg'ı ta'biyiy.

Usının' menen birge turmıs shınlıg'ı sonı ko'rsetedi, ha'r qanday progress na'tiyjesinen eki tu'rli maqsette – iygilikli ha'm jawızlıq jolında paydalanıw mu'mkin. Eger adamzat tariyxın, onın' oy-pikir rawajlanıwın evolyutsiyalıq tu'rde ko'zden keshiretug'ın bolsaq, turmısta insandı ka'malatqa, joqarı sheklerge shaqıratug'ın iygilikli ideya ha'm ta'liymatlar menen jawız ha'm zıyanlı ideyalar ortasında a'zelden gu'res bolıp ekenligin ha'm bul gu'res bu'gin de dawam etip atırg'anın ko'remiz.

Bu'gingi ku'ni zamanago'y ma'limleme maydanındag'ı ha'reketler sonshelli tıg'ız, sonshelli operativ, endi burıng'ıday, awa, bul waqıya bizden ju'da' alısta ju'z beripti, onın' bizge baylanısı joq, dep biypa'rwa qarawg'a bolmaydı. A'ne usınday keypiyatqa berilgen xalıq yaki millet progressten ju'z jıllar arqada qalıp ketiwi ha'sh ga'p emes.

Globallasıw protsessinin' ja'ne bir o'zine ta'n ta'repi sonnan ibarat, ha'zirgi sha'rayatta ol ideyalogiyalıq ta'sir o'tkeriwdin' og'ada o'tkir quralına aylanıp, ha'r qıylı siyasiy ku'shler ha'm oraylardın' ma'plerine xızmet etip atırg'anlıg'ın salamat pikirleytug'ın ha'r qanday adam, a'lbette, baqlawı anıq.

Bul haqqında so'z etkende, men ilgeri bildirgen ayırım pikirlerdi ta'kirarlaw orınlı, dep oylayman.

Ga'pimiz orınlı bolsa, **bu'gingi zamanda ideologiya poligonları yadro poligonlarınan da ko'birek ku'shke iye** dep aytıw mu'mkin. Bul ma'selenin' adamdı mudamı sergek bolıwg'a shaqıratug'ın ta'repi sonda, eger a'skeriy, ekonomikalıq siyasiy qısım bolsa, bunı seziw, ko'riw, aldın alıw mu'mkin, biraq, ideologiyalıq qısımdı, onın' ta'siri ha'm aqıbetlerin tez bilip alıw og'ada qıyın.

Mine usınday jag'dayda adam o'zinin' erkin pikirine, zamanlar sınag'ınan o'tken turmıslıq – milliy qa'diriyatlarg'a, salamat negizde qa'liplesken ko'z-qaras ha'm bekkem erk-ıqrarg'a iye bolmasa, ha'r tu'rli ma'nawiy topılıslarg'a olardın' ga' a'shkara, ga' pinhamı ko'rinistegi ta'sirine shıdam beriwi qıyın. Bunı ku'ndelikli turmısımızda ushırasıp turatug'ın ko'plegen waqıyalar mısalında ayqın gu'zetiw mu'mkin ha'm olardın' qanday awır aqıbetlerge alıp keliwin uzaq tu'sindirip otırıwdın' za'ru'rligi joq, dep oylayman. O'tken jıllar ishinde du'nyada ha'm regionımızda ju'z bergen, biz tikkeley o'z basımızdan keshirgen waqıyalar, ideologiyalıq protsesslerdin' rawajlanıwı bul juwmaqtın' tuwrı ekenligin qayta-qayta da'liyllemekte.

Bu'gingi ku'ni jaslarımız tek oqıw orınlarında g'ana emes, al radio-televidenie, baspaso'z, İnternet sıyaqlı qurallar arqalı da ra'n'be-ra'n' ma'limleme ha'm mag'lıwmatlardı almaqta. Ja'ha'n ma'limleme maydanı barg'an sayın ken'eyip baratırg'an sonday bir sharayatta balalarımızdın' sanasın tek orap-shırmap, bunı oqıma, bunı ko'rme, dep bir ta'repleme ta'rbiya beriw, olardın' a'tirapın temir diywal menen orap alıw, hesh shubhasız, zamannın' talabına da, bizin' iygilikli maqset- niyetlerimizge de tuwrı kelmeydi. Nege degende biz elimizde ashıq ha'm erkin demokratiyalıq ja'miyet qurıw wazıypasın o'z aldımızg'a tiykarg'ı maqset etip qoyg'anbız ha'm bul joldan hesh qashan qaytpaymız.

Solay eken, biz ma'mleketimizdin' keleshegin o'z qabıg'ımızg'a oralıp qalg'an halda emes, al, ulıwma insanıy ha'm demokratiyalıq qa'diriyatlardı teren'

o’zlestirgen halda ko’z aldımızg’a keltiremiz. Biz keleshegimizdi rawajlang’an ma’mleketler ta’jiriybesinen paydalanıp, ma’mleket ha’m ja’miyet basqarıwın erkinlestiriw, insan huqıq ha’m erkinliklerin, pikirler ra’n’be-ra’n’ligin o’z turmısımızg’a ja’ne de ken’irek engiziwde ko’remiz. Biz pu’tkil ma’g’ripetli du’nya, xalıq aralıq sheriklik penen tınısh-tatıw, erkin ha’m pa’rawan turmıs keshiriw, o’z-ara ma’pdarlı birge islesiw ta’reptarımız.

Biz ushın usınday jol maqul, onın’ basqa alternativi joq.

Juwmaqlap aytqanda, jaslarımızdın’ ruwhıy du’nyasında boslıq payda bolmawı ushın olardın’ qa’lbi ha’m sanasında salamat turmıs ta’rzi, milliy ha’m ulıwma milliy qa’diriyatlarg’a hu’rmet-izzet sezimin balalıq payıtınan baslap qa’liplestiriwimiz za’ru’r.

Sonı umıtpawımız kerek, bu’gingi ku’ni insan ma’nawiyatına qarsı bag’darlang’anı, bir qarag’anda arzımas na’rse bolıp tu’yiletug’ın kishkene xabar da ma’limleme du’nyasındag’ı globallasıw jedelinen ku’sh alıp, ko’zge ko’rinbeytug’ın, biraq zıyanın hesh na’rse menen qaplap bolmaytug’ın u’lken za’lel keltiriwi mu’mkin.

Ha’mmemiz jaqsı bilemiz, ha’r qanday ma’mlekettin’ shegaraların qol qatılmaytug’ın etip saqlawda a’skeriy ku’sh-qu’diret, qurallı ku’shler suw menen hawaday za’ru’r. Biraq xalqımız, en’ a’wele, jas a’wladımız ma’nawiy du’nyasının’ qol qatılmaslıg’ın saqlaw ushın biz nelerge tayanıp, su’yenip jumıs alıp barıwımız kerek, degen sawal bu’gin ba’rshemizdi oylandırıwı ta’biyiy.

Men, turmısta ko’p ma’rtebe o’z tastıyıqlawın tapqan haqıyqattan kelip shıg’a otırıp, bul ma’selede sonday degen bolar edimF barg’an sayın ku’sheyip baratırg’an bunday qa’terlerge qarsı mudamı sergek, dıqqatlı ha’m saq bolıp jasawımız za’ru’r. Bunday topılıslarg’a qarsı ha’r ta’repleme teren’ oylang’an, puxta ilimiy tiykarda sho’lkemlestirilgen, mudamı ha’m u’zliksiz ra’wishte alıp barılatug’ın ruwhıy ta’rbiya menen juwap beriw mu’mkin.

**Ba’rshemizge ayan bolıwı kerek, qay jerde biyg’amlıq ha’m biypa’rwalıq hu’kim su’rse, en’ aktual ma’seleler o’zi boladılıqqa taslap qoyılsa, sol jerde ma’nawiyat en’ soqır ha’m a’zzi tochkag’a aylanadı ha’m kerisinshe – qay jerde sergeklik ha’m jan ku’yerlik, joqarı aqıl-oy ha’m oy-pikir hu’kimdar bolsa, sol jerde ma’nawiyat qu’diretli ku’shke aylanadı.**

A’sirese, bu’gingi ku’nde xalıqaralıq maydanda tu’rli siyasiy ku’shler o’zinin’ milliy ha’m strategiyalıq rejelerine erisiw ushın «Erkinlik ha’m demokratiyanı alg’a ilgerilew» nıqabı astında a’melge asırıp atırg’an, uzaqtı go’zlegen siyasattın’ haqıyqıy ma’nisi ha’m maqsetlerin o’z waqtında seziw, an’law u’lken a’hmiyetke iye.

Bul boyınsha ayırım qu’diretli ma’mleketler ta’repinen belgili bir ma’mleketlerge, en’ a’wele jer astı, jer u’sti baylıqlarına iye bolg’an aymaqlarg’a qarata alıp barılıp atırg’an a’ne usınday g’a’rezli siyasattı du’nyanın’ ayırım regionlarında paraxat turmıstın’ izden shıg’ıwı, ha’kimiyat basına sol ma’mleketlerdin’ ma’plerine xızmet etetug’ın ku’shlerdin’ keliwi menen baylanıslı mısallarda ko’riw qıyın emes.

A’ne usınday jag’daydı esapqa ala otırıp, ha’m ja’ne bir ret xalqımızdın’ ruwhıy du’nyasın bunday topılıslardan qorg’aw, ha’zirgi og’ada quramalı bir

zamanda xalıqaralıq maydanda ju'z berip atırg'an protsesslerdin' tu'pkilikli ma'nisine jetip barıw, olar haqqında obektiv ha'm erkin pikirge iye bolıw bu'gingi ku'nnin' en' a'hmiyetli wazıypası, desek, hesh qanday qa'te bolmaydı.

Biz elimizde jan'a turmıs tiykarların qurıp atırg'an ekenbiz, bir ma'selege ayrıqsha itibar beriwimiz lazım. Yag'nıy, kommunistlik ideologiya ha'm onın' a'dep-ikramlılıq normalarınan bas tartqannan son' ja'miyette payda bolg'an ideyalıq boslıqtan paydalanıp, shetten biz ushın pu'tkilley jat bolg'an, ruwhıy ha'm pa's a'dep-ikramlılıq illetlerin o'z ishine alg'an «massalıq ma'deniyat» japırılıp kirip keliw mu'mkinligin umıtpawımız kerek.

Ta'biyiy na'rse, «massalıq ma'deniyat» degen nıqap astında biya'dep buzıqlıq ha'm zorlıq, individualizm, egotsentrizm ideyaların tarqatıw, kerek bolsa, sonın' esabınan baylıq arttırıw, basqa xalıqlardın' neshe mın' jıllıq da'stu'r ha'm qa'diriyatları, turmıs ta'rzinin' ruwhıy tiykarların pisent etpew, olardı buzıwg'a qaratılg'an qa'terli topılıslar adamdı ta'shwishke salmay qoymaydı.

Ha'zirgi waqıtta, a'depsizlikti ma'deniyat dep biliw ha'm kerisinshe, haqıyqıy ma'nawiy qa'diriyatlardı mensinbesten, eskilik sarqıtı dep qaraw menen baylanıslı jag'daylar bu'gingi progresske, insan turmısı, shan'araqtın' muqaddesligi ha'm jaslar ta'rbiyasına u'lken qa'wip salmaqta ja'ne ko'pshilik pu'tkil ja'ha'nde mısalı, ba'le-qadaday tarqalıp baratırg'an bunday agressiyalarg'a qarsı gu'resiw qanshelli a'hmiyetli ekenligin an'lap barmaqta.

Bul haqqında pikir ju'rgizgende, bizin' ullı babalarımız o'z da'wirinde ka'mil insan haqqında pu'tin bir a'dep-ikramlılıq o'lshemler toparın, zamanago'y tilde aytqanda, shıg'ısqa ta'n a'dep-ikramlılıq kodeksin islep shıqqanlıg'ın eslew orınlı, dep bilemen. Ata-babalarımızdın' sanası menen oy-pikirinde a'sirler, mın' jıllar dawamında qa'liplesip sayqal tapqan ar-namıs, uyat ha'm a'ndiyshe, kishipeyillik, iybe ha'm iffat sıyaqlı joqarı a'dep-ikramlılıq tuyg'ı ha'm tu'sinikler bul kodekstin' tiykarg'ı mazmun mag'anasın quraydı, desek, qa'te etpegen bolamız, dep oylayman.

Usı ko'z-qarastan qarag'anda, uyat – o'limnen ku'shli, degen ga'pler xalqımız tilinde o'z-o'zinen payda bolmag'an, kerisinshe, bunday ga'pler el-jurtımızg'a tiyisli iygilikli ha'm go'zzal a'dep-ikramlılıq qa'diriyatlardın' haqıyqıy mazmunın ko'rsetedi.

Haqıyqatında da, uyat ha'm ar-namısın joytqan adam, Axmed Yassawiy babamız aytqanınday, misli haywang'a aylanıp qaladı.

Ullı oy-pikir iyesi Aliysher Nawayının':

Aldına qoyg'andı jemek – haywan isi,

Awzına kelgendi demek – nadan isi, – degen teren' ma'nili so'zleri de bul pikirdi tastıyıqlap beredi.

O'z-o'zinen anıq ra'wshan, bu'gingi zaman waqıyalarına ashıq ko'z benen, real ha'm sergek qarawdı, ja'ha'nde ha'm do'gerek a'tirapımızda bar bolg'an, barg'an sayın ku'sheyip baratırg'an ma'nawiy topılıs ha'm qa'wip-qa'terlerdi tuwrı bahalap, olardan tiyisli juwmaq ha'm sabaqlar shıg'arıp jasawdı talap etpekte. Sol ushın jerleslerimiz, a'sirese, jas a'wlad sanasında quramalı ha'm dag'darıslı turmıs haqqında, onın' miyrimsiz oyınları tuwralı bir ta'repleme ha'm jasalma ko'z-qaras bolmawı kerek.

## Pikirge qarsı pikir, ideyag'a qarsı ideya

Ha'zirgi waqıtta ko'z aldımızda du'nyanın' geopolitik, ekonomikalıq ha'm sotsiallıq, ma'limleme – kommunikatsiya panoramasında teren' o'zgerisler ju'z berip atırg'an, tu'rli ideologiyalar tartısıwı keskinlesip baratırg'an bir jag'dayda, **pikirge qarsı pikir, ideyag'a qarsı ideya, ja'ha'letke qarsı ma'g'ripet penen gu'resiw ha'r qashang'ıdan ko're aktual a'hmiyetke iye bolıp atırg'anı ha'mmemizge ayan.**

Ha'r qanday keselliktin' aldın alıw ushın, en' a'wele adam oganizminde og'an qarsı immunitet payda bolatug'ını ma'lim. Biz de perzentlerimizdi ana Watang'a muhabbat, bay tariyxımızg'a, ata-babalarımızdın' muqaddes dinine sadıqlıq ruwhında ta'rbiyalaw ushın, so'zimiz orınlı bolsa, da'slep olardın' qa'lbi ha'm sanasında ideologiyalıq immunitetti ku'sheytiwimiz za'ru'r. O'ytkeni, jaslarımız milliy o'zligin, sonın' menen birge, du'nyanı teren' sezinetug'ın, zaman menen ten' qa'dem taslaytug'ın insanlar bolıp jetissin. A'ne sonda, jawız fundamentalistlerdin' «shaqırıg'ı»n da, a'dep-ikramlılıq tu'siniklerin de biykarlaydı, biz ushın pu'tkilley jat ideyalar da olarg'a o'z ta'sirin o'tkere almaydı.

Jas a'wladımızdı tu'rli ma'nawiy agressiyalardan qorg'aw haqqında so'z etkende, tek xalqımızdı ulıg'laytug'ın joqarı pazıyletler g'ana emes, sonın' menen qatar, onın' rawajlanıwına unamsız ta'sir ko'rsetken, eski zamanlardan qalıp kiyatırg'an jaramsız a'detler haqqında da ashıq so'z etiwimiz za'ru'r. Birinshi na'wbette egoistlik ha'm biypa'rwalıq, ag'ayin-ruwshılıq ha'm jerleslik, korruptsiya ha'm ma'pparazlıq, basqalardı mensinbewshilik sıyaqlı illetlerden ja'miyetimizdi pu'tkilley azat etiw haqqında oylawımız lazım. Men, bul og'ada a'hmiyetli wazıypa ken' ja'miyetshiligimizdin', a'sirese, ziyalılarımız, alım ha'm jazıwshılarımız, ko'rkem o'ner ha'm ma'deniyat xalqı, o'zin ma'nawiyat salasına bag'ıshlag'an barlıq insanlardın' turaqlı dıqqat orayında bolıwın qa'ler edim.

Bul orında a'ne usınday unamsız qa'siyetlerdin' en' jaman ko'rinisi bolg'an g'a'rezgo'ylik haqqında toqtalıp o'tiw orınlı dep oylayman. Adamzat ha'm ja'miyet turmısında awır iz qaldıratug'ın g'a'rezgo'ylik, tuyg'ısı en' da'slep basqalardı ko're almawshılıq, olardın' tabısınan quwanıw ornına, qanday da bir ku'yiniw, ishi qaralıq aqıbetinde payda boladı.

Sonın' ushın da muqaddes kitaplarımızda g'a'rezgo'ylik insanıylıqqa pu'tkilley qayshı keletug'ın jerkenishli a'det sıpatında qattı qaralanadı. Atap aytqanda, muba'rek ha'dislerde «Birewge ishi tarlıq etiwden saqlanın', o'ytkeni, jalın otındı qanday ku'ydirip tamamlasa, ishi tarlıq ta islegen sawap islerin'izdi tap sonday etip ku'ydirip tamamlaydı», dep aytılg'anı biykarg'a emes.

A'zel-a'zelden ashıq kewil, shın ju'rekten ha'm miynetkesh, jaqsılıqtı joqarı qa'dirleytug'ın xalqımız bunday illetlerden mudamı ju'z burıp, na'pretlenip keledi. Lekin o'kinishlisi, o'mir jollarında ishi tarlıq ba'lesine ko'p dus kelemiz. Alıs ha'm jaqın tariyxımızda ne bir ullı insanlar ishi tarlıq ha'm baqıllıq, ko're almawshılıq sebepli qanday azap-aqıbetlerdi basınan keshirgeni, salamatlıg'ı, ha'tte o'mirinen juda bolg'anın ashshı mısallarda ko'riwimiz mu'mkin.

O’zbek atın, o’zbek ilim-pa’ni ha’m ma’deniyatın, bir so’z benen aytqanda xalqımızdın’ joqarı intellektualın, onın’ qanday ullı islerge ılayıq ekenligin du’nyag’a tanıtıwda jurtımız topırag’ınan jetisip shıqqan ju’zlep ullı insanlar pidayılıq u’lgilerin ko’rsetip kelgen. Bunday insanlar diyarımızda ha’zir de ko’plep tabıladı ha’m bunnan keyinde olardın’ qatarları ken’eyip bara beredi. Ha’mme ga’p a’ne usınday insanlarg’a tilekleslik penen mu’na’sibette bolıw, olardı qollap-quwatlawda. Eger biz ma’mleketimizdin’ qaysı qala yaki awılında bolmasın jılt etken talant ushqının ko’rgende, ha’mmemiz onı o’z waqtında sezip, ardaqlap, pa’rwana bolıp, og’an jol ashıp bersek, barlıq is-ha’reket ha’m umtılıslarımızdı a’ne sonday joqarı maqsetke qaratsaq, qısqasha aytqanda, g’a’rezgo’ylik etip emes, ha’wes etip jasawdı o’mirimizdin’ qag’ıydasına aylandırsaq, hesh shubhasız, biz milliy rawajlanıw babında ja’ne de ba’lent sheklerdi iyelewge erise alamız.

Bul haqqında so’z eter ekenbiz, ruwhıy turmısımızg’a shıntlap qa’wip salatug’ın ja’ne bir illet tuwralı toqtap o’tpekshimen. Jeke o’zim bul illetten jiyirkenemen. Usı illetke shalıng’an adamdı ko’rerge ko’zim joq… Bul-satqınlıqdur. Men ha’rqanday jawızlıqtı satqınlıqtan ko’remen. İygilikli is ha’m haqıyqatqa sadıq bolmag’an, olarg’a isenbegen adam qorqınıshlı boladı. Ta’biyatında satqınlıq qa’siyeti bolg’an adam basshılıq gu’rsisine otırıp alsa, ol jerde tınıshlıq jog’aldı dey berin’. Eki adamnın’, eki ma’mlekettin’ ortasındag’ı urıstı da a’yne usınday adamlar baslap beredi. Sol sebepli bunday adamlardan saq bolıwımız, olarg’a janımızda orın bolmawı lazım. Eger do’gerek a’tirapımızdag’ı bir adamda usınday belgiler sezilip atırg’an bolsa, olardı da’rhal ta’rbiyamızg’a alıp, tuwrı jolg’a baslawımız kerek.

Usı mu’na’sibet penen tariyxta ko’p ma’rte o’z tastıyıqlanıwın tapqan, menin’ de o’z ta’jiriybemde sınag’an turmıslıq bir haqıyqattı ja’ne bir ret ta’kirarlawdı za’ru’r dep esaplayman: **eger biz awızbirshilikli bolsaq, el-jurt ma’pi jolında bir ta’n, bir jan bolıp jasasaq, o’zimizden satqın shıqpasa, o’zbek xalqın hesh kim hesh qashan jen’e almaydı.**

Bul o’mirde adam bazı da o’zin joytıp qoyatug’ın og’ada qıyın mashqalalarg’a dus keledi. Keskin jag’daydan shıg’ıwdın’ ilajı joqtay bolıp seziletug’ın halatlar bar. Sonday waqıtta jumısta ha’m turmısta, ja’miyette awır sawdalarg’a dus kelgende kim o’zinin’ jolın joyıtpawı mu’mkins Menin’ oyımsha, birinshi na’wbette, o’z ku’shine isengen, ruwhıy du’nyası, ma’nawiy a’lemi ku’shli bolg’an adam g’ana bunday jag’daydan jarqın ju’z benen shıg’a aladı. Ruwhıy baylıq sonday payıtta adamg’a u’lken ku’sh ha’m ma’det beredi.

Usı ma’niste, insannın’ ma’nawiyatı joqarılawı menen onın’ erk-ıqrarı da ku’sheyip baradı, desek jan’ılıspag’an bolamız. Erk-ıqrar - bul haslında bekkem isenim demekdur. Erk-ıqrarı ku’shli adam o’zine isenedi ha’m ha’rqanday qıyın wazıypanı da o’z moynına alıwdan qorıqpaydı. Sonın’ ushın da joqarı erk-ıqrarlı insang’a su’yeniw mu’mkin. Bunday adamlar basın’ızg’a bir ta’shwish yaki mashqala tu’skendey bolsa, biypa’rwa qarap tura almaydı, hesh ekilenbesten janın’ızda turıp, qolınan kelgenshe ja’rdem beriwge, qıyınshılıqlardı siz benen birgelikte jen’iwge ha’reket etedi.

Lekin birewdin’ turmısına, a’tirapta ju’z berip atırg’an waqıya-ha’diyselerge biyta’rep ha’m biypa’rwa qarap, qurı baqlawshı bolıp jasaytug’ın adamnan qorqıw

kerek. Olardan hesh qashan jaqsılıq shıqpaydı. O'ytkeni, olarda ya iyman, ya erk-ıqrar bolmaydı. Olar ha'tte o'z xalqı ha'm Watanının' ta'g'dirine de misli jat adamday qaraydı.

A'zelden ma'lim, biypa'rwa adam dushpannan da qa'wiplirek. Sebebi, dushpannın' kimligi, haqıyqıy kelbeti siz ushın aldınnan ma'lim boladı. Biraq, biyg'am ha'm biypa'rwa adamnın' kelbetin birden bilip bolmaydı. Sonın' ushın ol ishin'izde ju'rip, sizge qarsı tis qayraytug'ın dushpanlar ushın imkaniyat jaratıp beredi.

Ko'rnekli filosoflardın' biri a'ne usı turmıslıq shınlıqtı teren' tallap, to'mendegishe haqqanıy pikirlerdi bayan etken: «Dushpanlardan qorıqpa, ko'p bolsa, olar seni o'ltiriwi mu'mkin, doslardan qorıqpa – ko'p bolsa, olar sag'an qıyanet etiwi mu'mkin. Biyparwa adamlardan qorıq – olar seni o'ltirmeydi de, satpaydı da, tek olardın' tım-tırıs ha'm biypa'rwa qarap turıwı sebepli jer ju'zinde qıyanet ha'm adam o'ltiriwshilikler ju'z bere beredi».

Ha'r bir insan o'mirinde og'ada u'lken a'hmiyetke iye bolg'an usınday pikirlerdi o'nip-o'sip kiyatırg'an jaslardın' sanasına sin'diriw, olardı turmıs sınaqlarına shıdamlı etip tayarlaw bizin' ata-ana, ustaz-oqıtıwshı, basshı-jetekshi sıpatındag'ı, usı muqaddes jurttın' puqarası sıpatındag'ı muqaddes minnetimiz bolıp tabıladı.

Bul boyınsha en' aktual wazıypamız - joqarıda atap o'tilgen barlıq protsesslerdin' ilimiy-teoriyalıq tiykarların, olardın' jan'a qırların mu'ltiksiz ashıp beriw, oqıwshılarımız, studentlerimizge, ken' ja'miyetshilikke a'piwayı, anıq etip tu'sindirip barıw ha'm olardı bu'gingi zaman talaplarına juwap beretug'ın ja'miyet qurılısının' belsendi do'retiwshilerine aylandırıwdan ibarat.

Bul ushın en' da'slep progressimizdin' ha'r bir bag'darı – ja'miyetimizdegi siyasiy, sotsiallıq-ekonomikalıq, ma'nawiy mu'na'sibetlerdin' rawajlanıwı haqqında arnawlı a'debiyatlar do'retiw sistemasın ja'ne de jetilistiriw za'ru'r.

A'lbette, bul ma'sele boyınsha ja'miyetlik ilimler salasında belgili bir jumıslar islenbekte. Biraq, obektiv aytatug'ın bolsaq, bul boyınsha baspadan shıqqan ko'pshilik sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, ilimiy-massalıq a'debiyatlardın' da, ko'pshilik taraw qa'nigelerinin' de da'rejesi talaptag'ıday emes ekenligin atap o'tiwge ma'jbu'rmiz. Bunday unamsız halatlarg'a shek qoyıw waqtı keldi.

Hesh shubhasız, elimizde erkin, a'dalatlı ha'm abadan turmıs qurıw barısında ja'miyetlik-siyasiy mu'na'sibetler, adamlardın' sanası ha'm oy-pikiri de o'zine ta'n, sonın' menen birge, pu'tkilley jan'asha ma'niske iye bolmaqta. Sonın' ishinde, shaxs ha'm ma'mleket, insan ha'm ja'miyet ortasındag'ı mu'na'sibetler jan'asha mazmun ha'm forma tawıp, jan'a o'zgeshelikler, jan'a printsipler tiykarında jetilisip baratırg'anın seziw, an'law qıyın emes.

Solay eken, bulardın' barlıg'ı jan'asha qa'diriyatlar ha'm demokratiyalıq printsipler mazmunına, o'z turmıs ha'm oy-pikir ta'rzimizge say, biz qurıwg'a umtılıp atırg'an erkin puqaralıq ja'miyetinin' talaplarına juwap beretug'ın mu'na'sibetler sıpatında ja'miyetlik pa'nlerdin' tiykarg'ı izertlew temalarına aylanıwı da'rkar.

Bul boyınsha en' a'hmiyetli wazıypa sonnan ibarat, ha'r qanday puqara, ha'r qanday insan ja'miyet rawajlanıwı ha'm onı jan'alawg'a, ruwhıy turmısımızdı

tu'rli topılıs ha'm agressiyalardan qorg'aw ma'selesine bolg'an o'z minneti ha'm juwapkershiligin tap usı tiykarda anıqlap alıwı za'ru'r.

Bul ma'sele haqqında teren'irek oylap ko'retug'ın bolsaq, usı printsiplerge tayang'an ja'miyettin' o'zine ta'n sotsiallıq ko'rinisi, onın' kelbeti, rawajlanıw jolları, artıqmash o'zgeshelikleri haqqında anıq ko'z-qaras, tu'rli pikir, pikir alısıwlar arqalı g'ana ayan bolatug'ınlıg'ın atap o'tiwimiz ha'm bunı o'zimizge o'lshem etip alıwımız za'ru'r.

Bunday ken' ko'lemli ha'm og'ada a'hmiyetli ma'selelerdi sheshiwde ma'mleketimiz ha'm ja'miyetimiz, ja'miyetlik pa'nler salasında islep atırg'an ilimiy-izertlew institutları, joqarı oqıw orınları, tu'rli ja'miyetlik oraylar, en' a'wele, ma'nawiyattı u'git-na'siyatlaw orayı, milliy ideya ha'm ideologiya ilimiy a'meliy orayı ta'repinen ha'r ta'repleme tiykarlang'an teren' usınıs ha'm rekomendatsiyalardı ku'tiwge tolıq haqılı.

A'sirese, bu'gingi shiyelenisken ideologiyalıq protsesslerdi ilimiy-a'meliy jaqtan ha'r ta'repleme tallaw ha'm bahalaw, olardın' birlemshi bag'darların, kimge ha'm nege qarsı qaratılg'anın anıqlaw, xalıqtın' tu'rli qatlamlarına ta'sirin u'yreniw, milliy ma'plerimizge, turmıs qa'lpimizge jat bolg'an zıyanlı ideyalar ha'm ideologiyalıq topılıslardın' mazmunın ashıp beriw, puqaralarımızdın' qa'lbinde milliy oy-pikir ha'm salamat ko'z-qaras tiykarların bekkemlew ayrıqsha a'hmiyetke iye.

Tek a'ne usınday tiykarda jaslardı o'z pikirine iye, tu'rli ma'nawiy topılıslarg'a qarsı bekkem tura alıwg'a ılayıqlı bolg'an, erk-ıqrarlı, pidayı ha'm Watandı su'yiwshi insanlar etip ta'rbiyalawg'a erisiw mu'mkin. Bul boyınsha ma'nawiy – ma'g'ripiy u'git-na'siyat islerinin' ta'sirshen'ligin ta'miyinleytug'ın zamanago'y ma'limleme ha'm kompyuter texnologiyaların ken' engiziw, ja'miyetimizdin' ideologiyalıq immunitetin ku'sheytiwge qaratılg'an na'tiyjeli usıl – metodlardı islep shıg'ıw, ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik sho'lkemler ushın tiyisli usınıs ha'm qollanbalardı tayarlaw bu'gingi ku'ni a'hmiyetli wazıypamızg'a aylanıp baratırg'anlıg'ın teren' tu'sinip alıwımız za'ru'r.

## Juwmaqlaw.

Bu'gingi ku'ni ma'nawiyat du'nyasına qarata bar bolg'an qa'wip-qa'terlerden a'lbette ko'z jumıp bolmaydı, lekin, bizin' **isenimimiz ka'mil, xalqımız tariyxtın' shiyelenisken protsesslerinde erk-ıqrarı shınıg'ıp, ha'r qanday hu'jim ha'm qısımlarg'a qaramastan, ruwhıy du'nyası ku'sheyip ha'm ba'lentlep baratırg'anın bizdi ko're almaytug'ın ku'shler de bul haqıyqattı ta'n alıp atırg'anlıg'ın minnetdarshılıq penen atap o'temiz.**

**O'ytkeni, xalıq – misli ullı ha'm dan'qlı joldan ilgerilep baratırg'an u'lken ka'rwan. Onı joldan burıwg'a urınıwshılar, payıt an'lıp arqasınan hu'jim etiwshiler ha'miyshe bolg'an, bunnan keyin de bolıwı mu'mkin. Ka'rwan biyqa'ter bolmas degen ga'p biykarg'a aytılmag'an, biraq xalıq ka'rwanın hesh qanday ku'sh artqa qaytara almaydı. Nege degende, xalıqtın' ju'reginde ne-ne a'wladlardan miyras bolg'an jen'ilmes ku'sh – ma'nawiyat bar.**

Ba'rshemizge maqtanısh ha'm ma'rtebe bag'ıshlaytug'ın ta'repi sonda, bizin' iygilikli umtılıslarımız negizinde de a'ne usınday pa'k niyet, ullı isenim ja'mlengen. Anıq maqset jolındag'ı do'retiwshilik islerimiz a'meliy na'tiyjeler berip baslag'an, go'zlegen rejelerimiz basqıshpa-basqısh ju'zege shıg'ıp, du'nya sherikliginen o'zimizge ılayıq orın iyelep baratırg'an ha'zirgi ku'nde xalqımız, milletimiz qa'lbindegi a'ne usı isenim ja'ne de bekkemlenbekte.

Bizin' g'a'rezsiz O'zbekstanımızdın' ha'r bir puqarası, g'a'rezsizligin bekkemlew, rawajlandırıw ushın o'z u'lesin qosıp barıwı, onın' ushın haqıyqıy pidayılıq ko'rsetiwi lazım. Joqarı ma'nawiyatlı insan g'ana bunday islerdi alıp bara aladı, a'sirese elimiz keleshegi bolg'an jaslar bul ma'selenin' qanshalıqlı a'hmiyetli ekenligin durıs tu'sinip, ha'r qanday ma'nawiy qa'wiplerge qarsı gu'res alıp barıwları za'ru'r.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi.

1. Karimov İ.A. “Joqarı ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh”. T., 2008.
2. Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. – T.:Wzbekiston, 2000, 26-b.
3. Karimov İ.A. İmperiya davrida bizni ikkinchi darajali odamlar, deb hisoblar edi. Xalq swzi, 2005 yil 19-yanvar. «Nezavisimaya gazeta»ning (Moskva) 2005-yil 14-yanvar sonidan tarjima qilip olingan.
4. Karimov İ.A. Xafsizlik va barqaror taraqqiet ywlida. 6-jild. – T.Wzbekiston, 1998.
5. Karimov İ.A. Milliy istiqlol g’oyasi - xalq etiqodi va buyuk kelajagiga ishonchidir - T.Wzbekiston. 2000.
6. Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq - millatni millat qilishga xizmat qilsin.T.Wzbekiston. 1998.
7. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon haёt – pirovard maqsadimiz. 8 jild. – T: Wzbekiston, 2000.
8. Karimov İ.A. Buyuk maqsad yulidan og’ishmaylik.- T: Wzbekiston, 1993.
9. Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq - millatni millat qilishga xizmat qilsin.T.Wzbekiston. 1998..
10. Karimov İ.A. Wzbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siesat, mafkura. 1 jild- T: Wzbekiston 1996.
11. Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni – xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin. - T; Wzbekiston, 1998.
12. Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va islox etishdir. – T.Wzbekiston, 2005.
13. Karimov İ.A. Wzbek xalqi hech qachon, hech kimga qaram bulmaydi.- T.Wzbekiston, 2005.
14. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon xaet – pirovard maqsad imiz. 8 jild.- T: Wzbekiston, 2000.
15. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar.- T: Wzbekiston, 2001.
16. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. T. Yangi asr avlodi. 2001.
17. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni-xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin.- T: Wzbekiston, 1998.
18. Falsafa: komusiy lugat.(tuzuvchi K.Nazarov)
19. «Xalq swzi», 2004 yil, 30 aprel
20. Abu Nasr Forobiy. Fozil odamlar shahri – Toshkent. G’.G’ulom nomidagi Adabiet va sanat nashrieti 1993.
21. Avesto. Tarixiy-adabiy edgorlik. A.Maxkam tarjimasi. – T., Sharq, 2001.
22. Jwraev U. Dune dinlari tarixi. – T.Sharq, 1998.
23. İmom Buxoriy. Al-Adab, Al-mufrad. – T.Wzbekiston, 1990.